




M ap li nèt ale

Liv mèt la – #2



Twazyèm
ane



USAID | AYITI
ÉD PEP AMERIKEN



Ministère de l'Education Nationale
et de la Formation Professionnelle

Remèsiman espesyal

Metòd « M ap li nèt ale » se rezulta èd pèp ameriken an bay Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP) pa mwayen pwojè ToTAL (Tout Timoun Ap Li). Se RTI Entènasyonal k ap egzekite l pou USAID/ Ayiti.

Metòd « M ap li nèt ale, 3èm ane » a te jwenn konkou anpil moun pou l ka rive reyalize. Yo te pote kontribisyon yo nan konsepsyon ak elaborasyon materyèl la, nan fason yo te soutni travay la ak nan konsèy yo te bay. Se poutèt sa n ap remèsyé espesyalman :

Moun ki te patisipe nan elaborasyon, konsepsyon ak koreksyon materyèl la :

- Marie-Jeanne Léo LOUIS-CHARLES, Spécialiste du développement des matériels de créole, USAID/ RTI/ ToTAL
- Reginald Calixte BRICE, Educateur, Consultant, USAID/ RTI/ ToTAL
- Jovany VINCENT, Educateur, Consultant, USAID/ RTI/ ToTAL
- Standley KETAN, Educateur/ Consultant, USAID/ RTI/ ToTAL
- Ralph Ferentzi YOYOU, Educateur/ Consultant, USAID/ RTI/ ToTAL
- Darline ALEXIS, Consultante, USAID/ RTI/ ToTAL, (Correction et relecture)
- Josette GABOTON, Consultante, DEF/ EPT-BM (Correction)
- Fritz Berg JEANNOT, Consultant, USAID/ RTI/ ToTAL (Relecture)
- Nathalie LEMAINE, Consultante, USAID/ RTI/ ToTAL (Élaboratrice d'histoires)
- Marie Rodny Laurent ESTÉUS, Consultante, USAID/ RTI/ ToTAL (Élaboratrice d'histoires)
- Marlène ETIENNE, Consultante, USAID/ RTI/ ToTAL (Élaboratrice d'histoires)
- Mitchell Pierre, Illustrateur, Consultant, USAID/ RTI/ ToTAL

Moun ki te soutni ak bay konsèy

- Loretta GARDEN, USAID
- Fabiola LOPEZ-MINATCHY, USAID
- Josiane H. BARNES, USAID
- Nathalie RICOT, USAID
- Kadidia DIENTA, COP, USAID/ RTI/ ToTAL
- Andrew JOHNSTON, DCOP, USAID/ RTI/ ToTAL
- Mary DENAUW, Consultante, USAID/ RTI/ ToTAL
- Laurette CUPIDON, Coordonnatrice du Curriculum, USAID/ RTI/ ToTAL
- Emmanuel FILIPPI, Coordonnateur du bureau du Nord, USAID/ RTI/ ToTAL
- Lionel HOGU, Consultant, DEF/ MENFP
- Jean Winor PIERRE, Directeur, DEF/ MENFP
- Claudin SAINT- JOUR, Chef de service du Curriculum et formation, DEF, MENFP
- Chantal ROQUES, Coordonnatrice PDCL
- Raymond JEAN-LOUIS, Responsable de formation PDCL
- Dieudonne JOSEPH
- Jean Daniel CLEDOR
- Alius JOSEPH

Sa ki nan liv la

Premye koze	3	Leson 75	124
Zouti pou aplikasyon metod la	8	Leson 76	128
Resanblans ak Diferans ant Kreyol ak Franse.....	15	Leson 77	132
Leson 51	23	Leson 78	136
Leson 52	27	Leson 79	141
Leson 53	31	Leson 80	145
Leson 54	35	Leson 81	149
Leson 55	39	Leson 82	153
Leson 56	42	Leson 83	157
Leson 57	47	Leson 84	162
Leson 58	51	Leson 85	167
Leson 59	56	Leson 86	171
Leson 60	60	Leson 87	176
Leson 61	64	Leson 88	180
Leson 62	68	Leson 89	185
Leson 63	72	Leson 90	189
Leson 64	76	Peryòd Revizyon Leson 91	193
Leson 65	80	Peryòd Revizyon Leson 92	197
Leson 66	83	Peryòd Revizyon Leson 93	201
Leson 67	88	Peryòd Revizyon Leson 94	205
Leson 68	92	Peryòd Revizyon Leson 95	209
Leson 69	97	Modèl evalyasyon Leson 96	212
Leson 70	101	Modèl evalyasyon Leson 97	214
Leson 71	105	Modèl evalyasyon Leson 98	216
Leson 72	110	Modèl evalyasyon Leson 99	218
Leson 73	115	Modèl evalyasyon Leson 100	220
Leson 74	120		

Premye koze

Pwogram ToTAL (Tout timoun ap li) jwenn finansman nan men USAID pou kore Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP) nan efò l ap fè pou amelyore konpetans lekti elèv ki nan premye sik lekòl fondamantal.

Metòd « **M ap li nèt ale** » a se yon metòd ansèyman lekti ki itilize lang kreyòl pou devlope konpetans lekti elèv yo. Li pèmèt timoun yo aprann li ak ekri byen. Li chita sou senk poto mitan: konsans fonemik, prensip alfabet, fliyidite, vokabilè ak konpreyansyon. Poto mitan sa yo ap ede timoun yo konprann, reflechi epi eksprime lide yo sou sa yo li.

Metòd la respekte objektif Ministè a (MENFP) defini nan kourikoulòm premye sik lekòl fondamantal la pou ansèyman kreyòl.

I. Anseyman lekti nan metòd « **M ap li nèt ale** »

Pou twazyèm ane a, metòd la pousuiv ak konpozant lekti yo. Li vin ranfose demach ki te devlope nan premye ak dezyèm ane a. Nan ane sa a metòd la sitou apiye sou twa nan senk poto mitan yo : ***li ak fasilité, vokabilè ak konpreyansyon***. Se pou sa nou mete plis aksan sou lekti divès kalite tèks. Nou itilize tou yon demach kote lekti endividyle okipe yon plas enpòtan nan lesion yo menm si lekti modèl mèt la ak lekti gide a toujou preznan.

Kòm se yon apwòch pa konpetans, nou ajoute lòt tèm nan komunikasyon yo tankou komunikasyon oral, vokabilè ak gramè ki vin fasilité konprayansyon tèks yo. Toujou nan lide pou ankouraje elèv yo pran gou nan aktivite lekti, nou mete nan chak lesion, yon aktivite k ap sèvi pou atikilasyon ak entonasyon.

II. Demach pedagojik

Metòd « ***M ap li nèt ale*** » a chita sou prensip pedagoji aktiv. Sa vle di li suiv yon apwòch patisipativ kote pwosesis ansèyman-aprantisaj la santré sou elèv yo. Yon apwòch konsa fasilité entèrakson pwofesè-elèv, elèv-elèv. Konsa elèv yo vin premye aktè nan pwosesis aprantisaj la. Sa pèmèt yo aprann pi byen epi devlope kapasite pou yo sèvi ak konesans yo.

Pou apwòch patisipativ sa a fonksyone byen nou itilize plizyè estrateji, tankou :

1. Modelizasyon

Li pèmèt anseyan an bay egzamp, akonpaye elèv yo anvan li ba yo chans fè egzèsis pou kont yo. Li genyen yon entwodiksyon, yon modèl (tou pa m), yon egzèsis sou kontwòl anseyan an (ann fè l ansanm) ak yon egzèsis san kontwòl anseyan an (tou pa nou). Pou twazyèm ane a, sa fèt sitou pou nosyon ki nouvo yo. Nan aktivite « Li tèks la », souvan anseyan an fè lekti modèl pou bay elèv yo egzamp.

2. Kòmantè sou fòmasyon/ Fidbak

Nan metòd ***M ap li nèt ale*** a li enpòtan anpil pou anseyan yo toujou pran tan pou yo fè kòmantè pou elèv yo sou sa yo aprann. Kòmantè anseyan an bay pandan fòmasyon an gen rapò egzakteman ak sa yon elèv ap fè oubyen sa li pa fin fè. Konsa li pèmèt elèv la pran konfyans nan tèt li epi korije sa li pa t byen fè.

3. Travay de pa de

Youn nan estrateji ki enpòtan nan metòd la se travay de pa de. Sa pèmèt timoun yo aprann dyaloge ak kamarad yo sou yon kesyon mèt la poze. Sa fè plis elèv patisipe nan aktivite yo.

I. Jan metòd la aplike

Nan aplikasyon metòd sa a n ap itilize twa dokiman : gid mèt, liv elèv ak kaye ekriti. Twa dokiman sa yo mache ansanm.

1. Gid mèt la

Nan **gid mèt** la nou jwenn 150 leson antou ki repati an 3 tòm. Nan chak tòm yo nou ekspligate plizyè kalite tèks ak elèv yo. Nou itilize tèks naratif, enfòmatif ak pwezi. Nan pi fò leson yo, nou itilize yon tèks pou de jou. Nan premye jou a, nou poze kesyon ki pèmèt elèv yo jwenn enfòmasyon ki parèt klè nan tèks la (kesyon eksplisit). Elèv yo li menm tèks la nan dezyèm jou a epi yo reponn yon seri kesyon ki pèmèt yo reflechi pou jwenn enfòmasyon ki pa eksprime dirèkteman nan tèks la (kesyon enferansyèl). Chak senkyèm jou, nou fè elèv yo li yon pwezi yo te deja prepare lakay yo. Anplis eksplwatasyon tèks yo, anndan Gid mèt la nou prezante lòt aktivite sou komunikasyon oral, vokabilè, fliyidite ak kèk nosyon gramè.

Men ki sa n ap jwenn anndan chak tòm :

- 40 leson òdinè
- 5 leson revizyon.
- 5 modèl evalyasyon.

a. **Leson òdinè** yo genyen menm estrikti a toupatou nan gid mèt la :

- Yon bann desine oswa yon devinèt pou komunikasyon oral;
- Aktivite sou mo (silab, prefiks, sifiks...)
- Vokabilè
- Konpreyansyon : prediksyon, kontèks tèks la
- Lekti tèks la
- Gramè
- Ekriti
- Fliyidite

b. **Leson revizyon** yo reprann tout nosyon ki te etidyé nan peryòd la. Yon modèl sou chak kalite tèks parèt nan chak leson revizyon. Yo genyen yon estrikti ki diferan ak leson òdinè yo. Men se menm aktivite tankou devinèt, vokabilè, konpreyansyon tèks, lekti, ekriti ak gramè.

ch. **Modèl Evalyasyon** yo prezante konsa :

- yon tèks ak kesyon konpreyansyon sou li ;
- egzèsis sou vokabilè ;
- egzèsis sou gramè ;
- egzèsis pwodiksyon ekri.

Tout kesyon ak egzèsis ki nan **modèl evalyasyon** yo dwe gide anseyan an lè l ap prepare egzamen pou elèv yo. Anseyan an pa oblige sèvi ak tout. Li ka fòmile lòt egzèsis selon eksperyans li fè nan klas la ak elèv yo. Tèks evalyasyon yo nan liv elèv la tou. Anseyan an pa bezwen èkspligate yo avèk elèv yo. Men yo ka toujou li tèks yo poukout yo.

2. Liv elèv

Nan **liv elèv** la nou jwenn 150 leson antou. Leson yo koresponn ak nosyon sou diferan domèn ki devlope nan gid mèt la. Men ki jan leson yo òganize nan liv la :

- Tèm leson an
- Bann desine (BD) / devinèt

- M ap li (mo ki mache ak chan leksikal tèks la)
- M ap aprann sans mo ki nan tèks la (vokabilè)
- M ap li ak bon ton (kontin / fraz)
- Mwen dwe konnen (nosyon gramè)
- Istwa a ak kesyon yo
- Mo vokabilè
- Desen ki mache ak istwa a
- Pwezi ak kesyon yo
- Desen ki mache ak pwezi a
- Pale sou imaj (leson revizyon)
- Evalyasyon

3. Kaye egzèsis

Kaye ekriti a genyen divès kalite egzèsis ki koresponn ak nosyon sou diferan domèn ki devlope nan gid mèt la. Egzèsis sa yo bay elèv yo posiblite aplike nosyon yo aprann nan leson yo. Pi fò egzèsis yo fèt sou vokabilè, ekriti, gramè ak pwodiksyon. Gen egzèsis tou ki ede nan konpreyansyon tèks yo.

III. Evalyasyon

Nan metòd **M ap li nèt ale** a nou itilize evalyasyon fòmativ. Li fèt 3 fason.

- a. Nan chak leson, anseyan an bay fidbak pou apresye epi korije travay elèv yo pandan tout pwosesis ansèyman an.
- b. Nan kòmansman chak leson gen yon aktivite rapèl ki pèmèt mèt la asire li elèv yo te byen asimile nosyon yo te wè nan dènye leson an. Nan finisman chak leson, gen yon rapèl sou prensipal aktivite ki fèt nan leson an. Aktivite sa a pèmèt elèv yo montre nan ki nivo yo metrize aktivite sa yo.
- ch. Gen 5 leson revizyon nan chak tòm kote elèv yo gen posiblite retounen sou kèk nosyon yo te aprann pandan peryòd la. Sa bay anseyan an okazyon verifye nivo konpreyansyon elèv yo pou peryòd la.
- d. Nan finisman chak tòm, nou pwopoze anseyan an yon seri tèks ak egzèsis li ka itilize pou prepare egzamen pou elèv yo.

IV. Tablo pwogresyon Tòm 2

TABLO PWOGRESYON TÒM 2						
Semèn	Tèm	Leson	Tip ak jan tèks	Tit Tèks yo	Mo vokabilè	Nosyon
11	Konnen lòt yo	51 – 52	Naratif : biyografi	Yon modèl sitwayen	Diplome, responsabilite, òganizasyon, Monreyal, alfabetizasyon, vanyan	– Biyografi – Otobiyografi – Fraz minimal
		53 – 54	Naratif : biyografi	Toussaint Louverture	Lesklavaj, ewo, bitasyon, lame, gouvènman, kolon	– Fraz non minimal
		55	Pwezi	Lumane CASIMIR	Toubiyon, bisantnè	– Revizyon
12	Sa mwen ka fè	56 – 57	Enjonktif : resèt	Tchaka	Netwaye, tranpe, epis, blennde, melanje, konsonmen	– Atik yo – Plas ak wòl atik yo
		58 – 59	Enjonktif	Kòkòt an papye	Papye, kare, deplie, kòkòt, ang, pliye	– Tèks enjonktif
		60	Pwezi	Akasan	Kran, towo	– Revizyon
13	Enpòtans plant yo	61 – 62	Naratif : fiksyon	Vèvenn ak pye zaboka	Dijesyon, vitamin, vèvenn, salad, rimatis, fonksyone	– Pyès teyat : pèsonaj
		63 – 64	Enfòmatif	Lèt Chèlin pou kouzin li Nina	Tanperati, savoure, gazonnen, griyo, direksyon, konplèks	– Lèt ofisyèl – Lèt pèsonèl – Detèminan
		65	Pwezi	Ti pyebwa	Banda, loksijèn	– Revizyon
14	Kanal ann Ayiti	66 – 67	Enfòmatif : sa ki pase tout bon nan lavi	Kanal rive	Esponnsò, reklam, graj, vaksin, estann, desepsyon	– Detèminan posesif
		68 – 69	Enfòmatif : sa ki pase tout bon nan lavi		Polemik, pakou, djaz, ochan, jounalis, repòtaj	
		70	Pwezi	Men rara	rara, kata	
15	Relyèf ak vejetasyon	71 – 72	Naratif fictif	De vwazen	Kolin, lodyans, dega, ralanti, montay, detwi	– Detèminan demonstratif
		73 – 74	Enfòmatif : lèt	Nina ekri Chèlin	Pwomnad, rivyè, santye, domine, pant, peyizaj	– Detèminan posesif
		75	Pwezi	Plante pyebwa	Konsè, anvayi	– Revizyon
16	Respè senbòl nasyon an	76 – 77	Enfòmatif : nòt (avis)	Nòt pou elèv entitisyon Remon Andre	Fyète, nasyon, ran, pèp, diyite, senbòl	– Adjektif kalifikatif
		78 – 79	Enfòmatif : lèt	Lèt pou responsab disiplin nan	Nòt, istwa, biwo, batay, planifye, diskite	– Konpleman non
		80	Pwezi	Sou chemen pèdi tan	Chemen, prizon	– Revizyon
17	Respè pou lòt yo	81 – 82	Naratif : fiksyon	Kodenn ak kana	Awogan, meprize, move, sekou, byennelve, kanton	– Gwoup nominal
		83 – 84	Naratif : fiksyon	Bourik ak chen	Envite, boulvèse, bwote, lyann, ensiste, konsèy	
		85	Pwezi	Bourik la	Redonn, demisyon,	

TABLO PWOGRESYON TÒM 2						
18	Aprann pran inisyativ	86 – 87	Naratif : sa ki pase tout bon nan lavi	Yon bèl chanpyona foutbòl	Kalandriye, jijdeliy,siflè, asire, enskri, reyinyon	– Gwoup vèbal
		88 – 89	Naratif : fiksyon	Zanmi poul	Poulaye, pwojè, ebenis, atelye, kale, inisyativ	– Gwoup vèbal (suit)
		90	Pwezi	Yon bèl ti flè	Kontantman, douvanjou	– Revizyon
19	Enpòtans distraksyon	91	Naratif : sa ki pase tout bon nan lavi	Yon jounen lanmè (1)	Distraksyon, lokasyon, kontrakte, kontra	
		92	Naratif/ deskriptif : sa ki pase tout bon nan lavi	Yon jounen lanmè (2)	Mobilize, kowòdonatè, Pasaje, kominike,	
		93	Naratif : sa ki pase tout bon nan lavi	Yon jounen lanmè (3)	Laplanch, animasyon, manm, douch	
		94	Naratif : sa ki pase tout bon nan lavi	Yon jounen lanmè (4)	Restoran, enstale, didje, òganizatè	
		95	Pwezi	Lanmè	Vag, farinay	
20		96, 97, 98, 99, 100 : EVALYASYON				

Zouti pou aplikasyon metòd la (ZAM)

Zouti pou aplikasyon metòd la (ZAM)


Materyèl an kreyòl ki devlope nan kad pwojè **ToTAL** la, se dokiman pou yon novo metòd lekti : « **M ap li nèt ale** ». Dokiman sa yo vize ofri anseyan ak elèv toupatou nan peyi d Ayiti pi bon demach ak estrateji pou aprantisaj lekti. Jan nou di sa deja, metòd « **M ap li nèt ale** » a devlope nan twa dokiman ki konekte youn ak lòt pou fasilité pwosesis ansèyman-aprantisaj la nan klas yo. **Gid mèt** la pèmèt anseyan an mennen lesон an san difikilite ; **Liv elèv** la gen tout sa elèv yo bezwen pou yo li, reflechi epi travay imajinasyon yo ; **Kaye egzèsis** la pèmèt elèv yo antrene nan tout konpetans ki devlope nan chak lesон.

Zouti nou pwopoze pou aplikasyon metòd la, se yon seri esplikasyon sou divès eleman nan metòd « **M ap li nèt ale** » a. Tout esplikasyon sa yo dwe sèvi mèt la lè li kwaze ak yon aktivite nan yon lesон ki mande eklèsisman. Se pou sa mèt la dwe itilize yo nan moman l ap prepare lesон yo. Konsa l ap pi alèz nan prezantasyon li yo. Esplikasyon sa yo konsène toulètwa dokiman yo : **Gid mèt** la, **Liv elèv** la ak **Kaye egzèsis** la.

I. **Gid mèt la** (presantasyon)

Gid mèt la se yon dokiman eskripte. Sa vle di yon dokiman ki vize bay mèt la tout sa ki nesesè pou chak lesон byen prezante. Li devlope daprè yon plan byen defini ki ekspoze pwogresyon lesон yo semèn aprè semèn, jou aprè jou.

Plan ki prezante pwogresyon lesон yo



1.Jan nou dwe itilize gid la

Pou nou byen itilize Gid mèt la, nou dwe suiv konsiy sa yo :

- Byen prepare lesон yo davans. Sa vle di byen li chak lesон anvan jou n ap prezante li a rive. Se pi bon mwayen ki genyen pou lesон an pase san pwoblèm yon fason pou pèmèt elèv yo patisipe. Yon bon preparasyon se kle ki pou pèmèt ansèyman an fèt yon fason ki enteresan.
- Prezante tout aktivite lesон an youn aprè lòt nan lòd yo parèt nan gid mèt la. Nou pa dwe chanje aktivite yo plas, ni nonplis neglige okenn aktivite nan lesон an.

- Nou dwe li konsiy yo jan yo ye nan gid la. Sonje gen de kalite konsiy : konsiy nou dwe li lè n ap prezante lesон an pou elèv yo ak konsiy ki konsène mèt la sèlman. Tout konsiy ki konsène mèt la sèlman, parèt an gra italik epi yo nan mitan de kwochè. Konsiy sa yo sèvi pou esplike mèt la sa li dwe fè nan chak aktivite. Nou pa bezwen li yo lè n ap prezante lesон an nan klas la. Sonje tou lè nou byen prepare lesон an, prezantasyon an fèt ak anpil facilite. Elèv yo pa menm rann yo kont si se li n ap li konsiy yo.
- Bay tout elèv yo menm chans. Jan nou ka remake sa nan konsiy ki konsène mèt la, chak fwa n ap kesyone elèv yo, nou dwe toujou chwazi menm kantite ti fi ak ti gason. Anplis, pandan dewoulman lesон yo, nou dwe chwazi elèv yo toupatou nan klas la. Se pou nou chwazi yo devan, nan mitan, dèyè. Nou pa dwe toujou pran menm elèv yo tout tan. Objektif la se pou pèmèt chak elèv nan klas la patisipe.
- Toujou bay fidbak. Pou yon elèv santi li alèz pou li patisipe nan aktivite lesон yo, li bezwen asire li mèt la ap apresye efò l. Pou rezon sa a, nou dwe toujou bay fidbak chak fwa yon elèv, yon gwoup elèv oswa tout klas la patisipe nan yon aktivite. Aspè sa a enpòtan anpil pou reyisit lesон yo paske se li menm k ap ede nou jwenn konfyans elèv yo. Nan tout lesон yo, n ap jwenn konsiy nan mitan kwochè yo ki mande nou bay fidbak chak fwa elèv yo patisipe.
- Respekte dire chak aktivite. Pou chak aktivite nan lesон yo, gen yon kantite minit ki prevwa epi ki ekri sou kote aktivite a. Li bon pou nou fè aktivite yo nan tan ki prevwa pou yo fèt. Si nou pase twòp tan nan yon sèl aktivite, sa ka gen konsekans sou rès lesон an. Sa ka fè nou pèdi atansyon elèv yo nan kèk aktivite ki enpòtan anpil nan lesон an.

Lesон yo elabore yon fason pou nosyon yo repete nan plizyè jou. Kidonk si gen elèv ki mal pou yo metrize yon nosyon, n ap jwenn okazyon nan lòt lesон pou nou rezoud pwoblèm nan. Men tou si aprè tout tantativ yo, pwoblèm nan pèsiste pou kèk elèv, nou ka chwazi yon moman nan jounen an (rekreyasyon oswa aprè klas) pou nou ede yo an patikilye.

2.Kèk presizyon sou repatisyon lesон yo

Nan gid la, lesон yo repati yon fason ki pèmèt nou ekspligate twa tèks chak semèn : de tèks pou kat premye jou yo ak yon pwezi pou senkyèm jou a. Kidonk elèv yo ap gen pou yo li yon tèks nan de lesон. Prensip sa a chanje sèlman nan lesон sekyèm jou yo, lesон revizyon yo ak modèl evalyasyon yo (ref. : Tablo pwogresyon).

Lesон senkyèm jou

Chak senkyèm jou, tèks lesон an se yon pwezi. Anplis lekti ekspresiv ki dwe fèt pandan lesон an, elèv yo ap gen pou patisipe nan yon konkou pwezi. Pou konkou pwezi a byen reyisi nou dwe suiv konsiy sa yo :

- Depi de jou anvan, fòme de ekip twa elèv k ap gen pou patisipe nan konkou a. Bay chak manm ekip yo yon nimewo soti nan 1 rive nan 3 ;
- Mande elèv yo prepare pwezi a de jou anvan, jan sa prevwa nan gid la ;
- Nan moman konkou a, mete de ekip yo chita devan. Aprè sa, rele kandida/patisipan yo youn aprè lòt selon nimewo yo pou vin resite pwezi a.
- Chak fwa yon jwè fin resite pwezi a, mete kantite pwen ou ba li sou 10 bò kote non li. Ou dwe note pwen sa yo sou yon fèy papye epi pa kite okenn elèv wè konbyen pwen ou bay. Lè tout jwè yo fin prezante, fè total pwen chak ekip.
- Mande rès klas la aplodi toulède ekip yo anvan ou bay rezulta konkou a.

Zouti pou aplikasyon metòd la (ZAM)

Leson revizyon yo

Leson revizyon yo se yon seri 5 lesон ki vini nan fen chak tòm anvan modèl evalyasyon yo. Yo la pou pèmèt nou reprann avèk elèv yo yon seri nosyon yo te aprann nan lesон anvan yo. Leson revizyon yo dwe ede elèv yo ranfòse konpetans yo nan lekti anvan yo patisipe nan egzamen yo.

Modèl evalyasyon yo

Chak tòm nan gid mèt la fini ak senk modèl evalyasyon. Chak modèl evalyasyon gen yon tèks ak divès kalite egzèsis mèt la ka itilize pou egzamen. Mèt la pa gen pou li bay tout modèl yo chak fwa egzamen rive ni nonplis li pa oblige bay egzakteman sa ki pwopoze nan gid la jan li ye a. Li gen tout libète pou li chwazi sa li vle mete nan egzamen li. Men si gen eleman nan modèl yo ki enterese li, li ka sèvi ak yo.

Se mèt la ki dwe mezire dire egzamen li bay elèv yo. Pou sa li dwe deside sou ki kantite egzèsis l ap mete pou li ka respekte dire a.

3.Kèk presizyon sou aktivite yo

Tout aktivite lesон yo makonnen youn ak lòt pou pèmèt elèv yo byen konprann tèks yo li a. Men yon tablo ki rezime objektif chak aktivite yo.

Tablo ki rezime objektif ak dire aktivite yo nan gid mèt la

Aktivite	Objektif	Dire
Bann desine	Aktivite sa a sèvi pou kòmanse yon seri lesон. Li gen 2 objektif : - melanje tèks ak imaj pou bay elèv yo yon ide sou sa ki pral devlope nan lesон an ; - envite elèv yo reflechi sou imaj la epi di sa yo panse aprè.	2 minit
Devinèt	Menm jan ak bann desine yo, devinèt yo kòmanse yon seri lesон. Objektif aktivite sa a se : - pèmèt elèv yo dekouvrí sans yon mo kle ki nan tèks yo pral li a oswa ki gen rapò ak li ; - pèmèt elèv yo reflechi davans sou kontèks mo a pral itilize a.	2 minit
Rapèl	Aktivite rapèl la bay mèt la posiblite teste sa elèv yo sonje nan dènye lesон li te prezante nan klas la.	2 minit
Li mo	Gen plizyè fòm aktivite sou dekodaj mo. Selon lesон an nou jwenn : marye silab pou li mo, prefiks ak sifiks pou fòme mo, mo kle lesон an. Objektif aktivite sa yo, se pèmèt elèv yo rive li tout mo yo kontre san difikilite. Sa vle di ak fliyidite.	
Vokabilè	Se yon poto mitan enpòtan nan metòd la. Li pèmèt : - elèv yo dekouvrí sans mo yo nan kontèks tèks y ap li a ; - elèv yo an mezi itilize mo sa yo pou yo ekri pwòp fraz pa yo.	10 minit

Zouti pou aplikasyon metòd la (ZAM)

Konpreyansyon	<p>Se pi gwo poto mitan ki genyen nan lekti. Objektif aktivite konpreyansyon yo se :</p> <ul style="list-style-type: none"> - pèmèt elèv yo sèvi ak eleman ki pa anndan tèks la (desen, tit) pou travay imajinasyon yo sou sa ki pral pase nan tèks la (prediksyon) ; - pèmèt elèv yo reflechi sou eleman ki gen rapò ak sa ki devlope nan tèks la epi ki pa depaman ak sa yo viv nan kominote yo (kontèks tèks). 	5 minit
Li tèks	<p>Aktivite sa a pèmèt elèv yo :</p> <ul style="list-style-type: none"> - li yon tèks ak fliyidite ; - jwenn enfòmasyon nan tèks la ; - reflechi sou tèks la ; 	12 minit (20 minit pou pwezi)
Aktivite revèy	<p>Aktivite revèy yo prezan nan tout lesон yo. Objektif yo se :</p> <ul style="list-style-type: none"> - pèmèt elèv yo amize yo ; - rann lesон yo pi enteresan pou elèv yo. 	2 minit
Gramè	<p>Chak lesон gen yon aktivite ki prezante yon nosyon gramè. Aktivite sa a gen objektif :</p> <ul style="list-style-type: none"> - bay elèv yo zouti k ap pèmèt yo konprann pi byen fonksyònman lang nan ; - amelyore kapasite elèv yo nan pwodiksyon ekri. 	8 minit
Egzèsis nan kaye	<p>Tout lesон yo toujou prevwa yon seri egzèsis nan kaye elèv la. Egzèsis sa yo vize :</p> <ul style="list-style-type: none"> - bay elèv yo posiblite antrene sou divès nosyon ki anseye nan lesон yo; - devlope kapasite elèv yo pou yo pwodui tèks pa yo. 	10/ 12 minit
Li ak bon ton	<p>Se yon aktivite ki vize :</p> <ul style="list-style-type: none"> - amelyore kapasite elèv yo pou yo li ak fasilité (fliyidite) ; - ede elèv yo li ak bon ton pandan y ap respekte siy ponkyasyon ak teknik entonasyon. 	3 minit
Sa nou te aprann	<p>Se dènye aktivite nan chak lesон. Li gen objektif :</p> <ul style="list-style-type: none"> - teste sa elèv yo aprann nan lesон an ; - fè yon sentèz sou pwen ki pi enpòtan nan lesон an. 	2 minit

N.B.- Tout aktivite sa yo pa prezan nan chak lesон. Selon lesон an gen nan yo ki prezan, gen nan yo ki pa prezan.

4.Ekriti kisiv (Modèl ak esplikasyon chak lèt)

Nan de premye ane yo nou te aprann elèv yo ekri ak lèt emprimri. Ane sa a, n ap aprann yo ekri ak lèt kisiv. Pou nou rive fè sa, n ap sèvi ak teknik ki devlope nan tablo sa a pou chak lèt yo.

Zouti pou aplikasyon metòd la (ZAM)

Tablo lèt kisiv ak esplikasyon sou jan pou yo fèt

Lèt	Jan pou fèt yo
a	Trase yon won. Aprè sa trase yon liy vètikal seti anvo desann vire adwat.
b	Trase yon dwat panché seti anba monte vire agoch. Aprè sa desann rive anba. Tounen adwat monte yon tikras epi fe yon ti liy orixental.
c	Trase yon won ki prèske fèmen.
d	Trase yon won. Aprè sa trase yon liy vètikal seti anvo desann vire adwat.
e	Trase yon dwat panché monte vire agoch. Desann vire adwat.
f	Kèmanse yon dwat panché monte vire agoch. Desann tou dwat. Vire adwat. Monte rive nan mitan. Aprè sa vire adwat.
g	Trase yon won. Aprè sa trase yon dwat panché seti anvo desann rive anba. Vire agoch pou rive anba won an. Tounen adwat.
h	Trase yon dwat. Aprè sa trase yon ti koub vire adwat.
i	Trase yon dwat panché seti anba monte. Aprè sa desann vire adwat.
j	Trase yon dwat panché monte rive anvo. Desann rive anba tounen agoch. Aprè sa monte vire adwat.
k	Trase yon dwat panché monte vire agoch. fe yon ti koub vire agoch. Aprè sa fe yon dwat desann panché adwat.
l	Trase yon dwat panché seti anba monte vire agoch. Desann rive anba. Tounen adwat.
m	Trase yon dwat seti anba monte vire adwat. Desann epi monte vire adwat. Desann ankò epi remonte. Aprè sa vire desann adwat.
n	Trase yon dwat seti anba monte vire adwat. Desann epi monte vire adwat.

<i>o</i>	Trase yon won.
<i>p</i>	Trase yon ti d'wat panché advat. Aprè sa trase yon koub vire advat.
<i>q</i>	Trase yon ti d'wat soli anba monte vire advat. Desann vire advat.
<i>r</i>	Trase yon ti d'wat panché soli anba rive anwo. Tounen advat aprè sa vire agooh.
<i>s</i>	Trase yon ti d'wat soli anba rive anwo. Desann vire advat. Aprè mete yon ti d'wat orixental anwo a.
<i>t</i>	Trase yon ti d'wat soli anba rive. Desann vire advat. Remonte epi desann vire advat.
<i>u</i>	Trase yon ti liy koub vire advat. Desann epi monte vire advat.
<i>v</i>	Trase yon ti liy koub vire advat. Desann. Tounen advat epi monte. Vire advat. Desann epi remonte.
<i>w</i>	Trase yon ti liy koub vire advat. Aprè desann vire advat epi monte. Aprè sa desann tou d'wat rive anba. Tounen agooh, monte panché advat.
<i>y</i>	Trase yon ti d'wat panché advat. Fè yon ti liy orixental. Vire desann toupiti. Aprè sa tounen advat epi desann panché agooh. Vire monte advat.

II. Liv elèv la

Liv elèv la se prensipal materyèl pou elèv yo aprann li. Li gen divès eleman k ap pèmèt elèv yo li epi konprann sa yo li a. Liv elèv la prezante sou fòm yon seri ribrik ki koresponn egzakteman ak jan leson an devlope nan gid mèt la.

1.Kèk presizyon sou repatisyon leson yo

Menm jan ak gid mèt la, leson yo òganize yon fason pou elèv yo li yon tèks nan de jou. Prensip sa a differan sèlman nan leson senkyèm jou yo, leson revizyon yo ak modèl evelyasyon yo. Konsa, pou leson òdinèyo n ap jwenn pou chak semèn, de tèks ak yon pwezi. Tablo ki vini aprè a ap bay yon lide sou jan aktivite yo prezante nan liv elèv la ak rapò liv la genyen ak gid la.

Zouti pou aplikasyon metòd la (ZAM)

Aktivite nan gid mèt la	Aktivite nan liv elèv la
Tèm	Tèm
Bann desine	Bann desine
Devinèt	Devinèt
Rapèl	x
Li mo	M ap il
Vokabilè	M ap aprann sans mo ki nan tèks la
Konpreyansyon	x
Li tèks	Tèks ak kesyon/ Pwezi ak kesyon
Aktivite revèy	X
Gramè	Mwen dwe konnen
Egzèsis nan kaye	X
Li ak bon ton	M ap li ak bon ton
Sa nou te aprann	X

N.B. - Tout aktivite sa yo pa preznan nan chak lesion. Selon lesion an gen nan yo ki preznan, gen nan yo ki pa preznan.

2. Fason pou byen itilize liv elèv la

Pou nou pèmèt elèv yo byen itilize liv la, nou dwe asire nou yo byen metrize korespondans aktivite gid mèt yo ak sa ki nan liv la. Se pa tout aktivite ki nan gid la n ap jwenn nan liv elèv la. Mete sou sa, aktivite yo pa gen menm non nan toulède dokiman yo. Se sa ki fè, depi nan preparasyon lesion an, li enpòtan pou nou gade jan aktivite gid mèt yo mache ak sa ki nan liv elèv la.

Sonje pou modèl evalyasyon yo, tèks yo parèt nan liv elèv la san kesyon. Nan sans sa a, lè evalyasyon pral rive, nou dwe mande elèv yo li tèks ki nan modèl evalyasyon yo lakay yo yon fason pou yo pare pou kèlkeswa tèks n ap chwazi pou fè evalyasyon an.

III. Kaye egzèsis la

Kaye egzèsis la se zouti travay ki pèmèt elèv yo pratike aktivite lesion yo. Li gen divès kalite egzèsis. Selon lesion an, n ap jwenn egzèsis sou mo, vokabilè, gramè, ôtograf ak pwodiksyon ekri. Nan premye lesion yo, gen egzèsis k ap inisyé elèv yo nan ekriti kisiv. Egzèsis sa yo se egzèsis bonis nou ka bay elèv yo lè nou jwenn tan pou sa. Sa ap pèmèt yo antrene nan teknik pou yo ekri lèt sa yo byen.

Youn nan fòm egzèsis ki dwe atire atansyon nou nan kaye a se egzèsis ki koresponn ak aktivite chema tèks la. Egzesis sa a pèmèt elèv yo ranfòse konpreyansyon yo sou tèks yo li nan lesion an. Lè n ap fè aktivite sa a, nou dwe toujou asire nou elèv yo konprann demach la.

Resanblans ak Diferans ant Kreyòl ak Fransè : Yon dokiman Anseyan yo ka itilize nan klas yo

Elèv yo ap kapab li ak ekri pi fasil lè y ap aprann kreyòl ak fransè si anseyan yo ka ede yo konprann sa ki menm ak sa ki diferan ant fransè ak kreyòl. Ou ka itilize tablo sa a chak fwa w ap ede elèv yo aprann lèt yo, ede yo dekode oubyen aprann jan mo yo konpoze, epi lè w ap ede yo eple mo yo. Elèv yo ap ka detekte lang yo pi byen pandan y ap aprann vin pi konsyan sou jan mo yo fòme.

Vwayèl

Lang fransè a gen 6 lèt ki sèvi pou vwayèl epi pou fòme vwayèl. Men 6 lèt sa yo fè plis pase 16 son. Lè vwayèl yo mete avèk aksan oubyen ak lòt lèt yo ka bay yon bann son. 10 vwayèl sa yo fè 10 son. Tablo sa a bay pi fò son nou ka jwenn nan lang fransè a. Lè nou konpare yo ak vwayèl ak son nan lang kreyòl la nou ap ka wè diferans ant fransè ak kreyòl nan son yo.

Vwayèl fransè	Sijesyon pou anseyan yo
A a	<p>Ni kreyòl ni fransè tou de lang yo gen lèt a epi yo fè menm son nan tou de lang yo.</p> <p>Pa egzanp ni an kreyòl ni an fransè nou di <i>papa</i>.</p>
Â â	<p>Lèt sa a se an fransè ki genyen l. Li pa nan lang kreyòl la.</p> <p>Lèt sa a konpoze avèk lèt a epi yon ti chapo sou tèt li. Ti chapo sa a a rele aksan sikonflèks. An fransè nou di « accent circonflexe ».</p> <p>Sa vle di, aksan sikonflèks la se ti chapo ki sou tèt lèt a, tankou â.</p> <p>Ti chapo ki sou tèt lèt a sa a, sa vle â, fè li vin yon vwayèl ki gen son alonje devan yon lèt tankou lèt t. Nou ka jwenn yon egzanp konsa tankou nan mo fransè bâtir ak mo fransè <i>pâte</i>.</p> <p>En kreyòl nou di <i>bati</i> – san mete pyès ti chapo sou lèt a ki anvan lèt t a.</p> <p>Pa bliye, nan lang kreyòl la pa gen aksan sikonflèks – pa gen pyès ti chapo sou pyès lèt nan lang kreyòl la.</p>
ai	<p>Nan lang fransè, konbinezon lèt a avèk i bay yon son ki sanble ak son /E/ an kreyòl.</p> <p>Lang kreyòl la pa gen konbinezon lèt a avèk i sa a.</p> <p>Konbinezon lèt a avèk i se son e an kreyòl.</p> <p>Nan lang fransè a, konbinezon lèt a avèk i pwononse menm jan ak lèt é nan lang fransè a.</p> <p>Nan lang fransè a, nou di « <i>je parlerai</i> ». En kreyòl nou di pito <i>m pral pale</i>.</p> <p>Mo « pale » a rete menm jan an nan lang kreyòl la, jan nou wè l la nan fraz « <i>m ap pale</i> ».</p>

Resanblans ak Diferans ant Kreyòl ak Fransè

ais	<p>Konbinezon lèt sa a bay son è. Nou jwenn li pa egzant nan mo « <i>tu parlerais</i> » an fransè.</p> <p>Konbinezon lèt ais pwononse tankou è nan lang kreyòl la. Konbinezon lèt sa a pa egziste nan lang kreyòl la. Nan lang kreyòl la tèminezon vèb yo pa chanje. Yo prèske rete toujou menm jan.</p> <p>Nan lang fransè a nou di « <i>je parlerais</i> ». Nan lang kreyòl la nou di « <i>m ta pale</i> ». Mo « <i>pale</i> » a rete menm jan an nan lang kreyòl la, jan nou wè l la nan fraz <i>m ap pale</i> ak nan fraz <i>m ta pale</i>.</p>
an	<p>Nou jwenn konbinezon lèt <i>an</i> an ak son li ni nan kreyòl ni nan fransè.</p> <p>Nan lang fransè a nou jwenn li nan mo tankou mo <i>banque</i>.</p> <p>Nan lang kreyòl la nou jwenn li nan mo tankou mo <i>bank, ban</i>.</p> <p>Konbinezon lèt a <i>n</i>, sa vle an, se youn nan vwayèl nen nan lang kreyòl la. Sa vle vwayèl sa a fè mo yo pale nan nen.</p>
am	<p>Konbinezon lèt a <i>m</i> se yon vwayèl nen nan lang fransè a. Li pwononse tankou an. Li vini anvan lèt <i>b</i> ak <i>p</i> nan lang fransè a. Nou jwenn li nan mo tankou mo <i>chambre</i> ak mo <i>ambulance</i>.</p> <p>Nan lank kreyòl la nou pa itilize lèt <i>m</i> anvan <i>b</i> ak <i>p</i>. konbinezon lèt a ak <i>m</i> ki bay vwayèl nen <i>am</i> nan pa nan lang kreyòl la.</p> <p>Lang kreyòl la itilize konbinezon lèt a ak <i>n</i> pito ki bay son an. Pa egzant an kreyòl nou di epi ekri <i>chanm, anbilans</i>.</p> <p>An kreyòl nou pa di ni ekri chambre ni <i>ambulance</i>. Se an fransè nou ekri yo konsa.</p> <p>Nou dwe aprann son sa a byen lè n ap aprann lang fransè a.</p> <p>Sonje byen <i>am</i> pwononse prèske tankou an.</p>

Resanblans ak Diferans ant Kreyòl ak Fransè

as	<p>Konbinezon lèt sa a se an fransè ki genyen l. Li pa nan lang kreyòl la. Se yon nouvo lèt, yon nouvo son timoun Ayisyen yo k ap aprann fransè dwe aprann byen.</p> <p>Nan lang fransè a nou jwenn son 'as' la nan mo tankou <i>bas</i>, las.</p> <p>Nan lang fransè a s ki nan fen mo sa yo rete bèbè. <i>bas</i> pwononse tankou <i>ba</i>. <i>Las</i> pwononse tankou la.</p> <p>Sonje byen pa gen pyès lèt ki ret bèbè nan lang kreyòl la.</p> <p>An kreyòl nou ekri mo sa yo san mete s nan fen yo : pa egzant nou di epi nou ekri ba, la.</p> <p>Pa bliye mo ba ka vle di sa gason oubyen fi mete nan pye anvan yo met soulye. Gen ba fi gen ba gason.</p> <p>Epi pa bliye tou, nan kèk kote nan peyi a, mo ba vle di sa yo met sou bét tankou Bourik ak cheval lèt yo itilize yo pou pote chay.</p> <p>An kreyòl nou ekri epi nou di <i>la</i> tankou nan fraz mwen santi m <i>la</i>. Gen kote nan peyi a moun yo di mwen santi m <i>las</i>, men nan ka sa a mo s la pwononse nòmalman, li pa ret bèbè tankou nan lang fransè a.</p>
au	<p>Konbinezon lèt sa yo bay son O tankou nan mo <i>chaud</i>, <i>Chaudière</i>.</p> <p>Pa gen vwayèl sa a nan lang kreyòl la. Nan lang kreyòl la nou itilize O pito tankou nan mo <i>cho</i>, <i>Chodyè</i>.</p>
E e	<p>Nou te aprann lèt sa a an kreyòl. Se menm lèt la ki gen nan lang fransè a tou, men yo pa gen menm son.</p> <p>An kreyòl li gen son /e/. An fransè fòk ou fèmen bouch ou, men an kreyòl fòk ou ouvri bouch ou pou fè son sa a, pa egzant lè w ap di mo <i>kache</i>.</p> <p>An fransè, nou jwenn lèt sa a nan mo tankou <i>devant</i>, <i>demi</i>. fòk ou fèmen bouch ou pou di « de ».</p> <p>Lang kreyòl la itilize e pou ekri mo devan tou, men fòk ou fèmen bouch ou lè w ap di « de » an fransè tandike fòk ou ouvri bouch ou lè w ap di « devan » an kreyòl.</p>
E (E muet)	<p>Son sa a pa egziste nan lang kreyòl la. Se yon son ki bèbè nan lang fransè a tankou nan mo <i>samedi</i>.</p> <p>An kreyòl nou ekri mo sa a san lèt e : <i>samdi</i>.</p> <p>Pa bliye an kreyòl pa gen lèt ki bèbè.</p>

Resanblans ak Diferans ant Kreyòl ak Fransè

É é	<p>Sa k sou tèt e a rele aksan egi. An fransè nou di « accent aigu ». An kreyòl nou pa ekri lèt sa a avèk ti siy sa a sou tèt li. Men, an kreyòl nou gen menm son sa a.</p> <p>Pa egzanp, an fransè, nou ekri mo <i>café</i>, men an kreyòl nou ekri pito <i>kafe</i>, san nou pa mete anyen sou tèt e a. Yo pa ekri menm jan men yo gen menm pwononsyasyon.</p>
È è	<p>Lèt sa a egiziste ni an fransè ni an kreyòl. Yo fè menm son, men yo pa itilize menm jan.</p> <p>An fransè, siy (') ki sou e a rele « accent grave ».</p> <p>An kreyòl siy sa a rele « aksan fòs ». Se sèlman siy sa a nou jwenn sou tèt kèt lèt tankou e nan lang kreyòl la. Nou ka jwenn li tou sou vwayèl e, o, a.</p> <p>An fransè, nou itilize è nan mo tankou élève, légère.</p> <p>An kreyòl nou itilize vwayèl è nan mo tankou : élèv, lejè. Nou ka wè diferans la ak resanblans la.</p> <p>An kreyòl nou itilize siy (') sou o tankou nan mo zòn, bòl.</p> <p>An kreyòl nou itilize siy (') sou a tankou nan mo <i>pàn</i>, <i>Àn</i>.</p>
Ê ê	<p>Se nan lang fransè a ki genyen vwayèl e avèk ti chapo sa a sou li. Pa blyi ti chapo sa a rele aksan sikonflèks an fransè. Pa gen siy sa a an kreyòl.</p> <p>Lè gen ti chapo sa a sou vwayèl e, li chanje son e a an son ê tankou nan mo <i>bête</i>.</p> <p>Pou nou ekri mo sa a an kreyòl nou itilize aksan fòs. Nou ekri mo sa a konsa : <i>bèt</i>.</p> <p>Ni mo fransè <i>bête</i> ni mo kreyòl <i>bèt</i> tou de gen menm son.</p> <p>Sonje byen : se sèl aksan ki gen nan lang kreyòl la. Nou itilize l sou vwayèl e, o, a pou chanje son yo.</p>
eau	<p>Konbinezon vwayèl sa yo bay son O tankou nan mo <i>eau</i>, <i>beau</i>.</p> <p>Pa gen konbinezon vwayèl sa a nan lang kreyòl la. An kreyòl nou itilize o pito tankou lè n ap ekri mo <i>dlo</i>.</p> <p>Mo fransè <i>beau</i> pa egziste nan lang kreyòl la. An kreyòl nou di <i>bèl</i> ni pou fi ni pou gason.</p>
ei	<p>Konbinezon vwayèl sa yo pa egziste nan lang kreyòl la. Nan fransè nou jwenn li nan mo tankou mo <i>peine</i>.</p> <p>An kreyòl nou ekri <i>pèn</i> oubyen <i>lapenn</i>.</p> <p>Nan mo tankou pèn oubyen <i>lapenn</i>, konbinezon vwayèl <i>ei</i> nan lang fransè a sanble ak son èn ak <i>enn</i> nan lang kreyòl la.</p>

Resanblans ak Diferans ant Kreyòl ak Fransè

em	<p>Konbinezon lèt sa a se yon vwayèl fransè. An fransè li itilize anvan lèt b ak p. nou jwenn vwayèl em nan mo fransè tankou <i>embargo</i>. Sonje, <i>em</i> pwononse tankou <i>an</i>.</p> <p>Nan lang kreyòl la nou pa itilize m anvan lèt b ak p. vwayèl em nan pa egziste nan lang kreyòl la.</p> <p>An kreyòl nou itilize konbinezon lèt <i>an</i> pito. An kreyòl nou ekri <i>anbake</i>, <i>anbago</i>.</p> <p>Nou dwe aprann son sa a byen lè n ap aprann fransè.</p>
en	<p>Konbinezon lèt sa a se yon vwayèl nen nan lang fransè a. nou pwononse l menm jan nou pwononse vwayèl kreyòl <i>an</i>. Nou jwenn li nan mo fransè tankou tankou mo <u>encadrer</u>. An kreyòl nou ekri mo sa a konsa : <i>ankadre</i>.</p> <p>An kreyòl nou gen konbinezon lèt <i>en</i> tou men li pa gen menm son ak fransè.</p> <p>Son <i>en</i> nan lang kreyòl la se tankou son <i>in</i> nan lang fransè a.</p> <p>Nan lang kreyòl la nou di <i>enkyete</i>, <i>fen</i>. Men nan lang fransè a nou di <i>inquiéter</i>, <i>fin</i>.</p> <p>Nou dwe aprann son sa yo byen lè n ap aprann lang fransè a.</p>
er	<p>Konbinezon lèt ak vwayèl er prèske pwononse tankou é nan lang fransè tankou nan mo <i>frapper</i>.</p> <p>Nan lang kreyòl la se lèt <i>e</i> nou itilize tankou lè n ap ekri mo <i>frape</i>. Nou pa met pyès siy sou li an kreyòl.</p>
es	<p>Son sa a pa nan lang kreyòl la. Nou itilize l nan mo fransè tankou <i>c'est = ce + est</i>. Pa egzanp nou di « <i>c'est une femme</i> ».</p> <p>Ou pa tande son <i>s</i> la nan mo <i>est</i>. Li prèske bèbè nan mo fransè tankou <i>tu parles</i>. Li rete silans tou nan fen mo <i>femmes</i> tankou lè n di <i>les femmes</i>.</p> <p>Nan lang kreyòl la nou ekri mo <i>se pito</i>. Nou pa di <i>c'est une femme</i> an kreyòl. Nou di <i>pito</i> : <i>se yon fanm</i>.</p>
eu	<p>Konbinezon vwayèl sa a pa egziste nan lang kreyòl la. Sa pral yon nouvo son pou nou aprann. Son sa a nan anpil mo fransè tankou professeur, acteur.</p> <p>An kreyòl nou itilize è pito (e aksan fòs) tankou nan mo profesè, actè.</p> <p>Prèske tout mo fransè ki fini ak eur vin tounen è (e aksan fòs) an kreyòl.</p>
eu	<p>Lòt konbinezon vwayèl sa a pa egziste nan lang kreyòl la nonplis. Sa pral yon nouvo son pou nou aprann. Se yon lòt konbinezon fransè nou jwenn nan mo bleu, feu.</p> <p>An kreyòl nou itilize e pito tankou nan mo <i>ble</i>, <i>dife</i>.</p>

Resanblans ak Diferans ant Kreyòl ak Fransè

ez	<p>Konbinezon lèt sa a pwononse tankou é nan lang fransè a. nou jwenn li nan mo tankou <i>parlez</i>.</p> <p>Nan lang kreyòl la nou itilize <i>e pito</i> tankou nan mo <i>pale</i>.</p>
i	<p>Nou aprann lèt sa a an kreyòl. Se menm lèt epi se menm son an nou genyen an fransè ak kreyòl.</p> <p>An fransè nou ekri dix.</p> <p>An kreyòl nou ekri <i>di</i> tankou lè n ap di « <i>di goud</i> » oubyen <i>dis</i> tankou lè n ap di <i>ban m dis mango</i>.</p>
in	<p>Konbinezon lèt sa a se yon vwayèl nen an fransè. Li pwononse tankou vwayèl <i>en</i> an kreyòl. An fransè nou jwenn li nan mo tankou <i>cinq, sincère</i>.</p> <p>An kreyòl se konbinezon lèt ki bay vwayèl <i>en</i> nou itilize pito. An kreyòl nou ekri mo yo konsa pito : <i>senk, sensè</i>.</p> <p>Vwayèl fransè ki fèt ak konbinezon lèt in pa egziste an fransè.</p> <p>Nou dwe aprann vwayèl fransè sa a byen.</p>
im	<p>Konbinezon lèt sa a se yon vwayèl nen an fransè. Li pwononse tankou vwayèl <i>en</i> an kreyòl. Men an fransè fòk nou fè son m nan soti. Nan fransè nou jwenn li nan mo tankou <i>impossible, impact</i>.</p> <p>Vwayèl nazal im nan pa egziste nan lang kreyòl la tankou li ye nan fransè a.</p> <p>An kreyòl se konbinezon lèt e ak n ki bay vwayèl <i>en</i> nou itilize. An kreyòl nou ekri mo sa yo konsa : <i>enposib, enpak</i>.</p> <p>Nou dwe aprann son sa a byen lè n ap aprann fransè.</p>
o	<p>Lèt sa a gen menm son ni nan kreyòl ni an fransè.</p> <p>An fransè nou di epi nou nou ekri : <i>professeur</i>. Men an kreyòl nou di epi nou ekri : <i>pwofesè</i>.</p>
o	<p>Lèt oubyen vwayèl o sa a se nan fransè nou jwenn li nan mo tankou <i>bottes</i>.</p> <p>An kreyòl nou gen vwayèl o a tou ki prèske gen menm son an. Men an kreyòl nou itilize aksan fòs sou o a pito. Pa egzanp, nou di epi nou ekri mo <i>bòt</i>.</p>
Ô	<p>Se an fransè ki gen lèt vwayèl o sa a avèk ti chapo a sou tèt li. Se yon vwayèl nou dwe aprann byen paske li pa menm jan an kreyòl.</p> <p>Nou jwenn lèt oubyen vwayèl sa a nan mo fransè tankou <i>bientôt, tôt</i>.</p>

Resanblans ak Diferans ant Kreyòl ak Fransè

œu	<p>Konbinezon vwayèl sa a pa nan lang kreyòl la. Fòk nou aprann li byen. Nou jwenn li nan mo fransè tankou <i>œuf, sœur</i>.</p> <p>Olye konbinezon vwayèl <i>ŒU</i>, an kreyòl nou itilize <i>e</i> oubyen è tankou nan mo <i>ze, sè</i>.</p>
om	<p>Konbinezon lèt ak vwayèl sa a se yon vwayèl nen an fransè. Li pwononse tankou vwayèl nen <i>on</i> nan lang kreyòl la. Nan lang fransè a nou jwenn li nan mo tankou <i>ombre, combler</i>.</p> <p>An kreyòl se konbinezon <i>on</i> nou itilize pito. An kreyòl nou di epi nou ekri <i>lonbray, konble</i>.</p> <p>Pa gen vwayèl <i>om</i> an kreyòl. Nou dwe aprann ni byen.</p>
on	<p>Konbinezon lèt ak vwayèl sa a gen menm son an kreyòl ak an fransè.</p> <p>An fransè nou di <i>bonbon</i> ; an kreyòl nou di : <i>bonbon</i>.</p> <p>Sonje gen yon diferans ant bonbon an fransè ak bonbon an kreyòl.</p>
ou	<p>Son sa a se menm an kreyòl ak an fransè.</p> <p>An fransè nou di <i>douze, doux</i>.</p> <p>An kreyòl nou di epi nou ekri <i>douz, dous</i>.</p>
u	<p>Sa a se yon vwayèl ki itilize anpil nan lang fransè a pa gen son sa a nan lang kreyòl la. Sa ap yon son nouvo nou gen pou nou aprann byen.</p> <p>Nou jwenn son sa a nan mo fransè tankou <i>sucré, bureau</i>.</p> <p>An kreyòl se se i nou itilize tout kote fransè a itilize <i>u</i>. pa egzanp an kreyòl nou di epi nou ekri <i>sik, biwo</i>.</p>
Ù	<p>Sa se yon lèt ak yon son fransèt nou jwenn nan mo tankou <i>búcher</i>. Li pa egziste nan lang kreyòl la. Nou gen pou ni aprann ni byen.</p>
um	<p>Konbinezon lèt ak vwayèl sa a se yon vwayèl nen an fransè. Nou jwenn ni nan mo tankou <i>humble, parfum</i>.</p> <p>An kreyòl nou itilize pito vwayèl <i>en</i> nan anpil kote fransè a itilize <i>um</i>. An kreyòl nou di epi nou ekri <i>enb, pafen</i>.</p> <p>Vwayèl nen fransè <i>um</i> pa nan lang kreyòl la. Nou dwe aprann ni byen.</p>

Resanblans ak Diferans ant Kreyòl ak Fransè

un	<p>Konbinezon lèt ak vwayèl sa a se yon vwayèl nen an fransè. Nou jwenn ni nan mo tankou <i>lundi, brun</i>.</p> <p>An kreyòl nou itilize pito vwayèl <i>en</i> an anpil kote fransè a itilize un.</p> <p>An kreyòl nou di epi nou ekri <i>lendi</i>.</p> <p>Vwayèl nen fransè um pa nan lang kreyòl la. Nou dwe aprann ni byen.</p>
y	<p>Gen lèt oubyen son sa a nan fransè men li pa nan lang kreyòl la. Sa ap yon nouvo son pou nou aprann. Nou jwenn ni nan mo tankou <i>style, stylo</i>.</p> <p>An kreyòl nou itilize i tankou nan mo Estil.</p>
ym	<p>Konbinezon lèt sa a bay yon vwayèl nen an fransè. Li pwononse tankou vwayèl kreyòl <i>en</i>. Men an fransè fòk ou peze sou lèt m nan. Nou jwenn ym nan mo tankou <i>sympa, symphonie</i>.</p> <p>Konbinezon lèt ym pa egziste nan lang kreyòl la. An kreyòl nou itilize en pito. An kreyòl nou ekri <i>senpatic, senfoni</i>.</p> <p>Nou dwe aprann son sa a byen lè n ap aprann fransè.</p>

Konnen lòt yo

Sa desen yo di (2 minit)

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon **bann desine**. Yon **bann desine** se yon seri desen yo itilize pou rakonte yon istwa.

Nou pral gade desen yo epi n ap li pawòl chak pèsonaj ki pale. [Bay elèv yo 30 segonn.]

Kounye a, nou pral di sa nou panse sou pawòl pèsonaj yo nan **bann desine** a.

Kilès ki ka di m ki pèsonaj ki nan bann desine a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Kilès ki ka di m sa li panse sou refleksyon Rita ap fè konsènan madanm nan ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Kilès ki ka di m pou ki sa li panse Maryo di madanm nan se yon bon modèl pou sosyete a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Aktivite 1 Li mo kle lesон an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 51 an. Li mo yo. [Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo].

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : diplome

1. [Ekri fraz sa a sou tablo a. « Nadèj diplome nan kuizin. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]

– Leve men nou si nou konnen mo **diplome**.

– Kilès ki ka di mwen ki sa mo **diplome** vle di nan fraz nou sot li a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

2. Nan tèks nou pral li jodi a, **diplome** vle di : **ki gen yon diplòm**.

3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **diplome**. [Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]

b. Dezyèm mo a se : responsablitè

1. [Ekri fraz sa a sou tablo a. « Jinyò gen responsablitè pou li lave vesò yo. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]

– Leve men nou si nou konnen mo **responsablitè**.

– Kilès ki ka di mwen ki sa mo **responsablitè** vle di nan fraz nou sot li a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

2. Nan tèks nou pral li jodi a, **responsablitè** vle di : **obligasyon yon moun genyen anvè yon lòt moun oswa anvè tèt li**.

3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **responsablitè**. [Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 **Konpreyansyon (5 minit)**

Nou pral li yon tèks ansanm. Anvan nou li tèks la, nou pral fè kèk egzesis k ap ede nou konprann tèks la pi byen.

a. Prediksyon daprè desen

Kounye a, nou pral sèvi ak desen ki mache avèk tèks la pou nou devine sa ki pral pase ladan I.

[Montre desen an epi di :]

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou ki sa tèks la pral pale. [30 segonn]
2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. [30 segonn]
3. Kilès ki ka di m sou ki sa li panse tèks la pral pale ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou reponn kesyon an. Epi ekri repons yo bay yo sou table a.*]

b. Kontèks tèks la

Kounye a, nou pral reflechi sou kèk eleman k ap ede konprann tèks nou pral li jodi a.

Kesyon yo :

1. Kilès ki ka di m ki lè yon moun se yon bon modèl ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.*]
2. Kilès ki ka di m ki jan yon moun ki vanyan ye ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.*]

Aktivite 4 **Li tèks (12 minit) [Tit tèks la : Yon modèl sitwayen]**

Tèks nou pral li jodi a se yon **biyografi**.

Nou dwe konnen

1. Yon **byografi** se yon tèks ki rakonte istwa lavi yon moun. Li rakonte sa moun nan fè pandan l ap viv.
2. Lè se moun nan ki rakonte pwòp lavi pa li, yo rele tèks la **otobiyografi**.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 51 an pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. [*Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.*]

b. Koute tèks la

Kounye a, mwen pral li tèks la pou nou. Koute byen pou nou ka fè yon bon lekti aprè. [*Pran liv elèv la. Li tèks : « Yon modèl sitwayen » pou elèv yo. Li tèks la ak bon ton pou bay elèv yo egzanp.*]

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Sou kilès yo bay enfòmasyon nan tèks la ?
2. Ki batay li mennen pou ede chanje sosyete a ?
3. Ki sa ki montre li se yon moun responsab ?
4. Pou ki sa yo prezante l tankou yon sitwayen modèl ?
5. Ki pòs enpòtan li te okipe ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Li rele **zwazo vole**. Tout timoun kanpe. Lè mwen di non yon bêt ki se yon zwazo n ap leve n ap fè mouvan zwazo k ap vole. Lè m di non yon bêt ki pa zwazo n ap chita. Nou pare !

Pijon – chat – toutrèl – chen – madan sara – kodenn

Aktivite 5 Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou **fraz minimal**.

Nou dwe konnen

Yon **fraz minimal** se yon fraz ou pa ka redui. Si ou retire yon mo nan yon fraz minimal, fraz p ap kòrèk ankò. Sa vle di li p ap gen sans.

Kounye a, mwen pral ekri yon fraz ki pa minimal, aprè sa m ap retire yon oubyen plizyè mo ladan l pou mwen fè li tounen yon fraz minimal.

Tou pa m

[Ekri fraz sa a sou tablo a konsa « Liknè manje mango. »]
M ap li fraz la : **Liknè manje mango.**
– **[Aprè sa di :]** M ap fè yon kwa sou mo **mango**.
– M ap ekri fraz minimal la.
Liknè manje.
– **[Aprè sa di :]** Fraz sa a se yon fraz minimal paske si mwen retire yon lòt mo ladan l, li p ap yon fraz kòrèk ankò. Sa vle di li p ap gen sans.

An n fè l ansanm

Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj lesion 51 an pou nou fè egzèsis # 1 an.
An n li fraz la : **Liknè manje mango.**
– An n fè yon kwa sou mo **mango**.
– An n ekri fraz minimal.
Liknè manje.
– **[Aprè sa di :]** Fraz sa a se yon fraz minimal paske si nou retire yon lòt mo ladan l, li p ap yon fraz kòrèk ankò. Sa vle di li p ap gen sans.

Tou pa nou

[Li dezyèm fraz la ansan ak elèv yo]
Elodi jwe foutbòl.
– **[Aprè sa di :]** Pase yon kwa sou mo nou ka retire a epi ekri fraz minimal la. **[Bay elèv yo 10 segonn epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo fè a.]**
– Kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

Aktivite 6 Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè yon egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

b. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 4 la.

Aktivite 7 Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **yon kontin** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 51 an pou nou li kontin nan. Chak fwa nou rive sou mo ki gen trè anba li a, n ap di mo sa a pi fò. *[Li kontin nan pou bay elèv yo egzanp, aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li kontin nan pou kont yo.]*

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]*
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **fraz minimal** ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]*
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? *[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]*
4. **[Aprè sa di :]** Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Konnen lòt yo**Devinèt (2 minit)**

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen se yon gwo espas.

Mwen resevwa anpil pwofesè ak etidyan.

Mwen fòme tout kalite moun :

Edikatè, doktè, enjenyè, kontab, jesyonè...

Mwen fonksyone maten kou aswè

Mwen resevwa sèlman moun ki fini lekòl.

Lè ou vin pran fòmasyon lakay mwen

Yo rele ou inivèsitè.

Ki sa mwen ye ? (Inivèsite)

[*Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :]* Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye lesон an nou te pale sou biyografi. Kilès ki ka di m ki sa yon biyografi ye ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]

Nou te pale sou otobiyografi tou. Kilès ki ka di m ki sa yon otobiyografi ye ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]

Kilès ki ka di m ki lè yon fraz minimal ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]

Aktivite 1

Li mo kle lesон an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 52 a. Li mo yo. [*Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.*].

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : alfabetizasyon

1. [Ekri fraz sa a sou table a. « Janin aprann li nan sant **alfabetizasyon** an. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]
 - Leve men nou si nou konnen mo **alfabetizasyon**.
 - Kilès ki ka di mwen ki sa mo **alfabetizasyon** vle di nan fraz nou sot li a ? [**Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.**]
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **alfabetizasyon** vle di : **pwogram kote moun ki pa t ale lekòl lè yo te timoun, ka aprann li ak ekri.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **alfabetizasyon**. [**Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.**]

b. Dezyèm mo a se : vanyan

1. [Ekri fraz sa a sou table a. « Nadèj se yon ti fi ki vanyan. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]
 - Leve men nou si nou konnen mo **vanyan**.
 - Kilès ki ka di mwen ki sa mo **vanyan** vle di nan fraz nou sot li a ? [**Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.**]
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **vanyan** vle di : **brav, ki gen kouraj.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **vanyan**. [**Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.**]

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Li tèks (5 minit) [Tit : Yon modèl sitwayen]

Jodi a, nou pral li menm **biyografi** nou te li nan dènye lesон an.

Nou dwe konnen

1. Yon **biyografi** se yon tèks ki rakonte istwa lavi yon moun. Li rakonte sa moun nan fè pandan l ap viv.
2. Lè se moun nan ki rakonte pwòp lavi pa li, yo rele tèks la **otobiyografi**.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj lesон 52 a pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. [**Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.**]

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Lekti endividyle

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

- Pou ki sa batay pou respè dwa fi ak dwa moun andikape enpòtan anpil ?
- Nan fraz « Moun ap travay pou lavi fleri », ak ki lòt mo nou ka ranplase mo « lavi » ?
- Daprè ou èske li bon pou ayisyen defann lang kreyòl la ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Li rele **zwazo vole**. Tout timoun kanpe. Lè mwen di non yon bêt ki se yon zwazo n ap leve n ap fè mouvan zwazo k ap vole. Lè m di non yon bêt ki pa zwazo n ap chita. Nou pare !

Bèf – poul – pentad – kabrit – pentad – kochon

Aktivite 4 Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap kontinye fè aktivite sou **fraz minimal**.

Nou dwe konnen

Yon **fraz minimal** se yon fraz ou pa ka redui. Si ou retire yon mo nan yon fraz minimal, fraz la p ap yon fraz kòrèk ankò. Sa vle di li p ap gen sans.

Kounye a, mwen pral ekri yon fraz ki pa minimal aprè sa m ap retire youn oubyen plizyè mo ladan I pou mwen fè li tounen yon fraz minimal.

Tou pa m

**[Ekri fraz sa a sou tablo a konsa
« Madlèn pedale bekàn nan. »]**

M ap li fraz la : **Madlèn pedale
bekàn nan.**

- **[Aprè sa di :]** M ap pase yon kwa sou mo **bekàn** ak sou mo **nan**.
- M ap ekri fraz minimal la.

Madlèn pedale.

- **[Aprè sa di :]** Fraz sa a se yon fraz minimal paske si mwen retire yon lòt mo ladan I, li p ap yon fraz kòrèk ankò. Sa vle di li p ap gen sans.

An n fè l ansanm

Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 52 a pou nou fè egzèsis # 1 an.

An n li fraz la : **Madlèn pedale
bekàn nan.**

- An n fè yon kwa sou mo **bekàn** ak sou mo nan.
- An n ekri fraz minimal la.

Madlèn pedale.

- **[Aprè sa di :]** Fraz sa a se yon fraz minimal paske si nou retire yon lòt mo ladan I, li p ap yon fraz kòrèk ankò. Sa vle di li p ap gen sans.

Tou pa nou

**[Li dezyèm fraz la ansanm ak
elèv yo.]**

Jil travay byen.

- **[Aprè sa di :]** Pase yon kwa sou mo nou ka retire a epi ekri fraz minimal la. **[Bay elèv yo 10
segonn epi chwazi yon ti fik
yon ti gason pou li fraz yo fè
a.]**

- Kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

Aktivite 5 Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè yon egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

b. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Chema tèks la

Kounye a, nou pral fè yon aktivite k ap ede nou jwenn enfòmasyon ki pi enpòtan nan tèks nou sot li a. M ap poze nou kèk kesyon. Pou chak kesyon, n ap ekri repons la nan yon ti bwat. Ale nan egzèsis # 4 la.
[Ede elèv yo idantifye kote pou yo ekri repons yo. Aprè chak kesyon, pase verifye si elèv yo ekri repons yo nan plas yo.]

Nou pral ekri kèk enfòmasyon pou nou montre yon fi nou rekonèt oswa nou konn tandem pale de li se yon bon sitwayen.

- Ekri non fi a ak kote li rete nan premye bwat la.
- Ekri metye li fè nan dezyèm bwat la.
- Ekri twa kalite li genyen nan twazyèm bwat la.
- Ekri de bon aksyon li fè nan katriyèm bwat.

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 6

Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **yon kontin** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 52 a pou nou li kontin nan. Chak fwa nou rive sou mo ki gen trè anba li a, n ap di mo sa a pi fò.
[Li kontin nan pou bay elèv egzanp, aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li kontin nan pou kont yo.]

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]*
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **fraz minimal** ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]*
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? *[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]*
4. **[Aprè sa di :]** Nou te li yon bèle tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèle tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Konnen lòt yo

Sa desen yo di (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon **bann desine**. Yon **bann desine** se yon seri desen yo itilize pou rakonte yon istwa.

Nou pral gade desen yo epi n ap li pawòl chak pèsonaj ki pale. [Bay elèv yo 30 segonn.]

Kounye a, nou pral di sa nou panse sou pawòl pèsonaj yo nan **bann desine** a.

Kilès ki ka di m sa li panse de Rita ki pa konnen estati Toussaint Louverture la ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Kilès ki ka di m pou ki sa Maryo di Toussaint te yon ewo ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Rapèl

Nan dènye leson an nou te pale sou **biyografi**. Kilès ki ka di m ki sa yon **biyografi** ye ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Nou te pale sou **otobiyografi** tou. Kilès ki ka di m ki sa yon **otobiyografi** ye ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Kilès ki ka di m ki lè yon **fraz minimal** ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Aktivite 1 Li mo kle lesон an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 53 an. Li mo yo. [Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.]

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : lesklavaj

1. [Ekri fraz sa a sou tablo a. « Desalin goumen kont lesklavaj. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]

– Leve men nou si nou konnen mo **lesklavaj**.

– Kilès ki ka di mwen ki sa mo **lesklavaj** vle di nan fraz nou sot li a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

2. Nan tèks nou pral li jodi a, **lesklavaj** vle di : **sitiyasyon moun ki pa gen okenn libète**.

3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **lesklavaj**. [Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]

b. Dezyèm mo a se : ewo

- [Ekri fraz sa a sou tablo a. « Desalin ak Petyon se de ewo ki lite pou Ayiti libere . » Mande elèv yo li fraz la epi di :]
 - Leve men nou si nou konnen mo **ewo**.
 - Kilès ki ka di mwen ki sa mo **ewo** vle di nan fraz nou sot li a ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]**
- Nan tèks nou pral li jodi a, **ewo** vle di : **moun ki fè gwo sakrifis pou defann yon koz.**
- Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **ewo**. **[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]**

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 **Konpreyansyon (5 minit)**

Nou pral li yon tèks ansanm. Anvan nou li tèks la, nou pral fè kèk egzesis k ap ede nou konprann tèks la pi byen.

a. Prediksyon daprè desen

Kounye a, nou pral sèvi ak desen ki mache avèk tèks la pou nou devine sa ki pral pase ladan I.

[Montre desen an epi di :]

- Gade desen an epi mande tèt nou sou ki sa tèks la pral pale. **[30 segonn]**
- Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. **[30 segonn]**
- Kilès ki ka di m sou ki sa li panse tèks la pral pale ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou reponn kesyon an. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.]**

b. Kontèks tèks la

Kounye a, nou pral reflechi sou kèk eleman k ap ede konprann tèks nou pral li jodi a.

Kesyon yo :

- Kilès ki ka di m sa li konnen sou istwa « **Toussaint Louverture** » ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**
- Pou ki sa daprè nou, yo di « **Toussaint Louverture** » se yon ewo ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**

Aktivite 4 **Li tèks (12 minit) [Tit : Toussaint Louverture]**

Tèks nou pral li jodi a se yon **biyografi**.

Nou dwe konnen

- Yon **biyografi** se yon tèks ki rakonte istwa lavi yon moun. Li rakonte sa moun nan fè pandan l ap viv.
- Lè se moun nan ki rakonte pwòp lavi pa li, yo rele tèks la **otobiyografi**.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 53 a pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. **[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]**

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Kilès moun **Toussaint Louverture** ye ?
2. Kilès ki te aprann **Toussaint Louverture** li ak ekri ?
3. Ki kalite liv **Toussaint Louverture** te konn li ?
4. Ki sa **Toussaint Louverture** te pote pou esklav yo ?
5. Ki sa **Toussaint Louverture** te di lè bato ki te pran I la tap demare ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Li rele **zwazo vole**. Tout timoun kanpe. Lè mwén di non yon bèt ki se yon zwazo n ap leve n ap fè mouvan zwazo k ap vole. Lè m di non yon bèt ki pa zwazo n ap chita. Nou pare !

Pijon – chat – toutrèl – chen – madan sara – kodenn

Aktivite 5 Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou **fraz ki pa minimal**.

Nou dwe konnen

Yon **fraz ki pa minimal** se yon fraz nou ka retire youn oubyen plizyè mo ladan li. Nan fraz sa a, menm si nou retire youn oubyen plizyè mo, l ap toujou gen yon sans.

Kounye a, mwén pral ekri yon fraz minimal aprè sa m ap ajoute youn oubyen plizyè mo ladan I pou mwén fè li tounen yon fraz ki pa minimal.

Tou pa m

- [Ekri fraz sa a sou tablo a konsa : « Evlin manje. »]**
M ap li fraz la : **Evlin manje.**
- **[Aprè sa di :]** M ap ajoute mo sa yo nan fraz la ; **bannann ak pwason.**
 - M ap ekri fraz ki pa minimal la.
 - **Evlin manje bannann ak pwason.**
 - **[Aprè sa di :]** Fraz sa a se yon fraz ki pa minimal paske mwén ka retire youn oubyen plizyè mo ladan li.

**An n fè l ansanm**

- Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj lesón 53 a pou nou fè egzèsis # 1 an.
- An n li fraz la : **Evlin manje.**
- An n ajoute mo sa yo nan fraz la : **bannann ak pwason.**
 - An n ekri fraz ki pa minimal la.
 - **Evlin manje bannann ak pwason.**
 - **[Aprè sa di :]** Fraz sa a se yon fraz ki pa minimal paske nou ka retire youn oubyen plizyè mo ladan li.

**Tou pa nou**

- [Li dezyèm fraz la ansanm ak elèv yo]**
Vaval kouri.
- **[Aprè sa di :]** Ajoute youn oubyen plizyè mo nan fraz sa a pou fè yon fraz ki pa minimal.
 - **[Bay elèv yo 10 segonn epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo fè a.]**
 - Kontinye fè egzèsis nan kaye nou.



Aktivite 6 Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

b. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 4 la.

Aktivite 7 Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **yon kontin** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 53 a pou nou li kontin nan. Chak fwa nou rive sou mo ki gen trè anba li a, n ap di mo sa a pi fò. [*Li kontin nan pou bay elèv egzanp, aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li kontin nan pou kont yo.*]

Enpòtan

[*Ekri pwezi ki nan paj leson 55 nan liv elèv la sou tablo a. Mande elèv yo kopye li nan yon ti kaye. Aprè sa di yo pou yo byen aprann pwezi a lakay yo pou yo ka resite li nan klas la jou w ap fè leson pwezi a.*]

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? [*Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.*]
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **fraz kip a minimal** ? [*Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.*]
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? [*Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.*]
4. [**Aprè sa di :**] Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Konnen lòt yo**Devinèt (2 minit)**

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen se yon chanm kay.

Mwen chaje ak tout kalite komès.

Mwen pa yon mache.

Mwen pa yon makèt.

Tout moun sou katye a se la yo achte.

Mwen gen pwodui pou kay ak pou manje.

Ki sa mwen ye ? (Boutik)

[*Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :]* Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye lesон an nou te pale sou **biyografi**. Kilès ki ka di m ki sa yon **biyografi** ye ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]

Nou te pale sou **otobiyografi** tou. Kilès ki ka di m ki sa yon **otobiyografi** ye ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]

Kilès ki ka di m ki lè yon fraz se yon **fraz pa minimal** ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]

Aktivite 1

Li mo kle lesон an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 54 la. Li mo yo. [*Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.*].

Aktivite 2

Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : gouvènman

1. [*Ekri fraz sa a sou tablo a. « Chak peyi gen yon gouvènman k ap dirije li. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]*

– Leve men nou si nou konnen mo **gouvènman**.

– Kilès ki ka di mwen ki sa mo **gouvènman** vle di nan fraz nou sot li a ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]

2. Nan tèks nou pral li jodi a, **gouvènman** vle di : **gwoup moun ki la pou dirije Leta nan yon peyi**.

3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **gouvènman**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

b. Dezyèm mo a se : kolon

- [Ekri fraz sa a sou table a. « Anvan endependans, kolon yo te gen anpil tè ak esklav. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]
 - Leve men nou si nou konnen mo **kolon**.
 - Kilès ki ka di mwen ki sa mo **kolon** vle di nan fraz nou sot li a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]
- Nan tèks nou pral li jodi a, **kolon** vle di : **moun ki kite peyi pa yo pou yo al eksplwate tè yon lòt peyi.**
- Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **kolon**. [Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3

Li tèks (12 minit) /Tit : Toussaint Louverture]

Jodi a, nou pral li menm **biyografi** nou te li nan dènye leson an.

Nou dwe konnen

- Yon **biyografi** se yon tèks ki rakonte istwa lavi yon moun. Li rakonte sa moun nan fè pandan l ap viv.
- Lè se moun nan ki rakonte pwòp lavi pa li, yo rele tèks la **otobiyografi**.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 54 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. [Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Lekti endividyle

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

- Èske w renmen **Toussaint Louverture** ? Pou ki sa ?
- Di si se Vre pou fraz ki mache ak tèks la epi Pa vre pou sa ki pa mache yo.
 - Papa **Toussaint Louverture** te yon esklav.
 - **Toussaint Louverture** te renmen li pou fè tèt li plezi.
 - Esklav yo te vin byen òganize ak prezans **Toussaint Louverture**.
 - **Toussaint Louverture** te kwè lit pap jam fini si l pa la.
- Pou ki sa yo te anbake **Toussaint Louverture** sou bato pou peyi Lafrans ?
- Èske w panse **Toussaint Louverture** te gen rezon di dènye fraz la ? Bay rezon yo.

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Li rele **zwazo vole**. Tout timoun kanpe. Lè mwen di non yon bêt ki se yon zwazo n ap leve n ap fè mouvan zwazo k ap vole. Lè m di non yon bêt ki pa zwazo n ap chita. Nou pare !
Bèf – poul – pentad – kabrit – pentad – kochon

Aktivite 4 Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou **fraz ki pa minimal**.

Nou dwe konnen

Yon **fraz ki pa minimal** se yon fraz nou ka retire youn oubyen plizyè mo ladan li. Nan fraz sa a, menm si nou retire youn oubyen plizyè mo, l ap toujou gen yon sans.

Tou pa m

[Ekri fraz sa a sou tablo a konsa : « Madlèn danse. »]

M ap li fraz la : **Madlèn danse.**

[Aprè sa di :]

M ap ajoute mo sa yo nan fraz la : **ak papa li**

– M ap ekri fraz ki pa minimal la.

– **Madlèn danse ak papa li.**

– Fraz sa a se yon fraz ki pa minimal paske si mwen retire youn oswa plizyè mo ladan li, l ap toujou gen yon sans.

An n fè l ansanm

Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj lesion 54 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

An n li fraz la : **Madlèn danse.**

An n ajoute mo sa yo nan fraz la : **ak papa li.**

An n ekri fraz ki pa minimal la.

Madlèn danse **ak papa li.**

[Aprè sa di :] Fraz sa a se yon fraz ki pa minimal paske si nou retire youn oswa plizyè mo ladan li, l ap toujou gen yon sans.

Tou pa nou

[Li dezyèm fraz la ansanm ak elèv yo]

Viktò li.

[Aprè sa di :] Ajoute youn oubyen plizyè mo nan fraz sa a pou nou fè yon fraz ki pa minimal. **[Bay elèv yo 10 segonn.]**

Kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

Aktivite 5 Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

b. Òtograf

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Chema tèks la

Kounye a, nou pral fè yon aktivite k ap ede nou jwenn enfòmasyon ki pi enpòtan nan tèks nou sot li a. M ap poze nou kèk kesyon. Pou chak kesyon, n ap ekri repons la nan yon ti bwat. Ale nan egzèsis # 4 la. **[Ede elèv yo idantifye kote pou yo ekri repons yo. Aprè chak kesyon, pase verifye si elèv yo ekri repons yo nan plas yo.]**

LESON 54

Nou pral ekri kèk enfòmasyon pou nou montre yon jèn gason nou rekonèt oswa nou konn tandem paled li se yon bon modèl.

- Ekri non gason an ak kote li rete nan premye bwat la.
- Ekri ki klas I ap fè nan dezyèm bwat la.
- Ekri twa kalite li genyen nan twazyèm bwat la.
- Ekri de bon aksyon li fè nan katriyèm bwat la.

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 6 Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **kèk fraz** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 54 la pou nou li fraz yo. Sonje byen gade siy ponktyasyon ki nan chak fraz pou nou ka bay vwa nou ton ki mache ak yo. *[Li fraz la pou bay elèv yo egzanp. Aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li fraz la pou kont yo.]*

Enpòtan

[Raple elèv yo pou yo repase pwezi yo te kopye nan ti kaye a. Di yo pou yo byen prepare li pou yo ka patisipe nan konkou pwezi semèn nan.]

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]*
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **fraz kip a minimal** ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]*
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? *[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]*
4. **[Aprè sa di :]** Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Konnen lòt yo

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen se yon bèle ti zwazo.

Mwen gen koulè jòn ak gri.

Mwen renmen vole sou branch bwa.

Mwen konn chante anpil.

Mwen gen bèle vwa.

Lè yon moun konn chante,

Yo di li chante tankou mwen.

Kilès mwen ye ? (Wosiyòl)

[*Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :]* Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye lesон an nou te pale sou **biyografi**. Kilès ki ka di m ki sa yon **biyografi** ye ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]

Kilès ki ka di m ki sa yon **otobiyografi** ye ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]

Kilès ki ka di m ki lè yon fraz pa minimal ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]

Aktivite 1 Li mo kle lesон an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 55 la. Li mo yo. [*Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.*].

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : **toubiyon**

1. [*Ekri fraz sa a sou tablo a. « Van an leve yon toubiyon pousyè. » Mande elèv yo li fraz la epi di :*]

– Leve men nou si nou konnen mo **toubiyon**.

– Kilès ki ka di mwen ki sa mo **toubiyon** vle di nan fraz nou sot li a ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]

2. Nan tèks nou pral li jodi a, **toubiyon** vle di : **mouvman yon van pwovoke lè li fè objè yo vire tou won.**

3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **toubiyon**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

b. Dezyèm mo a se : Bisantnè

1. [Ekri fraz sa a sou table a. « Jilyèt renmen al flannen Bisantnè. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]
 - Leve men nou si nou konnen mo **Bisantnè**.
 - Kilès ki ka di mwen ki sa mo **Bisantnè** vle di nan fraz nou sot li a ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **Bisantnè** vle di : **bèl katye nan pòtoprens ki tou pre lanmè a.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **Bisantnè**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou **fraz minimal ak fraz ki pa minimal**.

Nou dwe konnen

1. Yon **fraz minimal** se yon fraz ou pa ka redui. Si ou retire yon mo nan yon li p ap yon fraz kòrèk ankò. Sa vle di li p ap gen sans.
2. Yon **fraz ki pa minimal** se yon fraz nou ka retire youn oubyen plizyè mo ladan li. Nan fraz sa a, menm si nou retire youn oubyen plizyè mo, l ap toujou gen yon sans.

Koute epi reponn ak pou

Mwen pral li kèk fraz pou nou. Lè nou tandé yon fraz ki kòrèk n ap leve pou s nou anlè. Lè nou tandé yon fraz ki pa kòrèk mete pou s nou tèt anba.

Fraz yo

- Yon fraz minimal se yon fraz nou ka retire youn oubyen plizyè mo ladan li.
- Yon fraz minimal se yon fraz nou pa ka retire mo ladan li.
- Yon fraz ki pa minimal se yon fraz nou ka retire youn oubyen plizyè mo ladan li.
- Yon fraz ki pa minimal se yon fraz nou pa ka retire mo ladan li.

Aktivite 4 Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral fè egzèsis nan kaye nou.

a. Gramè

Kounye a, nou pral fè egzèsis nan kaye nou. Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 55 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

b. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

c. Òtograf

Nou pral koute epi ekri kèk fraz nan kaye nou. Ale nan egzèsis # 3 a. Koute fraz sa yo byen epi ekri yo kòrèkteman nan kaye nou.

Edikasyon se responsablite tout moun. Madan Jak vann liv matematik nan boutik li a.

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 4 ak 5.

Aktivite 5**Li tèks (12 minit) [Tit : Lumane Casimir]**

Tèks n ap li jodi a se yon **pwezi**.

Nou dwe konnen

1. Yon **pwezi** se yon tèks ki itilize mo ak bél fraz pou eksprime emosyon, lide ak santiman.
2. Yon **emosyon** se sa ki fè yon moun santi li boulvèse oswa li kontan.
3. Yon **santiman** se sa yon moun santi anndan kè li.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj lesion 55 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. *[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]*

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Konkou pwezi

Moman konkou pwezi a rive. M ap chwazi kèk elèv pou vin resite pwezi a devan tout klas la. Pandan yon elèv devan an, tout rès klas la ap suiv san pale. *[Aprè chak elèv fin resite pwezi a, mande elèv yo bat yon gwo bravo pou li. Aprè sa, mande kèk elèv nan klas la pou yo di sa yo panse sou jan elèv la sot resite pwezi a.]*

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Ki jan yo rele pèsonaj la ?
2. Ki sa l te konn fè ?
3. Ki kote l ap viv ?
4. Pou ki sa tout moun t ap pale de li ?
5. Pou ki sa nou ka di tèks sa a se yon pwezi ?

Sa nou te aprann nan lesion jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan lesion an ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan lesion an.]*
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **fraz minimal ak fraz kip a minimal** ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan lesion an.]*
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? *[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]*
4. **[Aprè sa di :]** Nou te li yon bél tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bél tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Sa mwen ka fè

Sa desen yo di (2 minit)

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon **bann desine**. Yon **bann desine** se yon seri desen yo itilize pou rakonte yon istwa.

Nou pral gade desen yo epi n ap li pawòl chak pèsonaj ki pale. [Bay elèv yo 30 segonn.]

Kounye a, nou pral di sa nou panse sou pawòl pèsonaj yo nan **bann desine** a.

Èske nou panse Rita ta dwe konn plante mayi ? Pou ki sa ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Èske menm jan ak Rita ou konn manje mayi sou divès fòm ? Ki kalite manje ki fet ak mayi nou konn manje ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Rapèl

Nan dènye lesон an nou te pale sou **pwezi**. Kilès ki ka di m ki sa yon **pwezi** ye ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Nou te di yon pwezi konn eksprime **emosyon**. Kilès ki ka di m ki kalite emosyon yo ka eksprime nan yon pwezi ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Èske nou panse nou ka retire youn oubyen plizyè mo nan yon **fraz minimal** ? Pou ki sa? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Aktivite 1

Li mo kle lesон an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 56 la. Li mo yo. [Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo].

Aktivite 2

Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : netwaye

1. [Ekri fraz sa a sou table a. « Mako ap netwaye lakou a. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]

– Leve men nou si nou konnen mo **netwaye**.

– Kilès ki ka di mwen ki sa mo **netwaye** vle di nan fraz nou sot li a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

2. Nan tèks nou pral li jodi a, **netwaye** vle di : **pwòpte, retire sa ki pa bon**.

3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **netwaye**. [Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]

b. Dezyèm mo a se : tranpe

1. [Ekri fraz sa a sou table a. « Faniz ap tranpe kò li nan pisin nan. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]
 – Leve men nou si nou konnen mo **tranpe**.
 – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **tranpe** vle di nan fraz nou sot li a ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **tranpe** vle di : **mete epis ak asid nan yon vyann pou li ka gen bon gou.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **tranpe**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Konpreyansyon (5 minit)

Nou pral li yon tèks ansanm. Anvan nou li tèks la, nou pral fè kèk egzesis k ap ede nou konprann tèks la pi byen.

a. Prediksyon daprè desen

Kounye a, nou pral sèvi ak desen ki mache avèk tèks la pou nou devine sa ki pral pase ladan l.

[Montre desen an epi di :]

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou ki sa tèks la pral pale. [**30 segonn**]
2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. [**30 segonn**]
3. Kilès ki ka di m sou ki sa li panse tèks la pral pale ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou reponn kesyon an. Epi ekri repons yo bay yo sou table a.*]

b. Kontèks tèks la

Kounye a, nou pral reflechi sou kèk eleman k ap ede konprann tèks nou pral li jodi a.

Kesyon yo :

1. Kilès ki ka di m non yon manje ki fèt ak mayi ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.*]
2. Kilès ki ka di m ak ki sa yo fè tchaka ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.*]

Aktivite 4 Li tèks (12 minit) [Tit : Tchaka]

Tèks nou pral li jodi a se yon **tèks enjonktif**.

Nou dwe konnen

1. Yon **tèks enjonktif** se yon tèks ki bay yon seri konsiy sou jan pou nou fè divès aktivite.
2. Yon **konsiy** se tout sa yon moun di pou li aprann lòt moun jan pou yo fè yon aktivite.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 56 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. [*Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.*]

b. Koute tèks la

Kounye a, mwen pral li tèks la pou nou. Koute byen pou nou ka fè yon bon lekti aprè. [*Pran liv elèv la. Li tèks : « Tchaka » pou elèv yo. Li tèks la ak bon ton pou bay elèv yo egzanp.*]

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Ki sa yo rele Tchaka a ?
2. Site 2 nan engredyen yo bezwen pou yo fè Tchaka ?
3. Ki jan yo sèvi ak mayi a ?
4. Pou ki sa yo mete piman ak epis ladan l ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Li rele **zwazo vole**. Tout timoun kanpe. Lè mwen di non yon bêt ki se yon zwazo n ap leve n ap fè mouvan zwazo k ap vole. Lè m di non yon bêt ki pa zwazo n ap chita. Nou pare !

Pijon – chat – toutrèl – chen – madan sara – kodenn

Aktivite 5 Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou **detèminan**.

Nou dwe konnen

1. Yon **detèminan** se yon mo ki mache ak yon non epi ki bay presizyon sou non an.
2. Yon **atik** se yon detèminan. Sa vle di, se yon mo ki mache ak yon non epi ki bay presizyon sou non an.
3. Nan lang kreyòl, **atik** yo se : **la, a, an, nan, lan, yo** ak **yon**.
4. Pi fò atik yo toujou vini aprè non yo. Se sèl **atik yon** ki vini anvan non an.
5. Chak fwa nou wè yon mo ki fini ak yon son **a, e, è, i, o, ò, ou**, n ap mete atik **a** dèyè li.

Kounye a, nou pral travay sou atik **a**. Mwen pral ekri kèk mo aprè sa n ap sèke tout mo nou ka mete atik **a** dèyè yo.

Tou pa m

[Ekri mo sa yo sou tablo a konsa : « galri – konsonmen – blenndè. »]

- M ap li mo yo : **galri – konsonmen – blenndè**
- **[Aprè sa di :]** M ap pase yon trè anba tout mo mwen ka mete atik **a** dèyè yo.
- **galri – konsonmen – blenndè**
- **[Aprè sa di :]** Mo **galri** fini ak son **/i/** donk m ap mete atik **a** dèyè li : **galri a**. Mo blenndè fini ak son **/è/** donk m ap mete atik **a** dèyè li : **blenndè a**.
- **[Di :]** Chak fwa mwen wè yon mo ki fini ak yon son **a, e, è, i, o, ò, ou**, m ap mete atik **a** dèyè li.

An n fè l ansanm

Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj lesion 56 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

- An n li mo yo :
- diskou – kanson – drapo.**
- An n pase yon trè anba tout mo nou ka mete atik **a** dèyè yo.
 - **diskou – kanson – drapo**
 - **[Aprè sa di :]** Mo **diskou** fini ak son **/ou/** donk n ap mete atik **a** dèyè li : **diskou a**. Mo drapo fini ak son **/o/** donk n ap mete atik **a** dèyè li : **drapo a**.
 - **[Di :]** Chak fwa nou wè yon mo ki fini ak son **a, e, è, i, o, ò, ou**, n ap mete atik **a** dèyè li.

Tou pa nou

[Li mo sa yo ansanm ak elèv yo.]

epis – fò – kafe.

- **[Aprè sa di :]** Pase yon trè anba tout mo nou ka mete atik **a** dèyè yo. Aprè sa ekri mo a ak atik la dèyè li. **[Bay elèv yo 60 segonn. Aprè sa mande yon ti fi ak yon ti gason li mo yo ak atik la.]**
- Kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

Aktivite 6

Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè yon egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

b. Ottograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 4 la.

Aktivite 7

Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini lesion jodi a, nou pral li **yon kontin** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj lesion 56 la pou nou li kontin nan. Chak fwa nou rive sou mo ki gen trè anba li a, n ap di mo sa a pi fò. **[Li kontin nan pou bay elèv egzanp, aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li kontin nan pou kont yo.]**

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? **[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]**
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **utilizasyon atik a** ? **[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]**
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? **[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]**
4. **[Aprè sa di :]** Nou te li yon bèle tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèle tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Lekòl louvri**Devinèt (2 minit)**

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen se yon aparèy.

Mwen mache ak kouran.

Mwen gen yon po an vè

Oswa an plastik.

Lè y ap fè ji yo sèvi avè m.

Yo sèvi avè m pou blennde plizyè

Kalite lòt pwodui oswa fwi.

Ki sa mwen ye ? (Blenndè)

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye lesон an nou te pale sou **tèks enjonktif**. Kilès ki ka di m ki sa yon **tèks enjonktif** ye ?
[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Nou te di **tèks enjonktif** la se yon tèks ki bay yon seri **konsiy** sou jan pou nou fè divès aktivite. Kilès ki ka di m ki sa yon **konsiy** ye ?
[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Lè yon mo fini ak son (**a, e, è, i, o, ò, ou**) ki atik nou ka mete dèyè li ?
[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Aktivite 1

Li mo kle lesон an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 57 la. Li mo yo.
[Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.]

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : melanje

1. [Ekri fraz sa a sou table a. « Kizinye a melanje mango, papay ak kachiman pou li fè yon bon ji. »
Mande elèv yo li fraz la epi di :]
 - Leve men nou si nou konnen mo **melanje**.
 - Kilès ki ka di mwen ki sa mo **melanje** vle di nan fraz nou sot li a ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]**
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **melanje** vle di : **mete plizyè pwodwi ansanm pou fè yo tounen yon sèl.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **melanje**. **[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]**

b. Dezyèm mo a se : konsonmen

1. [Ekri fraz sa a sou table a. « Legim nan byen konsonmen. »
Mande elèv yo li fraz la epi di :]
 - Leve men nou si nou konnen mo **konsonmen**.
 - Kilès ki ka di mwen ki sa mo **konsonmen** vle di nan fraz nou sot li a ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]**
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **konsonmen** vle di : **byen bouyi jiskake li prèske sèch.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **konsonmen**. **[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]**

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Li tèks (12 minit) [Tit : Tchaka]

Jodi a, nou pral li menm **tèks enjonktif** nou te li nan dènye leson an.

Nou dwe konnen

1. Yon **tèks enjonktif** se yon tèks ki bay yon seri konsiy sou jan nou fè divès aktivite.
2. Yon **konsiy** se sa yon moun di pou li aprann lòt moun jan pou yo fè divès aktivite.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 57 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. **[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]**

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Lekti endividylè

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Aprè tchaka, ki sa yo konn fè ak mayi ankò ?
2. Èske renmen manje tchaka ? Pou ki sa ?
3. Ki lòt manje ayisyen ou renmen ? Ak ki sa yo fè li ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Li rele **zwazo vole**. Tout timoun kanpe. Lè mwen di non yon bêt ki se yon zwazo n ap leve n ap fè mouvan zwazo k ap vole. Lè m di non yon bêt ki pa zwazo n ap chita. Nou pare !

Bèf – poul – pentad – kabrit – pentad – kochon

Aktivite 4 **Gramè (8 minit)**

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou **atik nan fraz**.

Nou dwe konnen

1. Yon **detèminan** se yon mo ki mache ak yon non epi ki bay presizyon sou non an.
2. Yon **atik** se yon detèminan. Sa vle di, se yon mo ki mache ak yon non epi ki bay presizyon sou non an.
3. Nan lang kreyòl, **atik** yo se : **la, a, an, nan, lan, yo** ak **yon**.
4. Pi fò atik yo toujou vini aprè non yo. Se sèl **atik yon** ki vini anvan non an.
5. Chak fwa nou wè yon mo ki fini ak yon son **I, k, y, j, p, b, t**, n ap mete atik **la** dèyè li.

Kounye a, mwen pral ekri kèk mo aprè sa m ap sèke tout mo mwen ka mete atik **la** dèyè yo.

Tou pa m

- [Ekri mo sa yo sou table a konsa : « poul – bale – kabrit ».]**
- M ap li mo yo : **poul – bale – kabrit**
 - **[Aprè sa di :]** M ap pase yon trè anba tout mo mwen ka mete atik **la** dèyè yo.
 - **poul – bale – kabrit**
 - **[Aprè sa di :]** Mo **poul** fini ak son **/l/** donk m ap mete atik **la** dèyè li : **poul la**. Mo **kabrit** fini ak son **/t/** donk m ap mete atik **la** dèyè li : **kabrit la**.
 - **[Di :]** Chak fwa mwen wè yon mo ki fini ak yon son **I, k, y, j, p, t**, m ap mete atik **la** dèyè li.

An n fè l ansanm

- [Li mo sa yo ansanm ak elèv yo.]**
- Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj lesion 57 la pou nou fè egzèsis # 1 an.
 - An n li mo yo : **mizik – ekip – flann**
 - M ap pase yon trè anba tout mo mwen ka mete atik la dèyè yo.
 - **mizik – ekip – flann**
 - **[Aprè sa di :]** Mo **mizik** fini ak son **/k/** donk n ap mete atik **la** dèyè li : **mizik la**. Mo **ekip** fini ak son **/p/** donk n ap mete atik **la** dèyè li : **ekip la**.
 - **[Di :]** Chak fwa nou wè yon mo ki fini ak yon son **I, k, y, j, p, t**, n ap mete atik **la** dèyè li.

Tou pa nou

- [Li mo sa yo ansanm ak elèv yo.]**
- imaj – travay – mayi.**
- **[Aprè sa di :]** Pase yon trè anba tout mo nou ka mete atik **la** dèyè yo. Aprè sa ekri mo yo ak atik la dèyè li. **[Bay elèv yo 60 segonn. Aprè sa mande yon ti fi ak yon ti gason li mo yo ak atik la.]**
 - Kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

Aktivite 5 Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

b. Òtograf

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Chema tèks la

Kounye a, nou pral fè yon aktivite k ap ede nou jwenn enfòmasyon ki pi enpòtan nan tèks nou sot li a. M ap poze nou kèk kesyon. Pou chak kesyon, n ap ekri repons la nan yon ti bwat. Ale nan egzèsis # 4 la.
[Ede elèv yo idantifye kote pou yo ekri repons yo. Aprè chak kesyon, pase verifye si elèv yo ekri repons yo nan plas yo.]

Nou ta renmen kuit yon manje nou renmen manje.

- Ki engredyen n ap mete nan manje a ? (Bwat # 1)
- Ki manje n ap fè a ? (Bwat # 2)
- Ki materiel n ap itilize ? (Bwat # 3)

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 6 Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **kèk fraz** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 57 la pou nou li fraz yo. Sonje byen gade siy ponktiyasyon ki nan chak fraz pou nou ka bay vwa nou ton ki mache ak yo. *[Li fraz la pou bay elèv yo egzanp. Aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li fraz la pou kont yo.]*

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]*
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **itilizasyon atik la** ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]*
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? *[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]*
4. **[Aprè sa di :]** Nou te li yon bèle tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèle tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Sa mwen ka fè

Sa desen yo di (2 minit)

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon **bann desine**. Yon **bann desine** se yon seri desen yo itilize pou rakonte yon istwa.

Nou pral gade desen yo epi n ap li pawòl chak pèsónaj ki pale. [Bay elèv yo 30 segonn.]

Kounye a, nou pral di sa nou panse sou pawòl pèsónaj yo nan **bann desine** a.

Pou ki sa nou panse menm jan ak Maryo yon timoun dwe toujou ap fabrike pwop jwèt li ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Èske nou panse Rita byen aji lè li mande Maryo montre li fè kòkòt an papye a ? Pou ki sa ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Rapèl

Nan dènye lesон an nou te pale sou **tèks enjonktif**. Kilès ki ka di m ki sa yon **tèks enjonktif** ye ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Nou te di tèks enjonktif la se yon tèks ki bay **konsiy** sou jan pou nou fè divès aktivite. Kilès ki ka di m ki sa yon **konsiy** ye ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Lè yon mo fini ak son (**I, k, y, j, p, t**) ki atik nou ka mete dèyè li ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Aktivite 1

Li mo kle lesон an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 58 la. Li mo yo. [Mande elèv yo li mo yo ansam. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.].

Aktivite 2

Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : papye

1. [Ekri fraz sa a sou tablo a. « Sandra ap ekri nan yon fèy papye. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]

– Leve men nou si nou konnen mo **papye**.

– Kilès ki ka di mwen ki sa mo **papye** vle di nan fraz nou sot li a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

2. Nan tèks nou pral li jodi a, **papye** vle di : **fèy ki sèvi pou moun ekri**.

3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **papye**. [Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]

b. Dezyèm mo a se : kare

1. [Ekri fraz sa a sou table a. « Lakou lekòl la gen fòm kare. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]
 - Leve men nou si nou konnen mo **kare**.
 - Kilès ki ka di mwen ki sa mo **kare** vle di nan fraz nou sot li a ? [**Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.**]
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **kare** vle di : **fòm jewometri ki gen kat kote menm longè ak kat ang dwat.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **kare**. [**Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.**]

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Konpreyansyon (5 minit)

Nou pral li yon tèks ansanm. Anvan nou li tèks la, nou pral fè kèk egzesis k ap ede nou konprann tèks la pi byen.

a. Prediksyon daprè desen

Kounye a, nou pral sèvi ak desen ki mache avèk tèks la pou nou devine sa ki pral pase ladan I.

[Montre desen an epi di :]

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou ki sa tèks la pral pale. [**30 segonn**]
2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. [**30 segonn**]
3. Kilès ki ka di m sou ki sa li panse ki pral pase nan tèks la ? [**Chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou reponn kesyon an. Epi ekri repons yo bay yo sou table a.**]

b. Kontèks tèks la

Kounye a, nou pral reflechi sou kèk eleman k ap ede konprann tèks nou pral li jodi a.

Kesyon yo :

1. Ki sa nou konn fè ak papye ? [**Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.**]
2. Kilès ki ka di m non yon jwèt li konn fè ak papye ? [**Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.**]

Aktivite 4 Li tèks (12 minit) [Tit : Kòkòt an papye]

Tèks nou pral li jodi a se yon **tèks enjonktif**.

Nou dwe konnen

1. Yon **tèks enjonktif** se yon tèks ki bay yon seri **konsiy** sou jan pou nou fè divès aktivite.
2. Yon **konsiy** se sa yon moun di pou li aprann lòt moun jan pou yo fè divès aktivite.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 58 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. [**Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.**]

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Ki jan yo rele jwèt nou pral reyalize a ?
2. Ki sa yo bezwen pou yo reyalize li ?
3. Ki kalite mo ki nan kòmansman chak fraz yo ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Li rele **zwazo vole**. Tout timoun kanpe. Lè mwen di non yon bêt ki se yon zwazo n ap leve n ap fè mouvan zwazo k ap vole. Lè m di non yon bêt ki pa zwazo n ap chita. Nou pare !

Pijon – chat – toutrèl – chen – madan sara – kodenn

Aktivite 5 Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou **detèminan nan fraz**.

Nou dwe konnen

1. Yon **detèminan** se yon mo ki mache ak yon non epi ki bay presizyon sou non an.
2. Yon **atik** se yon detèminan. Sa vle di, se yon mo ki mache ak yon non epi ki bay presizyon sou non an.
3. Nan lang kreyòl, **atik** yo se : **la, a, an, nan, lan, yo** ak **yon**.
4. Pi fò **atik** yo toujou vini aprè non yo. Se sèl **atik yon** ki vini anvan non an.
5. Chak fwa nou wè yon mo ki fini ak son **an, en, on**, n ap mete atik **an** dèyè li.

LESON 58

Kounye a, mwen pral ekri kèk mo aprè sa m ap sèke tout mo mwen ka mete atik **an** dèyè yo.

Tou pa m

- [**Ekri mo sa yo sou tablo a konsa : « maten – pantalon – mapou. »]**
- M ap li mo yo : **maten – pantalon – mapou**
 - [**Aprè sa di :**] M ap pase yon trè anba tout mo mwen ka mete atik an dèyè yo.
 - **maten – pantalon – mapou**
 - [**Aprè sa di :**] Mo **maten** fini ak son /en/ donk m ap mete atik **an** dèyè li : **maten an**. Mo **pantalon** fini ak son /on/ donk m ap mete atik **an** dèyè li : **pantalon an**.
 - [**Di :**] Chak fwa mwen wè yon mo ki fini ak yon son **an, en, on**, m ap mete atik **an** dèyè li.

An n fè l'ansanm

- Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj lesion 58 la pou nou fè egzèsis # 1 an.
- An n li mo yo : **van – pate – baton**
- An n pase yon trè anba tout mo nou ka mete atik **an** dèyè yo.
 - **van – pate – baton**
 - [**Aprè sa di :**]
 - Mo **van** fini ak son /an/ donk n ap mete atik **an** dèyè li : **van an**. Mo **baton** fini ak son **on** donk n ap mete atik **an** dèyè li : **baton an**.
 - [**Di :**] Chak fwa nou wè yon mo ki fini ak yon son **an, en, on**, n ap mete atik **an** dèyè li.

Tou pa nou

- [**Li mo sa yo ansanm ak elèv yo.**]

kan – kousen – tè – amidon.

- [**Aprè sa di :**] Pase yon trè anba tout mo nou ka mete atik **an** dèyè yo. Aprè sa ekri mo a ak atik la dèyè li. [**Bay elèv yo 60 segonn. Aprè sa mande yon ti fi ak yon ti gason li mo yo ak atik la.**]
- Kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

Aktivite 6 Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

b. Òtograf

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 4 la.

Aktivite 7 Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini lesion jodi a, nou pral li **yon kontin** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj lesion 58 la pou nou li kontin nan. Chak fwa nou rive sou mo ki gen trè anba li a, n ap di mo sa a pi fò. [**Li kontin nan pou bay elèv egzanp, aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li kontin nan pou kont yo.**]

Enpòtan

[**Ekri pwezi ki nan paj lesion 60 nan liv elèv la sou tablo a. Mande elèv yo kopye li nan yon ti kaye. Aprè sa di yo pou yo byen aprann pwezi a lakay yo pou yo ka resite li nan klas la jou w ap fè lesion pwezi a.**]

Sa nou te aprann nan lesон jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan lesон an ? **[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan lesон an.]**
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **itilizasyon atik an** ? **[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan lesон an.]**
4. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? **[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]**
5. **[Aprè sa di :]** Nou te li yon bèle tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèle tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Sa mwen ka fè

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen se yon figi jewometri.

Mwen pa rektang.

Mwen pa triyang non plis.

Mwen gen kat ang dwat.

Mwen gen kat kote.

Chak kote mwen yo egal.

Ki sa mwen ye ? (Kare)

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisce.

Rapèl

Nan dènye lesон an nou te pale sou **tèks enjonktif**. Kilès ki ka di m ki sa yon **tèks enjonktif** ye ?

[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Nou te di tèks enjonktif la se yon tèks ki bay **konsiy** sou jan pou nou fè yon seri aktivite. Kilès ki ka di m ki sa yon **konsiy** ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Lè yon mo fini ak son (**an, en, on**) ki atik nou ka mete dèyè li ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Aktivite 1 Li mo kle lesон an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 59 la. Li mo yo. *[Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.]*

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : **ang**

1. *[Ekri fraz sa a sou tablo a. « kaye Venèl la gen 4 ang. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]*

- Leve men nou si nou konnen mo **ang**.
- Kilès ki ka di mwen ki sa mo **ang** vle di nan fraz nou sot li a ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

2. Nan tèks nou pral li jodi a, **ang** vle di : **kote de liy dwat rankontre**.

3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **ang**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

b. Dezyèm mo a se : pliye

1. [Ekri fraz sa a sou table a. « Lilin pliye fèy kaye a. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]
 – Leve men nou si nou konnen mo **pliye**.
 – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **pliye** vle di nan fraz nou sot li a ? [**Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.**]
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **pliye** vle di : **kase pou fè pli**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **pliye**. [**Bay elèv yo tan pou yo fè fraz yo epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou di fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.**]

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 **Li tèks (12 minit) [Tit : Kòkòt an papye]**

Jodi a, nou pral li menm **tèks enjonktif** nou te li nan dènye leson an.

Nou dwe konnen

1. Yon **tèks enjonktif** se yon tèks ki bay yon seri **konsiy** sou jan pou nou fè divès aktivite.
2. Yon **konsiy** se sa yon moun di pou li aprann lòt moun jan pou yo fè divès aktivite.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 59 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. [**Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.**]

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Lekti endividyle

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Ki jwèt ou konn reyalize ak papye ?
2. Èske w panse li fasil pou reyalize « Kòkòt an papye » a ? Pou ki sa ?
3. Ak kilès ou ta renmen fè l ? Bay rezon yo

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Li rele **zwazo vole**. Tout timoun kanpe. Lè mwen di non yon bêt ki se yon zwazo n ap leve n ap fè mouvan zwazo k ap vole. Lè m di non yon bêt ki pa zwazo n ap chita. Nou pare !

Bèf – poul – pentad – kabrit – pentad – kochon

Aktivite 4 Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou **atik nan fraz**.

Nou dwe konnen

1. Yon **atik** se yon detèminan. Sa vle di, se yon mo ki mache ak yon non epi ki bay presizyon sou non an.
2. Nan lang kreyòl, **atik** yo se : **la, a, an, nan, lan, yon** ak **yo**.
3. Pi fò **atik** yo toujou vini aprè non yo. Se sèl **atik yon** ki konn vini anvan non an.
4. Tout mo ki fini ak son (**n, eng...**) nou ap mete atik **nan** dèyè li.

Kounye a mwen pral ekri kèk mo aprè sa m ap sèke tout mo mwen ka mete atik **nan** dèyè yo.

Tou pa m

[Ekri mo sa yo sou tablo a konsa : « moun – pan – zepeng »]

- M ap li mo yo : **moun – pan – zepeng**
- **[Aprè sa di :]** M ap pase yon trè anba tout mo mwen ka mete atik nan dèyè yo.
- **moun – pan – zepeng**
- **[Aprè sa di :]** Mo **moun** fini ak son **/n/** donk m ap mete atik nan dèyè li : **moun nan**. Mo **zepeng** fini ak gwoup son **eng** donk m ap mete atik **nan** dèyè li : **zepeng nan**.
- **[Di :]** Chak fwa mwen wè yon mo ki fini ak yon son **n, eng**, m ap mete atik **nan** dèyè li.

An n fè l ansanm

Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj lesion 59 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

An n li mo yo : **pàn – gan – flann**.

- M ap pase yon trè anba tout mo mwen ka mete atik **nan** dèyè yo.
- **pàn – gan – flann**
- **[Aprè sa di :]** Mo **pàn** fini ak son **/n/** donk n ap mete atik **nan** dèyè li : **pàn nan**. Mo **flann** fini ak son **/n/** donk n ap mete atik **nan** dèyè li : **flann nan**.
- **[Di :]** Chak fwa nou wè yon mo ki fini ak yon son **n, eng**, n ap mete atik **nan** dèyè li.

Tou pa nou

[Li mo sa yo ansanm ak elèv yo.]

mereng – bannann – peny.

- **[Aprè sa di :]** Pase yon trè anba tout mo nou ka mete atik **nan** dèyè yo. Aprè sa ekri mo a ak atik la dèyè li. **[Bay elèv yo 60 segonn. Aprè sa mande yon ti fi ak yon ti gason li mo yo ak atik la.]**
- Kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

Aktivite 5 Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis #2 a.

b. Òtograf

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Chema tèks la

Kounye a, nou pral fè yon aktivite k ap ede nou jwenn enfòmasyon ki pi enpòtan nan tèks nou sot li a. M ap poze nou kèk kesyon. Pou chak kesyon, n ap ekri repons la nan yon ti bwat. Ale nan egzèsis # 4 la. **[Ede elèv yo idantifye kote pou yo ekri repons yo. Aprè chak kesyon, pase verifye si elèv yo ekri repons yo nan plas yo.]**

- Desine yon jwèt ou renmen fè nan gwo kare a.
- Ekri non jwèt la nan premye ti bwat la.
- Ekri sa ou bezwen pou ou fè jwèt la nan dezyèm ti bwat la.
- Ekri esplikasyon sou jan pou jwèt la fèt nan twazyèm bwat la.

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 6 Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **kèk fraz** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 59 la pou nou li fraz yo. Sonje byen gade siy ponkyasyon ki nan chak fraz pou nou ka bay vwa nou ton ki mache ak yo. *[Li fraz la pou bay elèv yo egzanp. Aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li fraz la pou kont yo.]*

Enpòtan

[Raple elèv yo pou yo repase pwezi yo te kopye nan ti kaye a. Di yo pou yo byen prepare li pou yo ka patisipe nan konkou pwezi semèn nan.]

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]*
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **utilizasyon atik nan** ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]*
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? *[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]*
4. **[Aprè sa di :]** Nou te li yon bèle tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèle tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Sa mwen ka fè

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen pa avwàn, mwen pa banana.

Mwen sanble ak labouyi.

Mwen gou anpil, anpil.

Mwen fèt ak mayi oswa ak ble.

Yo bwè m ak lèt oswa san lèt.

Yo bwè m ak pen oswa san pen.

Lè mwen cho mwen pi bon.

Ki sa mwen ye ? (Akasan)

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye lesон an nou te pale sou **tèks enjonktif**. Kilès ki ka di m ki sa yon **tèks enjonktif** ye ?

[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Nou te di **tèks enjonktif** la se yon tèks ki bay yon seri **konsiy** sou jan pou nou fè divès aktivite. Kilès ki ka di m ki sa yon **konsiy** ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Lè yon mo fini ak son (**n**, **oun**, **ng**) ki atik nou ka mete dèyè li ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Aktivite 1

Li mo kle lesон an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 60 la. Li mo yo. *[Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.]*

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : kran

1. [Ekri fraz sa a sou table a. « Renèl se ti gason ki gen kran. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]
 – Leve men nou si nou konnen mo **kran**.
 – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **kran** vle di nan fraz nou sot li a ? [**Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.**]
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **kran** vle di : **sanfwa, kouraj**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **kran**. [**Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.**]

b. Dezyèm mo a se : towo

1. [Ekri fraz sa a sou table a. « Ti towo bèf sa a anfòm. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]
 – Leve men nou si nou konnen mo **towo**.
 – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **towo** vle di nan fraz nou sot li a ? [**Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.**]
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **towo** vle di : **mal bèf**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **towo**. [**Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.**]

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou **detèminan nan fraz**.

Nou dwe konnen

1. Yon **detèminan** se yon mo ki mache ak yon non epi ki bay presizyon sou non an.
2. Yon **atik** se yon detèminan. Sa vle di, se yon mo ki mache ak yon non epi ki bay presizyon sou non an.
3. Nan lang kreyòl, **atik** yo se : **la, a, an, nan, lan, yon** ak **yo**.
4. Pi fò **atik** yo toujou vini aprè non yo. Se sèl **atik yon** ki konn vini anvan non an.

Koute epi reponn ak pouz

Mwen pral li kèk fraz pou nou. Lè nou tande yon fraz ki kòrèk n ap leve pouz nou anlè. Lè nou tande yon fraz ki pa kòrèk mete pouz nou tèt anba.

Fraz yo

- Yon **atik** se yon mo kout ki bay presizyon sou non li akonpaye a.
- Yon **atik** se yon mo ki plase aprè yon non an.
- Nou mete **atik an** dèyè tout mo ki fini ak son **an, en, on**.
- Nou mete **atik nan** dèyè tout mo ki fini ak son **l, k, y, j, p, b, t**.
- Nou mete **atik la** dèyè tout mo ki fini ak son (**n, eng...**).

Aktivite 4 Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral fè egzèsis nan kaye nou.

a. Gramè

Kounye a, nou pral fè egzèsis nan kaye nou. Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 60 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

b. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

c. Òtograf

Nou pral koute epi ekri yon fraz nan kaye nou. Ale nan egzèsis # 3 a. Koute fraz la byen epi ekri li kòrèkteman nan kaye nou.

Pliye kat ang fèy la yon fason pou yo rive nan pwen ki nan mitan an.

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 4 ak 5.

Aktivite 5 Li tèks (12 minit) [Tit : Akasan]

Tèks n ap li jodi a se yon **pwezi**.

Nou dwe konnen

1. Yon **pwezi** se yon tèks ki itilize mo ak bèl fraz pou eksprime emosyon, lide ak santiman moun ki ekri l la.
2. Yon **emosyon** se sa ki fè yon moun santi li boulvèse oswa li kontan.
3. Yon **santiman** se sa yon moun santi anndan kè li.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 60 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. *[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]*

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Konkou pwezi

Moman konkou pwezi a rive. M ap chwazi kèk elèv pou vin resite pwezi a devan tout klas la. Pandan yon elèv devan an, tout rès klas la ap suiv san pale. *[Aprè chak elèv fin resite pwezi a, mande elèv yo bat yon gwo bravo pou li. Aprè sa, mande kèk elèv nan klas la pou yo di sa yo panse sou jan elèv la sot resite pwezi a.]*

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Ak ki sa yo fè akasan ?
2. Ki efè l ka fè sou kò moun ?
3. Èske w renmen akasan ? Bay rezon an.

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? **[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]**
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **itilizasyon atik** ? **[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]**
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? **[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]**
4. **[Aprè sa di :]** Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Enpòtans plant yo

Sa desen yo di (2 minit)

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon **bann desine**. Yon **bann desine** se yon seri desen yo itilize pou rakonte yon istwa.

Nou pral gade desen yo epi n ap li pawòl chak pèsonaj ki pale. [Bay elèv yo 30 segonn.]

Kounye a, nou pral di sa nou panse sou pawòl pèsonaj yo nan **bann desine** a.

Pou ki sa Maryo konseye Rita bouyi te vènenn pou manman li ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Pou ki sa zaboka bon daprè Maryo ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Rapèl

Nan dènye lesон an nou te pale sou **pwezi**. Kilès ki ka di m ki sa yon **pwezi** ye ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Nou te di yon pwezi souvan eksprime **santiman**. Kilès ki ka di m ki sa yon **santiman** ye ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Kilès ki ka di m pou ki sa yo mete detèminan bò kote non yo ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Aktivite 1 Li mo kle lesон an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 61 an. Li mo yo. [Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.].

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : dijesyon

1. [Ekri fraz sa a sou tablo a. « Mwen fè move **dijesyon** lè mwen manje lannwit. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]

– Leve men nou si nou konnen mo **dijesyon**.

– Kilès ki ka di mwen ki sa mo **dijesyon** vle di nan fraz nou sot li a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

2. Nan tèks nou pral li jodi a, **dijesyon** vle di : **transfòmasyon manje sibi nan vant yon moun avan li distribye nan divès pati kò li**.

3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **dijesyon**. [Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]

b. Dezyèm mo a se : vitamin

1. [Ekri fraz sa a sou tablo a. « Legim yo gen anpil vitamin. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]
 – Leve men nou si nou konnen mo **vitamin**.
 – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **vitamin** vle di nan fraz nou sot li a ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **vitamin** vle di : **eleman natirèl nou jwenn nan manje ki ede kò moun fonksyone byen.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **vitamin**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.**Aktivite 3 Konpreyansyon (5 minit)**

Nou pral li yon tèks ansanm. Anvan nou li tèks la, nou pral fè kèk egzesis k ap ede nou konprann tèks la pi byen.

a. Prediksyon daprè desen

Kounye a, nou pral sèvi ak desen ki mache avèk tèks la pou nou devine sa ki pral pase ladan l.

[Montre desen an epi di :]

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou ki sa tèks la pral pale. [**30 segonn**]
2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. [**30 segonn**]
3. Kilès ki ka di m sou ki sa li panse ki pral pase nan tèks la ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou reponn kesyon an. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.*]

b. Kontèks tèks la

Kounye a, nou pral reflechi sou kèk eleman k ap ede konprann tèks nou pral li jodi a.

Kesyon yo :

1. Kilès ki ka site non kèk pyebwa li konnen ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.*]
2. Èske nou panse tout pyebwa yo ka itil nou ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.*]
3. Èske nou panse plant ki piti yo ka itil nou ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.*]

Aktivite 4 Li tèks (12 minit) [Tit : Vèvenn ak Pye zaboka]

Tèks nou pral li jodi a se yon ti **pyès teyat**.

Nou dwe konnen

1. Yon **pyès teyat** se yon tèks ki fèt pou komedyen jwe sou sèn devan yon piblik.
2. Yon **pèsonaj** se wòl yon aktè ka jwe sou sèn nan yon pyès teyat.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 61 an pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. [*Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.*]

b. Li istwa a de pa de

Istwa jodi a se yon pyès teyat. Li gen de pèsonaj : Vènenn ak Pye zaboka.

Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou ou di li kilès nan pèsonaj yo ou pi renmen. [30 segonn].

[*Aprè sa mande yo :*] Kilès ki ka di m ki pèsonaj li pi renmen ? Pou ki sa ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason*]

Kounye a, nou pral li pyès teyat la de pa de. Sa vle di nou chak pral li pawòl yon pèsonaj. [*Asire ou chak elèv chwazi yon pèsonaj. Aprè sa mande yo chak pou yo li sèlman pati ki pou yo a. Verifye travay elèv yo epi bay fidbak.*]

c. Jwe pyès teyat la

Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou jwe pyès teyat la devan klas la. Sonje fè jès epi bay ton ki mache ak sa n ap di a pou pyès la ka enteresan, pou pèsonaj yo ka vivan. [*Chak fwa ou chwazi de elèv, ba yo chak yon wòl. Mande klas la aplodi aprè chak prezantasyon.*]

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Ki jan yo rele pèsonaj ki nan tèks la ?
2. Kilès nan fraz sa yo ki kòmanse istwa ?
 - Nan lakou Sekoya gen tout kalite pyebwa.
 - Pye Zaboka tanmen yon sèl diskisyon ak Vèvènn.
3. Èske Pye Zaboka ak Vèvènn itil ? Pou ki sa ?
4. Pou ki sa yo di tout plant gen plas yo nan lakou a ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Tout timoun kanpe. Mwen pral di yon seri mo. Chak fwa mwen di yon mo ki gen yon sèl silab n ap bat men nou yon fwa. Lè mo a gen de silab n ap bat men nou de fwa. Lè mo a gen twa silab n ap bat men nou twa fwa. Nou pare !

Ti kit – koulèv – zòtolan – jako – pwason

Aktivite 5 Gramè (8 minit)

Kounye a, nou pral fè yon aktivite sou **atik**.

Nou dwe

1. Yon **atik** se yon detèminan. Sa vle di, se yon mo ki mache ak yon non epi ki bay presizyon sou non an.
2. Nan lang kreyòl, **atik** yo se : **la, a, an, nan, lan, yon** ak **yo**.
3. Pi fò **atik** yo toujou vini aprè non yo. Se sèl **atik yon** ki konn vini anvan non an.

Jodi a, n ap travay sou atik **yon**.

Tou pa m

[**Ekri fraz sa a sou tablo a konsa : « Josèt mete yon kosaj sou li. »**]

- M ap li fraz la : **Josèt mete yon kosaj sou li.**
- M ap sèke mo **(yon)**.
- Mo **yon** se yon atik. Li mache ak mo kòsaj (**yon kosaj**). Pa blyie mo kòsaj se yon non.
- Lè mwen di **yon kòsaj** mwen vle di se yon sèl kòsaj.
- Donk mo **yon** ki se yon atik, bay presizyon sou kantite kòsaj Jozèt mete sou li.

An n fè l'ansanm

Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj lesion 61 an pou nou fè egzèsis # 1 an.

- An n li fraz la : **Josèt mete yon kosaj sou li.**
- An n sèke mo **(yon)**.
- Mo **yon** se yon atik. Li mache ak mo kòsaj (**yon kosaj**). Pa blyie mo kòsaj se yon non.
- Lè nou di **yon kòsaj** nou vle di se yon sèl kòsaj.
- Donk mo **yon** ki se yon atik, bay presizyon sou kantite kòsaj Jozèt mete sou li.

Tou pa nou

[**Li dezyèm fraz la ansanm ak elèv yo.]**

Richmon achte yon valiz.

- [Aprè sa di :] Sèke atik la nan fraz la. Aprè sa fè yon lòt fraz ki gen atik **yon**.
- [Bay elèv yo 60 segonn.]
- Kontinye fè egzèsis la nan kaye nou.

Aktivite 6 **Egzèsis nan kaye (12 minit)**

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

b. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 4 la.

Aktivite 7 **Li ak bon ton (3 minit)**

Anvan nou fini lesion jodi a, nou pral li **yon kontin** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj lesion 61 an pou nou li kontin nan. Chak fwa nou rive sou mo ki gen trè anba li a, n ap di mo sa a pi fò. [**Li kontin nan pou bay elèv egzanp, aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li kontin nan pou kont yo.**]

Sa nou te aprann nan lesion jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan lesion an ? [**Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan lesion an.**]
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **utilizasyon atik yon** ? [**Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan lesion an.**]
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? [**Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.**]
4. [**Aprè sa di :**] Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Enpòtans plant yo

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen se yon kalite manje.

Mwen fèt ak leti, kreson, tomat,

Bètrav, kawòt, konkonm...

Yo manje ak lòt manje tankou diri.

Konsa tou yo ka manje m kri.

Ki sa mwen ye ? (salad)

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye lesон an nou te pale sou **pyès teyat**. Kilès ki ka di m ki sa yon **pyès teyat** ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Nou te pale tou **pèsonaj** ki nan yon pyès teyat ? Kilès ki ka di m ki sa yon **pèsonaj** ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Èske nou ka mete atik **yon** aprè yon non ? Pou ki sa ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Aktivite 1 Li mo kle lesон an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 62 a. Li mo yo. *[Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.]*

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : rimatis

1. *[Ekri fraz sa a sou table a. « Emànyèl pa ka mache paske li gen yon doulè rimatis. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]*

– Leve men nou si nou konnen mo **rimatis**.

– Kilès ki ka di mwen ki sa mo **rimatis** vle di nan fraz nou sot li a ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

2. Nan tèks nou pral li jodi a, **rimatis** vle di : **gwo doulè moun genyen nan mis, nan atikilasyon kò yo.**

3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **rimatis**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

b. Dezyèm mo a se : fonksyone

1. [Ekri fraz sa a sou table a. « Lè yon moun manje ligim ak fwi, kò li **fonksyone** byen. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]
– Leve men nou si nou konnen mo **fonksyone**.
– Kilès ki ka di mwen ki sa mo **fonksyone** vle di nan fraz nou sot li a ? [**Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.**]
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **fonksyone** vle di : **mache san pwoblèm**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **fonksyone**. [**Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.**]

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.**Aktivite 3****Li tèks (12 minit) [Tit : Vèvenn ak pye Zaboka]**

Jodi a, nou pral li menm **ti pyès teyat** nou te te li nan dènye lesion an.

Nou dwe konnen

1. Yon **pyès teyat** se yon tèks kote ki fèt pou komedyen jwe sou sèn devan yon piblik.
2. Yon **pèsonaj** se wòl yon komedyen ka jwe sou sèn nan yon pyès teyat.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj lesion 62 a pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. [*Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.*]

b. Li istwa a de pa de

Istwa jodi a se yon pyès teyat. Li gen de pèsonaj : Vènenn ak Pye zaboka.

Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou ou di li kilès nan pèsonaj yo ou pi renmen. [30 segonn].

[*Aprè sa mande yo :*] Kilès ki ka di m ki pèsonaj li pi renmen ? Pou ki sa ? [**Chwazi yon ti fi ak yon ti gason**]

Kounye a, nou pral li pyès teyat la de pa de. Sa vle di nou chak pral li pawòl yon pèsonaj. [*Asire ou chak elèv chwazi yon pèsonaj. Aprè sa mande yo chak pou yo li sèlman pati ki pou yo a. Verifye travay elèv yo epi bay fidbak.*]

c. Jwe pyès teyat la

Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou jwe pyès teyat la devan klas la. Sonje fè jès epi bay ton ki mache ak sa n ap di a pou pyès la ka enteresan, pou pèsonaj yo ka vivan. [*Chak fwa ou chwazi de elèv, ba yo chak yon wòl. Mande klas la aplodi aprè chak prezantasyon.*]

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Kilès nan pèsonaj yo ou pi renmen ? Pou ki sa ?
2. Èske w dakò ak Vèvenn lè l di chak plant gen enpòtans pa li ? Bay rezon an.
3. Daprè ou èske istwa fini byen ? Pou ki sa ?
4. Si w te nan plas otè a ki jan w t ap fini istwa a ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Li rele **zwazo vole**. Tout timoun kanpe. Lè mwen di non yon bêt ki se yon zwazo n ap leve n ap fè mouvan zwazo k ap vole. Lè m di non yon bêt ki pa zwazo n ap chita. Nou pare !
Kaw – bourik – sèpantye – malfini – zandolit

Aktivite 4 Gramè (8 minit)

Kounye a, nou pral fè yon aktivite sou **atik**.

Nou dwe

1. Yon atik se yon detèminan. Sa vle di, se yon mo ki mache ak yon non epi ki bay presizyon sou non an.
2. Nan lang kreyòl, **atik** yo se : **la, a, an, nan, lan, yon** ak **yo**.
3. Pi fò **atik** yo toujou vini aprè non yo. Se sèl **atik yon** ki konn vini anvan non an.

Jodi a, n ap travay sou atik **yo**.

Tou pa m

[Ekri fraz sa a sou table a konsa : « Kanòl ranmase tout rad yo. »]

- M ap li fraz la : **Kanòl ranmase tout rad yo.**
- M ap sèke mo **(yo)**.
- Mo **yo** se yon atik. Li mache ak mo rad (**rad yo**). Pa bliye mo rad se yon non.
- Lè mwen di **rad yo** mwen vle di plizyè rad.
- Donk mo **yo** ki se yon atik, bay presizyon sou kantite rad Kanòl ranmase.

An n fè l ansanm

Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj lesion 62 a pou nou fè egzèsis # 1 an.

- An n li fraz la : **Kanòl ranmase tout rad yo.**
- An n sèke mo **(yo)**.
- Mo **yo** se yon atik. Li mache ak mo rad (**rad yo**). Pa bliye mo rad se yon non.
- Lè nou di **rad yo** nou vle di se plizyè rad.
- Donk mo **yo** ki se yon atik, bay presizyon sou kantite kòsaj rad Kanòl ranmase.

Tou pa nou

[Li dezyèm fraz la ansanm ak elèv yo.]

Remon achte zouti yo.

- **[Aprè sa di :]** Sèke atik la nan fraz la. Aprè sa fè yon lòt fraz ki gen atik **yo**.
- **[Bay elèv yo 60 segonn.]**
- Kontinye fè egzèsis la nan kaye nou.

Aktivite 5 Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

b. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Chema tèks la

Kounye a, nou pral fè yon aktivite k ap ede nou jwenn enfòmasyon ki pi enpòtan nan tèks nou sot li a. M ap poze nou kèk kesyon. Pou chak kesyon, n ap ekri repons la nan yon ti bwat. Ale nan egzèsis # 4 la.
[Ede elèv yo idantifye kote pou yo ekri repons yo. Aprè chak kesyon, pase verifye si elèv yo ekri repons yo nan plas yo.]

- Ekri non tout pèsonaj nou jwenn nan tèks la nan ti bwat ki pou pèsonaj yo.
- Ki kote pèsonaj yo ye ?
- Ki sa ki pase nan istwa a ?
- Ki sa pèsonaj yo fè ?
- Ki jan istwa a fini ?

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 6 Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **kèk fraz** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 62 a pou nou li fraz yo. Sonje byen gade siy ponktiyasyon ki nan chak fraz pou nou ka bay vwa nou ton ki mache ak yo. *[Li fraz la pou bay elèv yo egzanp. Aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li fraz la pou kont yo.]*

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]*
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **utilizasyon atik yo** ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]*
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? *[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]*
4. **[Aprè sa di :]** Nou te li yon bèle tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèle tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Enpòtans plant yo

Sa desen yo di (2 minit)

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon **bann desine**. Yon **bann desine** se yon seri desen yo itilize pou rakonte yon istwa.

Nou pral gade desen yo epi n ap li pawòl chak pèsonaj ki pale. [Bay elèv yo 30 segonn.]

Kounye a, nou pral di sa nou panse sou pawòl pèsonaj yo nan **bann desine** a.

Èske menm jan ak Rita nou panse konn li ak ekri se bèl bagay ? Pou ki sa ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Pou ki sa daprè nou, Maryo di lè moun konn li lavi li pi fasil ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Rapèl

Nan dènye lesон an nou te pale sou **pyès teyat**. Kilès ki ka di m ki sa yon **pyès teyat** ye ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Nou te pale tou pèsonaj ki nan yon pyès teyat ? Kilès ki ka di m ki sa yon pèsonaj ye ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Èske nou ka mete atik **yo** anvan yon non ? Pou ki sa ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Aktivite 1 **Li mo kle lesон an (2 minit)**

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 63 a. Li mo yo. [Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.]

Aktivite 2 **Vokabilè (10 minit)**

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : tanperati

1. [Ekri fraz sa a sou tablo a. « Nan pòtoprens, tanperati a souvan cho. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]

- Leve men nou si nou konnen mo **tanperati**.
- Kilès ki ka di mwen ki sa mo **tanperati** vle di nan fraz nou sot li a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

2. Nan tèks nou pral li jodi a, **tanperati** vle di : **nivo chalè oswa fredi ki gen yon kote**.

3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **tanperati**. [Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]

b. Dezyèm mo a se : savoure

1. [Ekri fraz sa a sou table a. « Pòl pran tout tan li pou li savoure pòm nan. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]
 – Leve men nou si nou konnen mo **savoure**.
 – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **savoure** vle di nan fraz nou sot li a ? [**Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.**]
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **savoure** vle di : **manje avèk plezi yon fason pou montre ou apresye manje a.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **savoure**. [**Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.**]

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.**Aktivite 3 Konpreyansyon (5 minit)**

Nou pral li yon tèks ansanm. Anvan nou li tèks la, nou pral fè kèk egzèsis k ap ede nou konprann tèks la byen.

a. Prediksyon daprè tit

Kounye a, nou pral sèvi ak tit tèks la pou nou devine sou ki sa tèks la pral pale.

[**Ekri tit sa a sou table a : Lèt Chèlin Women pou Nina Aleksann.**]

[**Aprè sa di :**] Sa a se tit tèks jodi a. Li tit la ; aprè sa mande tèt ou ki sa ki pral pase nan tèks la. Kilès ki ka di mwen ki sa li panse ki pral pase nan tèks la ? [**Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Epi ekri repons yo bay yo sou table a.**]

b. Kontèks tèks la

Kounye a, nou pral reflechi sou kèk eleman k ap ede konprann tèks nou pral li jodi a.

Kesyon yo :

1. Kilès ki ka pale de yon vizit li te fè ak lekòl li deja ? [**Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.**]
2. Èske nou konn vizite yon zòn ki gen mòn ? Ki sa nou konn wè ? [**Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.**]

Aktivite 4 Li tèks (12 minit) [Tit : Lèt Chèlin Women pou Nina Aleksann]

Tèks nou pral li jodi a se yon **lèt**.

Nou dwe konnen

1. Yon **lèt** se yon mesaj ekri yon moun voye bay yon lòt moun. Li pèmèt yon moun komuniké ak yon lòt moun.
2. Kèlkeswa **lèt** n ap ekri, nou dwe mete non vil kote nou ye pandan n ap ekri lèt la ak dat jou nou ekri lèt la. Nou dwe ekri enfòmasyon sa yo sou bò dwat papye a.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 63 a pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. [**Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.**]

LESON 63

b. Koute tèks la

Kounye a, mwen pral li tèks la pou nou. Koute byen pou nou ka fè yon bon lekti aprè. [Pran liv elèv la, ale nan paj lesion 63 a.]

c. Lekti endividiyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Nan ki dat yo ekri lèt la ?
2. Ki relasyon ki genyen ant 2 pèsonaj yo ?
3. Ki kote elèv yo te al vizite ?
4. Ki dekouvèt yo fè nan zòn nan ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Li rele **zwazo vole**. Tout timoun kanpe. Lè mwen di non yon bêt ki se yon zwazo n ap leve n ap fè mouvan zwazo k ap vole. Lè m di non yon bêt ki pa zwazo n ap chita. Nou pare !

Ti kit – koulèv – zòtolan – jako – pwason

Aktivite 5 Egzèsis nan kaye (12 minit)

a. Egzèsis gramè

Kounye a, nou pral fè egzèsis sou **detèminan**. Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj lesion 63 a pou nou fè egzèsis # 1 an. [Li konsiy nan pou elèv yo.]

Nou dwe konnen

1. Yon **detèminan** se yon mo ki mache ak yon non epi ki bay presizyon sou non an.
2. Yon **atik** se yon detèminan. Sa vle di, se yon mo ki mache ak yon non epi ki bay presizyon sou non an.
3. Nan lang kreyòl, **atik** yo se : **la, a, an, nan, lan, yo** ak **yon**.
4. Pi fò **atik** yo toujou vini aprè non yo. Se sèl **atik yon** ki vini anvan non an.

b. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

c. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 4 la.

Aktivite 6 Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **yon kontin** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 63 a pou nou li kontin nan. Chak fwa nou rive sou mo ki gen trè anba li a, n ap di mo sa a pi fò. [*Li kontin nan pou bay elèv egzanp, aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li kontin nan pou kont yo.*]

Enpòtan

[Ekri pwezi ki nan paj leson 65 nan liv elèv la sou tablo a. Mande elèv yo kopye li nan yon ti kaye. Aprè sa di yo pou yo byen aprann pwezi a lakay yo pou yo ka resite li nan klas la jou w ap fè leson pwezi a.]

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]*
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **utilizasyon atik** ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]*
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? *[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]*
4. **[Aprè sa di :]** Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Enpòtans plant yo

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen se yon kalite manje.

Anpil moun renmen m.

Lèswa sitou machann fè m pou vann.

Mwen fèt ak bannan peze,

Pòmdete, patat, veritab fri.

Ansuit yo ajoute pikliz ak vinèg.

Ki sa mwen ye ? (Fritay)

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye lesон an nou te pale sou **lèt**. Kilès ki ka di m ki sa yon **lèt** ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Ki kote nou dwe ekri non vil ak dat sou yon fèy papye lè n ap ekri yon lèt ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Site kèk atik nou konnen nan lang kreyòl ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Aktivite 1

Li mo kle lesон an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 64 a. Li mo yo. *[Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.]*

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : direksyon

1. **[Ekri fraz sa a sou table a. «Timoun yo ale nan direksyon lekòl la. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]**
 - Leve men nou si nou konnen mo **direksyon**.
 - Kilès ki ka di mwen ki sa mo **direksyon** vle di nan fraz nou sot li a ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]**
 - Nan fraz sa a **direksyon** vle di: **biwo kote direktè lekòl resevwa tout moun.**
2. Men yon lòt fraz : « Kabrit yo t ap soti nan direksyon jaden an. »
 - Kilès ki ka di mwen ki sa mo **direksyon** vle di nan fraz sa a ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]**
3. Nan tèks nou pral li jodi a, **direksyon** vle di : **wout yon moun ka pran.**
4. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **direksyon**. **[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]**

b. Dezyèm mo a se : konplèks

1. **[Ekri fraz sa a sou table a. « Seleksyon nasyonal la jwe devan ekip Chili a san konplèks. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]**
 - Leve men nou si nou konnen mo **konplèks**.
 - Kilès ki ka di mwen ki sa mo **konplèks** vle di nan fraz nou sot li a ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]**
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **konplèks** vle di : **sa ki fè yon moun jennen oswa timid lè I ap aji.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **konplèks**. **[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]**

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.**Aktivite 3 Li tèks (12 minit) [Tit : Lèt Chèlin Women pou Nina Aleksann]**

Jodi a, nou pral li menm **lèt** nou te li nan dènye lesон an.

Nou dwe konnen

1. Yon **lèt** se yon mesaj ekri yon moun voye bay yon lòt moun. Li pèmèt yon moun kominike ak yon lòt moun.
2. Kèlkeswa **lèt** n ap ekri, nou dwe mete non vil kote nou ye pandan n ap ekri lèt la ak dat jou nou ekri lèt la. Nou dwe ekri enfòmasyon sa yo sou bò dwat papye a.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la poukонт nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj lesон 64 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. **[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]**

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

LESON 64

c. Lekti endividiyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Pou ki rezon Nina ekri Chèlin ?
2. Esplike nan ki sans yo di tanperati a chanje ?
3. Èske w konn al fè vizit ak lekòl ou ? Di sa w konn fè.
4. Si w te resevwa lèt sa a, ki jan w t ap reyaji ? Pou ki sa ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Tout timoun kanpe. Lè mwen di non yon bêt ki se yon zwazo n ap leve n ap fè mouvan zwazo k ap vole. Lè m di non yon bêt ki pa zwazo n ap chita. Nou pare !

Kaw – bourik – sèpantye – malfini – zandolit

Aktivite 4 Egzèsis nan kaye (12 minit)

a. Egzèsis gramè

Kounye a, nou pral fè egzèsis sou **detèminan**. Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj lesion 64 la pou nou fè egzèsis # 1 an. [Li konsiy nan ak elev yo.]

Nou dwe konnen

1. Yon **detèminan** se yon mo ki mache ak yon non epi ki bay presizyon sou non an.
2. Yon **atik** se yon detèminan. Sa vle di, se yon mo ki mache ak yon non epi ki bay presizyon sou non an.
3. Nan lang kreyòl, **atik** yo se : **la, a, an, nan, lan, yo** ak **yon**.
4. Pi fò **atik** yo toujou vini aprè non yo. Se sèl **atik yon** ki vini anvan non an.

b. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

c. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

d. Chema tèks la

Kounye a, nou pral fè yon aktivite k ap ede nou jwenn enfòmasyon ki pi enpòtan nan tèks nou sot li a. M ap poze nou kèk kesyon. Pou chak kesyon, n ap ekri repons la nan yon ti bwat. Ale nan egzèsis # 4 la. [Ede elèv yo idantifye kote pou yo ekri repons yo. Aprè chak kesyon, pase verifye si elèv yo ekri repons yo nan plas yo.]

Nou pral bay enfòmasyon sou yon zòn nou ta renmen al vizite.

- Ki kote ou ta renmen al vizite ? (Bwat # 1)
- Ak kilès ou prale ? (Bwat # 2)
- Ki jan ou panse tanperati a ap ye ? (Bwat # 3)
- Ki aktivite ou pral fè pou ou amize ou ? (Bwat # 4)

e. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 5 Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **kèk fraz** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 64 la pou nou li fraz yo. Sonje byen gade siy ponktiyasyon ki nan chak fraz pou nou ka bay vwa nou ton ki mache ak yo. *[Li fraz la pou bay elèv yo egzanp. Aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li fraz la pou kont yo.]*

Enpòtan

[Raple elèv yo pou yo repase pwezi yo te kopye nan ti kaye a. Di yo pou yo byen prepare li pou yo ka patisipe nan konkou pwezi semèn nan.]

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]*
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **utilizasyon atik** ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]*
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? *[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]*
4. **[Aprè sa di :]** Nou te li yon bèle tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèle tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Enpòtans plant yo

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen se yon gaz natirèl.

Mwen pa gaz yo met nan lanp.

Mwen pa gaz yo met nan machin.

Mwen pa gen koulè.

Mwen pa gen odè non plis

Mwen se gaz ki pèmèt moun

Ak bèt respire epi rete vivan.

Ki sa mwen ye? (Oksijèn / Lè)

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye lesон an nou te pale sou **lèt**. Kilès ki ka di m ki sa yon **lèt** ye ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Ki kote nou dwe ekri Non vil ak dat sou yon fèy papye lè n ap ekri yon lèt ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Site kèk atik nou konnen nan lang kreyòl ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Aktivite 1 Li mo kle lesон an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 65 la. Li mo yo. *[Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.]*

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : banda

1. *[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Mata pran wout la byen banda. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]*

- Leve men nou si nou konnen mo **banda**.
- Kilès ki ka di mwen ki sa mo **banda** vle di nan fraz nou sot li a ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

2. Nan tèks nou pral li jodi a, **banda** vle di : **bwòde, byen chèlbè**.

3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **banda**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

b. Dezyèm mo a se : oksijèn

1. [Ekri fraz sa a sou table a. « Moun kou bêt bezwen **oksijèn** pou yo respire. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]
 – Leve men nou si nou konnen mo **oksijèn**.
 – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **oksijèn** vle di nan fraz nou sot li a ? [**Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.**]
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **oksijèn** vle di : **gaz san koulè ni odè ki pèmèt moun ak bêt respire.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **oksijèn** . [**Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.**]

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.**Aktivite 3 Gramè (5 minit)**

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou **detèminan**.

Nou dwe konnen

1. Yon **detèminan** se yon mo ki mache ak yon non epi ki bay presizyon sou non an.
2. Yon **atik** se yon detèminan. Sa vle di, se yon mo ki mache ak yon non epi ki bay presizyon sou non an.
3. Nan lang kreyòl, **atik** yo se : **la, a, an, nan, lan, yo** ak **yon**.
4. Pi fò **atik** yo toujou vini aprè non yo. Se sèl **atik yon** ki vini anvan non an.

Koute epi reponn ak pouz

Mwen pral li kèk fraz pou nou. Lè nou tande yon fraz ki kòrèk, n ap leve pouz nou anlè. Lè nou tande yon fraz ki pa kòrèk n ap mete pouz nou tèt anba.

Fraz yo

- Nan kreyòl, mo **yon** se yon **atik**.
- Yon **atik** se yon detèminan.
- **Detèminan** yo se mo ki mache ak non yo pou bay presizyon sou yo.
- Tout **atik** yo toujou plase aprè non yo.

Aktivite 4 Egzèsis nan kaye (12 minit)**a. Egzèsis gramè**

Kounye a, nou pral fè egzèsis sou detèminan. Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj lesion 65 la pou nou fè egzèsis # 1 an. [**Montre elèv yo jan gimè yo fèt anvan ou kontinye.**]

b. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

c. Òtograf

Nou pral koute epi ekri kèk fraz nan kaye nou. Ale nan egzèsis # 3 a. Koute fraz sa yo byen epi ekri yo kòrèkteman nan kaye nou.

Sou do mòn yo, nou dekouvri yon seri jaden legim byen trase. Anplis, tout arebò wout la dekore ak flè solèy ki leve san konplèks nan mitan wòch yo.

LESON 65

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 4 ak 5.

Aktivite 5

Li tèks (20 minit)

Tèks n ap li jodi a se yon **pwezi**.

Nou dwe konnen

1. Yon **pwezi** se yon tèks enteresan ki itilize mo ak bél fraz pou eksprime emosyon, lide ak santiman moun ki ekri l la.
2. Yon **emosyon** se sa ki fè yon moun santi li boulvèse oswa li kontan.
3. Yon **santiman** se sa yon moun santi anndan kè li.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj lesion 65 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. *[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]*

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Konkou pwezi

Moman konkou pwezi a rive. M ap chwazi kèk elèv pou vin resite pwezi a devan tout klas la. Pandan yon elèv devan an, tout rès klas la ap suiv san pale. *[Aprè chak elèv fin resite pwezi a, mande elèv yo bat yon gwo bravo pou li. Aprè sa, mande kèk elèv nan klas la pou yo di sa yo panse sou jan elèv la sot resite pwezi a.]*

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Enpòtans ki eleman nan lanati pwezi sa a montre ?
2. Ki enpòtans pyebwa genyen ?
3. Pou ki sa fè lafrehè ap ka taye banda ?
4. Daprè ou èske nou ka viv san pyebwa ? Bay rezon an.

Sa nou te aprann nan lesion jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan lesion an ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan lesion an.]*
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **itilizasyon atik** ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan lesion an.]*
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? *[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]*
4. **[Aprè sa di :]** Nou te li yon bél tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bél tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Kanaval ann Ayiti

Sa desen yo di (2 minit)

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon **bann desine**. Yon **bann desine** se yon seri desen yo itilize pou rakonte yon istwa.

Nou pral gade desen yo epi n ap li pawòl chak pèsonaj ki pale. [Bay elèv yo 30 segonn.]

Kounye a, nou pral di sa nou panse sou pawòl pèsonaj yo nan **bann desine** a.

Èske nou panse se nòmal lè Rita etone wè anpil aktivite sou channmas ? Pou ki sa ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Èske menm jan ak Maryo nou panse kanaval se gwo fèt ? Pou ki sa ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Rapèl

Nan dènye lesон an nou te pale sou **pwezi**. Kilès ki ka di m ki sa yon **pwezi** ye ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Nou te di yon pwezi souvan eksprime **santiman**. Kilès ki ka di m ki sa yon **santiman** ye ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Èske pi fò atik yo ka plase devan non yo ? Pou ki sa ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Aktivite 1 Li mo kle lesон an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 66 la. Li mo yo. [Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.]

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : esponnsò

1. [Ekri fraz sa a sou tablo a. « Komite a jwen esponnsò nan men plizyè biznismann. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]

– Leve men nou si nou konnen mo **esponnsò**.

– Kilès ki ka di mwen ki sa mo **esponnsò** vle di nan fraz nou sot li a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

2. Nan tèks nou pral li jodi a, **esponnsò** vle di : **moun oswa biznis ki bay lajan pou sipòte yon aktivite**.

3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **esponnsò**. [Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]

b. Dezyèm mo a se : reklam

1. [Ekri fraz sa a sou table a. « Pandan kanaval la, yo fè **reklam** pou tout bisnis ki te bay esponnsò yo. »
Mande elèv yo li fraz la epi di :]

– Leve men nou si nou konnen mo **reklam**.

– Kilès ki ka di mwen ki sa mo **reklam** vle di nan fraz nou sot li a ? [**Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.**]

2. Nan tèks nou pral li jodi a, **reklam** vle di : **mesaj ki pase nan radyo ak nan televizyon pou fè moun enterese achte yon pwodui.**

3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **reklam**. [**Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.**]

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Konpreyansyon (5 minit)

Nou pral li yon tèks ansanm. Anvan nou li tèks la, nou pral fè kèk egzesis k ap ede nou konprann tèks la pi byen.

a. Prediksyon daprè desen

Kounye a, nou pral sèvi ak desen ki mache avèk tèks la pou nou devine sa ki pral pase ladan I.

[Montre desen an epi di :]

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou ki sa tèks la pral pale. [**30 segonn**]

2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. [**30 segonn**]

3. Kilès ki ka di m sou ki sa li panse tèks la pral pale ? [**Chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou reponn kesyon an. Epi ekri repons yo bay yo sou table a.**]

b. Kontèks tèks la

Nou pral dekouvre kèk enfòmasyon ki gen rapò ak tèks nou pral li jodi a.

Kesyon yo :

1. Kilès ki ka di m ki epòk nan ane a ki toujou gen kanaval ? [**Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.**]

2. Kilès ki ka di m ki sa yo fè nan katye lakay li lè kanaval pral rive ? [**Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.**]

Aktivite 4 Li tèks (12 minit) [Tit : Kanaval rive]

Jodi a, nou pral li yon **tèks enfòmatif**.

Nou dwe konnen

1. Yon **tèks enfòmatif** se yon tèks ki bay enfòmasyon klè sou yon sijè.

2. **Enfòmasyon** yo se tout sa yo aprann oswa raple yon moun sou yon sijè.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 66 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. [**Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.**]

b. Koute tèks la

Kounye a, mwen pral li tèks la pou nou. Koute byen pou nou ka fè yon bon lekti aprè. [Pran liv elèv la. Li tèks : « Kanaval rive » pou elèv yo. Li tèks la ak bon ton pou bay elèv yo egzanp.]

c. Lekti endividyle

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Nan ki mwa kanaval kòmanse ann Ayiti ?
2. Ki enstriman bann a pye yo itilize ?
3. Ki kote yo konn fè defile pou kanaval la nan twa jou gra yo ?
4. Pou ki sa yo di kanaval se yon tradisyon ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Li rele **zwazo vole**. Tout timoun kanpe. Lè mwen di non yon bêt ki se yon zwazo n ap leve n ap fè mouvan zwazo k ap vole. Lè m di non yon bêt ki pa zwazo n ap chita. Nou pare !

Ti kit – koulèv – zòtolan – jako – pwason

Aktivite 5 Gramè (8 minit)

Kounye a, nou pral fè yon aktivite sou **detèminan posesif**.

Nou dwe konnen

1. Yon **detèminan posesif** se yon mo ki mache ak yon non epi ki fè nou wè yon bêt oswa yon objè se pou yon moun. Li ka fè nou wè tou relasyon ki genyen ant de moun.
2. Nan lang kreyòl, **detèminan posesif** yo se : **mwen, ou, li, nou**.
3. Tout **detèminan posesif** yo toujou vini aprè non an.

LESON 66

Jodi a, n ap travay sou detèminan posesif **mwen**.

Tou pa m

[*Ekri fraz sa a sou table a konsa : « Liv mwen an tou nèf. »*]

- M ap li fraz la : **Liv mwen an tou nèf.**
- M ap sèke mo **mwen**.
- Mo **mwen** se yon detèminan posesif. Li mache ak mo liv (**liv mwen**). Pa blyie mo liv se yon non.
- Lè mwen di **liv mwen** mwen vle di liv la se pou mwen.
- Donk mo **mwen** ki se yon detèminan posesif, fè nou wè pou kilès liv la ye.

An n fè l'ansanm

Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj lesion 66 a pou nou fè egzèsis # 1 an.

- An n li fraz la : **Liv mwen an tou nèf.**
- An n sèke mo **mwen**.
- Mo **mwen** se yon detèminan posesif. Li mache ak mo liv (**liv mwen**). Pa blyie mo liv se yon non.
- Chak fwa yon moun di **liv mwen**, li vle di : **liv la se pou mwen**.
- Donk mo **mwen** ki se yon detèminan posesif, fè nou wè pou kilès liv la ye.

Tou pa nou

[*Li dezyèm fraz la ansanm ak elèv yo.]*

Soulye mwen yo byen netwaye.

- [*Aprè sa di :*] Sèke detèminan posesif la nan fraz la. Aprè sa fè yon lòt fraz ki gen detèminan posesif nou sèke a ladan l.
- [**Bay elèv yo 60 segonn.**]
- Kontinye fè egzèsis la nan kaye nou.

Aktivite 6 Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

b. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Egzèsis konpreyansyon

Nou pral fè yon egzesis k ape de nou konprann tèks la pi byen. Ale nan egzèsis #4 la.

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 4 la.

Aktivite 7 Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini lesion jodi a, nou pral li **yon kontin** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj lesion 66 la pou nou li kontin nan. Chak fwa nou rive sou mo ki gen trè anba li a, n ap di mo sa a pi fò. [*Li kontin nan pou bay elèv egzanp, aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li kontin nan pou kont yo.*]

Sa nou te aprann nan lesон jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan lesон an ? **[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan lesон an.]**
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou itilizasyon detèminan posesif **mwen** ? **[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan lesон an.]**
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? **[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]**
4. **[Aprè sa di :]** Nou te li yon bèle tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèle tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Kanaval ann Ayiti

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen se yon gwo fèt popilè.

Mwen se koulè ak bèl degizman.

Mwen se moman madigra pran lari.

Mwen fèt an fevriye oswa an mas.

Mwen se fèt anpil ayisyen renmen.

Depi ou wè bann apye ak cha

Se mwen ki rive

Ki sa mwen ye ? (kanaval)

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye lesон an nou te pale sou **tèks enfòmatif**. Kilès ki ka di m ki sa yon **tèks enfòmatif** ye ?

[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Nou te di tèks enfòmatif la bay enfòmasyon sou yon sijè. Kilès ki ka di m kèk enfòmasyon li te aprann nan tèks enfòmatif nou te li nan dènye lesон an ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Kilès ki ka di m pou ki sa yo itilize **detèminan posesif** ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Aktivite 1

Li mo kle lesон an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 67 la. Li mo yo. *[Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.]*

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : estann

1. [Ekri fraz sa a sou table a. « Pou fèt katye a, komite a fè konstwi yon gwo **estann**. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]
 – Leve men nou si nou konnen mo **estann**.
 – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **estann** vle di nan fraz nou sot li a ? [**Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.**]
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **estann** vle di : **enstalasyon an bwa oswa an metal ki fèt anlè pou pèmèt moun asiste yon pwogram.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **estann**. [**Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.**]

b. Dezyèm mo a se : desepsyon

1. [Ekri fraz sa a sou table a. « Se yon gwo **desepsyon** pou paran yo lè pitit yon pa pase. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]
 – Leve men nou si nou konnen mo **desepsyon**.
 – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **desepsyon** vle di nan fraz nou sot li a ? [**Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.**]
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **desepsyon** vle di : **santiman yon moun genyen lè bagay yo pa pase jan li te swete.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **desepsyon**. [**Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.**]

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.**Aktivite 3 Li tèks (12 minit) [Tit : Kanaval rive]**

Jodi a, nou pral li menm **tèks enfòmatif** nou te li nan dènye lesion an

Nou dwe konnen

1. Yon **tèks enfòmatif** se yon tèks ki bay enfòmasyon klè sou yon sijè.
2. **Enfòmasyon** yo se tout sa yo aprann oswa raple yon moun sou yon sijè.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj lesion 67 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. [**Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.**]

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

- Èske w renmen epòk kanaval ? Pou ki sa ?
- Daprè ou pou ki rezon gwoup yo ka gen kontantman oswa desepsyon aprè anbyans kanaval la ?
- Di sa ou panse ki dwe chanje nan fason kanaval la fêt ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Li rele **zwazo vole**. Tout timoun kanpe. Lè mwen di non yon bêt ki se yon zwazo n ap leve n ap fè mouvan zwazo k ap vole. Lè m di non yon bêt ki pa zwazo n ap chita. Nou pare !

Kaw – bourik – sèpantye – malfini – zandolit

Aktivite 4 Gramè (8 minit)

Kounye a, nou pral fè yon aktivite sou **detèminan posesif**.

Nou dwe

- Yon **detèminan posesif** se yon mo ki mache ak yon non epi ki fè nou wè yon bêt oswa yon objè se pou yon moun. Li ka fè nou wè tou relasyon ki genyen ant de moun.
- Nan lang kreyòl, **detèminan posesif** yo se : **mwen, ou, li, nou**.
- Tout **detèminan posesif** yo toujou vini aprè non an.

Jodi a, n ap travay sou detèminan posesif **ou**.

Tou pa m

[Ekri fraz sa a sou table a konsa : « Pran kaye ou pou w fè devwa a ! »]

- M ap li fraz la : **Pran kaye ou pou w fè devwa a !**
- M ap sèke mo **ou**.
- Mo **ou** se yon detèminan posesif. Li mache ak mo kaye (**kaye ou**). Pa bliye mo kaye se yon non.
- Lè mwen di **kaye ou** mwen vle di kaye a se pou ou.
- Donk mo **ou** ki se yon detèminan posesif, fè nou wè pou kilès kaye a ye.

An n fè l ansanm

Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj lesion 66 a pou nou fè egzèsis # 1 an.

- An n li fraz la : **Pran kaye ou pou w fè devwa a !**
- An n sèke mo **ou**.
- Mo **ou** se yon detèminan posesif. Li mache ak mo kaye (**kaye ou**). Pa bliye mo kaye se yon non.
- Lè yon moun di **kaye ou** li vle di kaye a se kaye pa ou.
- Donk mo **ou** ki se yon detèminan posesif, fè nou wè pou kilès kaye a ye.

Tou pa nou

[Li dezyèm fraz la ansanm ak elèv yo.]

Chosèt ou a chire.

- **[Aprè sa di :]** Sèke detèminan posesif la nan fraz la. Aprè sa fè yon lòt fraz ki gen detèminan posesif ou te sèke a ladan l.
- **[Bay elèv yo 60 segonn.]**
- Kontinye fè egzèsis la nan kaye nou.

Aktivite 5 Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

b. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Chema tèks la

Kounye a, nou pral fè yon aktivite k ap ede nou jwenn enfòmasyon ki pi empòtan nan tèks nou sot li a. M ap poze nou kèk kesyon. Pou chak kesyon, n ap ekri repons la nan yon ti bwat. Ale nan egzèsis # 4 la.
[Ede elèv yo idantifye kote pou yo ekri repons yo. Aprè chak kesyon, pase verifye si elèv yo ekri repons yo nan plas yo.]

- Ki kote gwoup yo voye mizik yo ? (bwat #1)
- Ki kote gwoup yo enskri ? (bwat #2)
- Site kèk enstriman bann a pye yo itilize. (bwat #3)

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 6 Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **yon kontin** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 67 la pou nou li kontin nan. Chak fwa nou rive sou mo ki gen trè anba li a, n ap di mo sa a pi fò.
[Li kontin nan pou bay elèv egzanp, aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li kontin nan pou kont yo.]

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]*
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou itilizasyon detèminan posesif **ou** ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]*
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? *[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]*
4. **[Aprè sa di :]** Nou te li yon bèle tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèle tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Kanaval ann Ayiti

Sa desen yo di (2 minit)

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon **bann desine**. Yon **bann desine** se yon seri desen yo itilize pou rakonte yon istwa.

Nou pral gade desen yo epi n ap li pawòl chak pèsonaj ki pale. [*Bay elèv yo 30 segonn.*]

Kounye a, no Kilès ki ka di m pou ki sa nan epòk kanaval dwe gen mizik ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]

Èske nou panse Maryo gen rezon lè li di tout ayisyen renmen epòk kanaval ? Pou ki sa ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]

Rapèl

Nan dènye lesон an nou te pale sou **tèks enfòmatif**. Kilès ki ka di m ki sa yon **tèks enfòmatif** ye ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]

Nou te di tèks enfòmatif la bay enfòmasyon sou yon sijè. Kilès ki ka di m kèk enfòmasyon li te aprann nan tèks enfòmatif nou te li nan dènye lesон an ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]

Kilès ki ka di m pou ki sa yo itilize **detèminan posesif** ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]

Aktivite 1

Li mo kle lesон an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 68 la. Li mo yo. [*Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.*].

Aktivite 2

Vokabilè (10 minit)

Nou pral li yon tèks ansanm. Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan tèks la.

a. Premye mo a se : polemik

1. [*Ekri fraz sa a sou tablo a. « Nan zafè foutbòl, Fika ak ASC toujou nan polemik. » Mande elèv yo li fraz la epi di :*]
 - Leve men nou si nou konnen mo **polemik**.
 - Kilès ki ka di mwen ki sa mo **polemik** vle di nan fraz nou sot li a ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **polemik** vle di : **sitiyasyon kote de djaz ap ekri chante pou kritike youn lòt pandan peryòd kanaval.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **polemik**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

b. Dezyèm mo a se : pakou

1. [Ekri fraz sa a sou table a. « 18 me, nou fè yon bél pakou pou fèt drapo a » Mande elèv yo li fraz la epi di :]
 – Leve men nou si nou konnen mo **pakou**.
 – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **pakou** vle di nan fraz nou sot li a ? [**Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.**]
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **pakou** vle di : **espas ki rezève nan kanaval pou cha ak bann a pye defile.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **pakou**. [**Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.**]

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.**Aktivite 3 Konpreyansyon (5 minit)**

Nou pral li yon tèks ansanm. Anvan nou li tèks la, nou pral fè kèk egzesis k ap ede nou konprann tèks la pi byen.

a. Prediksyon daprè desen

Kounye a, nou pral sèvi ak desen ki mache avèk tèks la pou nou devine sa ki pral pase ladan l.

[Montre desen an epi di :]

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou ki sa tèks la pral pale. [**30 segonn**]
2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. [**30 segonn**]
3. Kilès ki ka di m sou ki sa li panse nan tèks la ? [**Chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou reponn kesyon an.**
Epi ekri repons yo bay yo sou table a.]

b. Kontèks tèks la

Kounye a, nou pral reflechi sou kèk eleman k ap ede konprann tèks nou pral li jodi a.

Kesyon yo :

1. Kilès ki konn ale nan kanaval déjà ? Ki sa nou konn wè ? [**Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.**]
2. Kilès ki ka di m ki djaz li pi renmen nan kanaval ? Pou ki sa ? [**Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.**]

Aktivite 4 Li tèks (12 minit) [Tit : Twa jou gra nan Pòtoprens]

Jodi a, nou pral li yon lòt **tèks enfòmatif**.

Nou dwe konnen

1. Yon **tèks enfòmatif** se yon tèks ki bay enfòmasyon klè sou yon sijè.
2. **Enfòmasyon** yo se tout sa yo aprann oswa raple yon moun sou yon sijè.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 68 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. [**Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.**]

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Ki jan yo lanse kanaval nan Pòtoprens ?
2. Site non kèk bann a pye yo pale de yo nan tèks la.
3. Ki gwoup ki konn fè polemik nan kanaval la ?
4. Pou ki rezon jounalis yo pèdi vwa yo ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Li rele **zwazo vole**. Tout timoun kanpe. Lè mwen di non yon bêt ki se yon zwazo n ap leve n ap fè mouvan zwazo k ap vole. Lè m di non yon bêt ki pa zwazo n ap chita. Nou pare !

Ti kit – koulèv – zòtolan – jako – pwason

Aktivite 5 Gramè (8 minit)

Kounye a, nou pral fè yon aktivite sou **detèminan posesif**.

Nou dwe

1. Yon **detèminan posesif** se yon mo ki mache ak yon non epi ki fè nou wè yon bêt oswa yon objè se pou yon moun. Li ka fè nou wè tou relasyon ki genyen ant de moun.
2. Nan lang kreyòl, **detèminan posesif** yo se : **mwen, ou, li, nou**.
3. Tout **detèminan posesif** yo toujou vini aprè non an.

Jodi a, n ap travay sou detèminan posesif **li**.

Tou pa m



[Ekri fraz sa a sou tablo a konsa : « Jonas mete mayo li nan valiz la. »]

- M ap li fraz la : **Jonas mete mayo li nan valiz la.**
- M ap sèke mo **(li)**.
- Mo **li** se yon detèminan posesif. Li mache ak mo mayo (**mayo li**). Pa blyie mo mayo se yon non.
- Lè mwen di **mayo li** mwen vle di mayo a se pou li.
- Donk mo **li** ki se yon detèminan posesif, fè nou wè pou kilès mayo a ye.

An n fè l ansanm



Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj lesion 68 a pou nou fè egzèsis # 1 an.

- An n li fraz la : **Josèt mete yon kosaj sou li.**
- An n sèke mo **(li)**.
- Mo **li** se yon detèminan posesif. Li mache ak mo mayo (**mayo li**). Pa blyie mo kòsaj se yon non.
- Lè yon moun di **mayo li**, li vle di mayo a se mayo pa yon moun li ap pale de li.
- Donk mo **li** ki se yon detèminan posesif, fè nou wè pou kilès mayo a ye.

Tou pa nou



[**Li dezyèm fraz la ansanm ak elèv yo.**]

Jèlin pran valiz li.

- [Aprè sa di :] Sèke detèminan posesif la nan fraz la. Aprè sa fè yon lòt fraz ki gen detèminan posesif nou te sèke a ladan l.
- [**Bay elèv yo 60 segonn.**]
- Kontinye fè egzèsis la nan kaye nou.

Aktivite 6 **Egzèsis nan kaye (12 minit)**

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

b. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Egzèsis konpreyansyon

Nou pral fè yon egzesis k ape de nou konprann tèks la pi byen. Ale nan egzèsis #4 la.

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 4 la.

Aktivite 7 **Li ak bon ton (3 minit)**

Anvan nou fini lesion jodi a, nou pral li **yon kontin** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj lesion 68 la pou nou li kontin nan. Chak fwa nou rive sou mo ki gen trè anba li a, n ap di mo sa a pi fò. [**Li kontin nan pou bay elèv egzanp, aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li kontin nan pou kont yo.**]

LESON 68

Enpòtan

[Ekri pwezi ki nan paj lesion 70 nan liv elèv la sou tablo a. Mande elèv yo kopye li nan yon ti kaye. Aprè sa di yo pou yo byen aprann pwezi a lakay yo pou yo ka resite li nan klas la jou w ap fè lesion pwezi a.]

Sa nou te aprann nan lesion jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan lesion an ? [Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan lesion an.]
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **italizasyon detèminan posesif li** ? [Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan lesion an.]
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? [Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]
4. [Aprè sa di :] Nou te li yon bèle tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèle tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Kanaval ann Ayiti

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen travay nan radyo

Oswa nan televizyon.

Mwen preznan nan tout gwo aktivite.

Mwen chèche ak bay enfòmasyon.

Metye m se enfòme tout moun.

Mwen bay nouvèl,

Men mwen pa fè nouvèl.

Kilès mwen ye ? (jounalist)

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye lesон an nou te pale sou **tèks enfòmatif**. Kilès ki ka di m ki sa yon **tèks enfòmatif** ye ?
[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Nou te di tèks enfòmatif la bay enfòmasyon sou yon sijè. Kilès ki ka di m kèk enfòmasyon li te aprann nan tèks enfòmatif nou te li nan dènye lesон an ?
[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Kilès ki ka di m pou ki sa yo itilize **detèminan posesif** ?
[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Aktivite 1

Li mo kle lesон an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 69 la. Li mo yo.
[Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.]

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Nou pral li yon tèks ansanm. Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan tèks la.

a. Premye mo a se : jounalis

1. [Ekri fraz sa a sou table a. « **Jounalis** sa a pale byen. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]
 - Leve men nou si nou konnen mo **jounalis**.
 - Kilès ki ka di mwen ki sa mo **jounalis** vle di nan fraz nou sot li a ? [**Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.**]
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **jounalis** vle di : **moun ki fè metye chèche ak bay enfòmasyon nan radyo, nan televizyon...**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **jounalis**. [**Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.**]

b. Dezyèm mo a se : repòtaj

1. [Ekri fraz sa a sou table a. « **Jounalis la fè yon bèl repòtaj.** » Mande elèv yo li fraz la epi di :]
 - Leve men nou si nou konnen mo **repòtaj**.
 - Kilès ki ka di mwen ki sa mo **repòtaj** vle di nan fraz nou sot li a ? [**Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.**]
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **repòtaj** vle di : **tout enfòmasyon jounalis la jwenn kote evènman an pase a.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **repòtaj**. [**Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.**]

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou.

Aktivite 3 Li tèks (12 minit) / Tit : Twa jou gra nan Pòtoprens

Jodi a, nou pral li menm **tèks enfòmatif** nou te li nan dènye lesон an.

Nou dwe konnen

1. Yon **tèks enfòmatif** se yon tèks ki bay enfòmasyon klè sou yon sijè.
2. **Enfòmasyon** yo se tout sa yo aprann oswa raple yon moun sou yon sijè.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj lesон 69 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. [**Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.**]

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Lekti endividyle

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Nan twa jou gra kanaval yo ki sa w konn fè ?
2. Èske w panse li bon pou gwoup yo fè polemik ?
3. Ki gwoup ou renmen ? Pou ki sa ?
4. Èske w panse tout moun renmen anbyans kanaval la ? Pou ki sa ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Li rele **zwazo vole**. Tout timoun kanpe. Lè mwen di non yon bêt ki se yon zwazo n ap leve n ap fè mouvan zwazo k ap vole. Lè m di non yon bêt ki pa zwazo n ap chita. Nou pare !

Kaw – bourik – sèpantye – malfini – zandolit

Aktivite 4 Gramè (8 minit)

Kounye a, nou pral fè yon aktivite sou **detèminan posesif**.

Nou dwe

1. Yon **detèminan posesif** se yon mo ki mache ak yon non epi ki fè nou wè yon bêt oswa yon objè se pou yon moun. Li ka fè nou wè tou relasyon ki genyen ant de moun.
2. Nan lang kreyòl, **detèminan posesif** yo se : **mwen, ou, li, nou**.
3. Tout **detèminan posesif** yo toujou vini aprè non an.

Jodi a, n ap travay sou detèminan posesif **nou**.

Tou pa m

[Ekri fraz sa a sou tablo a konsa : « An n al sere jwèt nou. »]

- M ap li fraz la : **An n al sere jwèt nou.**
- M ap sèke mo **(nou)**.
- Mo **nou** se yon detèminan posesif. Li mache ak mo jwèt (**jwèt nou**). Pa bliye mo jwèt se yon non.
- Lè mwen di **jwèt nou** mwen vle di jwèt la se pou nou.
- Donk mo **nou** ki se yon detèminan posesif, fè nou wè pou kilès jwèt la ye.

An n fè l ansanm

Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj lesón 69 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

- An n li fraz la : **An n al sere jwèt nou.**
- An n sèke mo **(nou)**.
- Mo **nou** se yon detèminan posesif. Li mache ak mo jwèt (**jwèt nou**). Pa bliye mo jwèt se yon non.
- Lè yon moun nou di **jwèt nou** li vle di jwèt la se jwèt pa nou.
- Donk mo **nou** ki se yon detèminan posesif, fè nou wè pou kilès jwèt la ye.

Tou pa nou

[Li dezyèm fraz la ansanm ak elèv yo.]

N ap ranje bekàn nou.

- **[Aprè sa di :]** Sèke detèminan posesif la nan fraz la. Aprè sa fè yon lòt fraz ki gen detèminan posesif te sèke a landan l.
- **[Bay elèv yo 60 segonn.]**
- Kontinye fè egzèsis la nan kaye nou.

Aktivite 5 Egzèsis nan kaye (10 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

b. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Chema tèks la

Kounye a, nou pral fè yon aktivite k ap ede nou jwenn enfòmasyon ki pi enpòtan nan tèks nou sot li a. M ap poze nou kèk kesyon. Pou chak kesyon, n ap ekri repons la nan yon ti bwat. Ale nan egzèsis # 4 la. *[Ede elèv yo idantifye kote pou yo ekri repons yo. Aprè chak kesyon, pase verifye si elèv yo ekri repons yo nan plas yo.]*

- Nan ki zòn w ap òganize kanaval la ?
- Ki gwooup w ap chwazi ?
- Konbyen estann k ap genyen ?

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 6 Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **yon kontin** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 69 la pou nou li kontin nan. Chak fwa nou rive sou mo ki gen trè anba li a, n ap di mo sa a pi fò. *[Li kontin nan pou bay elèv egzanp, aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li kontin nan pou kont yo.]*

Enpòtan

[Raple elèv yo pou yo repase pwezi yo te kopye nan ti kaye a. Di yo pou yo byen prepare li pou yo ka patisipe nan konkou pwezi semèn nan.]

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]*
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **détèminan posesif nou** ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]*
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? *[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]*
4. **[Aprè sa di :]** Nou te li yon bèle tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèle tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Kanaval ann Ayiti

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen se yon gwooup mizik.

Mwen pa yon djaz.

Mwen pa yon òkès.

Mwen jwe tankou fanfa.

Mwen gen plizyè mizisyen.

Gen mizisyen ki jwe vaksin,

Gen lòt ki jwe tanbou, tchatcha,

Graj, banbou, senbal...

Mwen jwe nan kanaval ak nan lòt fèt.

Ki sa mwen ye ? (bann a pye / rara)

[*Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :]* Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye lesон an nou te pale sou **tèks enfòmatif**. Kilès ki ka di m ki sa yon **tèks enfòmatif** ye ?

[*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]

Nou te di tèks enfòmatif la bay enfòmasyon sou yon sijè. Kilès ki ka di m kèk enfòmasyon li te aprann nan tèks enfòmatif nou te li nan dènye lesон an ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]

Kilès ki ka di m pou ki sa yo itilize **detèminan posesif** ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]

Aktivite 1 **Li mo kle lesон an (2 minit)**

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 70 la. Li mo yo. [*Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.*].

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : Rara

1. [Ekri fraz sa a sou table a. « Jilnè renmen danse rara. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]
 - Leve men nou si nou konnen mo **Rara**.
 - Kilès ki ka di mwen ki sa mo **Rara** vle di nan fraz nou sot li a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **Rara** vle di : **gwooup mizikal ki jwe ak estriman lokal tankou tanbou, banbou, graj...**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **Rara**. [Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]

b. Dezyèm mo a se : kata

1. [Ekri fraz sa a sou table a. « Lè yon rara ap jwe, se kata a ki kòmanse jwe anvan. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]
 - Leve men nou si nou konnen mo **kata**.
 - Kilès ki ka di mwen ki sa mo **kata** vle di nan fraz nou sot li a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **kata** vle di : **youn nan estil mizik tradisyonèl ayisyen**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **kata**. [Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Gramè (5 minit)

Kounye a, nou pral fè yon aktivite sou detèminan **posesif**.

Nou dwe konnen

1. Yon **detèminan posesif** se yon mo ki mache ak yon non epi ki fè nou wè yon bêt oswa yon objè se pou yon moun. Li ka fè nou wè tou relasyon ki genyen ant de moun.
2. Nan lang kreyòl, **detèminan posesif** yo se : **mwen, ou, li, nou**.
3. Tout **detèminan posesif** yo toujou vini aprè non an.

Koute epi reponn ak pouz

Mwen pral li kèk fraz pou nou. Lè nou tandé yon fraz ki kòrèk n ap leve pouz nou anlè. Lè nou tandé yon fraz ki pa kòrèk mete pouz nou tèt anba.

Fraz yo

- **Detèminan posesif** yo toujou plase anvan non yo.
- Yon **detèminan posesif** ka montre relasyon ki egziste ant de moun.
- Nan lang kreyòl, mo **li** se yon **detèminan posesif**.
- Yon **detèminan posesif** ka montre yon bêt oswa yon objè se pou yon moun.

Aktivite 4 Egzèsis nan kaye (12 minit)**a. Egzèsis gramè**

Kounye a, nou pral fè egzèsis sou **detèminan**. Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj lesion 70 la pou nou fè egzèsis # 1 an. [*Montre elèv yo jan gimè yo fèt anvan ou kontinye.*]

b. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

c. Òtograf

Nou pral koute epi ekri kèk fraz nan kaye nou. Ale nan egzèsis # 3 a. Koute fraz sa yo byen epi ekri yo kòrèkteman nan kaye nou.

Bann a pye byen degize. Madigra, byen maske, ap trase bèl dans devan lameri.

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 4 la.

Aktivite 5 Li tèks (20 minit) [Tit : Men rara]

Tèks n ap li jodi a se yon **pwezi**.

Nou dwe konnen

1. Yon **pwezi** se yon tèks ki itilize mo ak bèl fraz pou eksprime emosyon, lide ak santiman moun ki ekril la.
2. Yon **emosyon** se sa ki fè yon moun santi li boulvèse oswa li kontan.
3. Yon **santiman** se sa yon moun santi anndan kè li.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj lesion 70 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. [*Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.*]

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Konkou pwezi

Moman konkou pwezi a rive. M ap chwazi kèk elèv pou vin resite pwezi a devan tout klas la. Pandan yon elèv devan an, tout rès klas la ap suiv san pale. [*Aprè chak elèv fin resite pwezi a, mande elèv yo bat yon gwo bravo pou li. Aprè sa, mande kèk elèv nan klas la pou yo di sa yo panse sou jan elèv la sot resite pwezi a.*]

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

LESON 70

Kesyon

1. Site non enstriman ki sèvi nan rara ?
2. Ki sa yo fè anvan rara soti ?
3. Nan ki epòk rara konn soti ?
4. Èske ou renmen gade rara ? Pou ki sa ?

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.*]
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **itilizasyon detèminan posesif** ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.*]
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.*]
4. [**Aprè sa di :**] Nou te li yon bèle tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèle tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Relyèf ak vejetasyon

Sa desen yo di (2 minit)

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon **bann desine**. Yon **bann desine** se yon seri desen yo itilize pou rakonte yon istwa.

Nou pral gade desen yo epi n ap li pawòl chak pèsónaj ki pale. [Bay elèv yo 30 segonn.]

Kounye a, nou pral di sa nou panse sou pawòl pèsónaj yo nan **bann desine** a.

Kilès ki ka di m ki sa li panse de repons Maryo a ki di tout fòm tè a genyen rele relyèf ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Èske nou dakò ak repons Maryo bay Rita sou sa ki fòme relyef la ? Pou ki sa ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Rapèl

Nan dènye lesон an nou te pale sou **pwezi**. Kilès ki ka di m ki sa yon **pwezi** ye ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Nou te di yon pwezi souvan eksprime santiman. Kilès ki ka di m ki sa yon santiman ye ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Pou ki sa daprè nou yo mete **détèminan posesif** nan yon fraz ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Aktivite 1

Li mo kle lesон an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 71 la. Li mo yo. [Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.].

Aktivite 2

Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : kolin

1. [Ekri fraz sa a sou tablo a. « Kiltivatè yo pase nan kolin nan pou yo ale nan jaden. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]

– Leve men nou si nou konnen mo **kolin**.

– Kilès ki ka di mwen ki sa mo **kolin** vle di nan fraz nou sot li a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

2. Nan tèks nou pral li jodi a, **kolin** vle di : **ti mòn ki pa twò wo**.

3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **kolin**. [Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]

b. Dezyèm mo a se : lodyans

1. [Ekri fraz sa a sou table a. « Moris Siksto se mèt nan rakonte lodyans. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]
 - Leve men nou si nou konnen mo **lodyans**.
 - Kilès ki ka di mwen ki sa mo **lodyans** vle di nan fraz nou sot li a ? [**Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.**]
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **lodyans** vle di : **blag, istwa**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **lodyans**. [**Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.**]

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Konpreyansyon (5 minit)

Nou pral li yon tèks ansanm. Anvan nou li tèks la, nou pral fè kèk egzesis k ap ede nou konprann tèks la pi byen.

a. Prediksyon daprè desen

Kounye a, nou pral sèvi ak desen ki mache avèk tèks la pou nou devine sa ki pral pase ladan I.

[Montre desen an epi di :]

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou ki sa tèks la pral pale. [**30 segonn**]
2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. [**30 segonn**]
3. Kilès ki ka di m sou ki sa li panse tèks la pral pale ? [**Chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou reponn kesyon an. Epi ekri repons yo bay yo sou table a.**]

b. Kontèks tèks la

Kounye a, nou pral reflechi sou kèk eleman k ap ede konprann tèks nou pral li jodi a.

Kesyon yo :

1. Kilès ki ka di m non yon zòn ki gen anpil mòn ? [**Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.**]
2. Kilès ki ka di m non yon plenn li konnen ? [**Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.**]
3. Kilès ki ka di m ki jan yon plenn ye ? [**Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.**]

Aktivite 4 Li tèks (12 minit) [Tit : Plenn ak montay]

Tèks nou pral li jodi a se yon ti **pyès teyat**.

Nou dwe konnen

1. Yon **pyès teyat** se yon tèks ki fèt pou komedyen jwe sou sèn devan yon piblik.
2. Yon **pèsonaj** se wòl yon komedyen ka jwe sou sèn nan yon pyès teyat.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 71 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. [**Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.**]

b. Li istwa a de pa de

Istwa jodi a se yon pyès teyat. Li gen de pèsonaj : Plenn ak Montay.

Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou ou di li kilès nan pèsonaj yo ou pi renmen. [**30 segonn**].

[*Aprè sa mande yo : Kilès ki ka di m ki pèsonaj li pi renmen ? Pou ki sa ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason]*

Kounye a, nou pral li pyès teyat la de pa de. Sa vle di nou chak pral li pawòl yon pèsonaj. [*Asire ou chak elèv chwazi yon pèsonaj. Aprè sa mande yo chak pou yo li sèlman pati ki pou yo a. Verifye travay elèv yo epi bay fidbak.*]

c. Jwe pyès teyat la

Kounye a, mwen pral chwazi kèk elèv pou jwe pyès teyat la devan klas la. Sonje fè jès epi bay ton ki mache ak sa n ap di a pou pyès la ka enteresan. [*Chak fwa ou chwazi de elèv, ba yo chak yon wòl. Mande klas la aplodi aprè chak prezantasyon.*]

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Site pèsonaj ki nan tèks la ?
2. Ki tan yo anonsé ?
3. Pou ki sa Plenn te pè siklòn nan ?
4. Finalman ki jan Montay rezoud pwoblèm nan ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Li rele **Kous cheval**. Tout timoun kanpe. M ap frape tablo a, nou chak ap imite kri yon cheval nou konnen. Ansuit m ap mande nou pou nou fè kèk jès pandan n ap fè kri cheval la. Nou pare ! [**Frapé tablo a, aprè sa dij**] :

Sote – Vire adwat – Vire agoch – Galope – Kanpe sèk – Aplodi

Aktivite 5 Gramè (8 minit)

Kounye a, nou pral fè yon aktivite sou **detèminan demonstratif**.

Nou dwe konnen

1. **Detèminan demonstratif** yo plase aprè non yo pou montre de ki moun, de ki bêt oswa de ki objè y ap pale.
2. Nan lang kreyòl, **detèminan demonstratif** yo se : **sa a, sa yo**.

Jodi a, n ap travay sou **detèminan demonstratif** : **sa a**.

Tou pa m

[Ekri fraz sa a sou tablo a konsa : « Sandal sa a se pou Magi. »]

- M ap li fraz la : **Sandal sa a se pou Magi.**
- M ap pase yon trè anba detèminan demonstratif la.
- **Sandal sa a se pou Magi.**
- Gwoup mo **sa a** se yon detèminan demonstratif. Li mache ak mo sandal (**sandal sa a**). Pa blyie mo sandal se yon non.
- Lè mwen di (**sandal sa a**) mwen vle montre de ki sandal m ap pale.

An n fè l ansanm

Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj lesion 71 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

- An n li fraz la : **Sandal sa a se pou Magi.**
- An n pase yon trè anba detèminan demonstratif la.
- **Sandal sa a se pou Magi.**
- Gwoup mo **sa a** se yon detèminan demonstratif. Li mache ak mo sandal (**sandal sa a**). Pa blyie mo sandal se yon non.
- Lè nou di (**sandal sa a**) nou vle montre de ki sandal n ap pale.

Tou pa nou

[Li dezyèm fraz la ansanm ak elèv yo.]

Chanm sa a pwòp.

- **[Aprè sa di :]** Sèke detèminan demonstratif la nan fraz la. Aprè sa fè yon lòt fraz ki gen detèminan demonstratif nou te sèke a ladan l. **[Bay elèv yo 10 segonn.]**
- Kontinye fè egzèsis la nan kaye nou.

Aktivite 6 Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

b. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Egzèsis konpreyansyon

Nou pral fè yon egzesis k ape de nou konprann tèks la pi byen. Ale nan egzèsis # 4 la.

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 7 Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini lesion jodi a, nou pral li **yon kontin** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj lesion 71 la pou nou li kontin nan. Chak fwa nou rive sou mo ki gen trè anba li a, n ap di mo sa a pi fo. **[Li kontin nan pou bay elèv egzanp, aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li kontin nan pou kont yo.]**

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? **[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]**
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **detèminan demonstratif ? [Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]**
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? **[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]**
4. **[Aprè sa di :]** Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Enpòtans plant yo

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen pa yon plènn.

Mwen pa yon plato.

Mwen pa yon kolin non plis.

Mwen se yo pati nan tè a ki wo anpil.

Menm machin pa ka monte m fasil.

Lè mwen chaje ak pyebwa, mwen pwoteje

Jaden ki nan plenn yo kont siklòn.

Ki sa mwen ye ? (montay oswa mòn)

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye lesон an nou te pale sou **pyès teyat**. Kilès ki ka di m ki sa yon **pyès teyat** ye ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Nou te di yon pyès teyat gen plizyè **pèsonaj**. Kilès ki ka di m ki sa yon **pèsonaj** ye ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Pou ki sa daprè nou yo itilize **detèminan demonstratif** nan fraz ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Aktivite 1

Li mo kle lesон an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 72 la. Li mo yo. [Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.].

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : montay

1. **[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Jeral plante anpil pyebwa sou montay la. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]**
 - Leve men nou si nou konnen mo **montay**.
 - Kilès ki ka di mwen ki sa mo **montay** vle di nan fraz nou sot li a ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]**
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **montay** vle di : **gwo mòn ki byen wo**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **montay**. **[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]**

b. Dezyèm mo a se : detwi

1. **[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Dlo detwi tout jaden yo. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]**
 - Leve men nou si nou konnen mo **detwi**.
 - Kilès ki ka di mwen ki sa mo **detwi** vle di nan fraz nou sot li a ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]**
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **detwi** vle di : **kraze oswa devaste**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **detwi**. **[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]**

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.**Aktivite 3 Konpreyansyon (5 minit)**

Nou pral li yon tèks ansanm. Anvan nou li tèks la, nou pral fè kèk egzesis k ap ede nou konprann tèks la pi byen.

a. Prediksyon daprè desen

Kounye a, nou pral sèvi ak desen ki mache avèk tèks la pou nou devine sa ki pral pase ladan l.

[Montre desen an epi di :]

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou ki sa tèks la pral pale. **[30 segonn]**
2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. **[30 segonn]**
3. Kilès ki ka di m sou ki sa li panse ki pral pase nan tèks la ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou reponn kesyon an. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.]**

b. Kontèks tèks la

Kounye a, nou pral reflechi sou kèk eleman k ap ede konprann tèks nou pral li jodi a.

Kesyon yo :

1. Pou ki sa daprè nou se nan plenn ki gen plis jaden ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**
2. Èske dlo konn rete sou montay ? Pou ki sa ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**

Aktivite 4 Li tèks (12 minit) [Tit : Plenn ak montay]

Tèks nou pral li jodi a se yon ti **pyès teyat**.

Nou dwe konnen

1. Yon **pyès teyat** se yon tèks ki fèt pou komedyen jwe sou sèn devan yon piblik.
2. Yon **pèsonaj** se wòl yon aktè ka jwe sou sèn nan yon pyès teyat.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 72 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. *[Pase verifye si tout élèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn élèv k ap bat bouch yo.]*

b. Li istwa a de pa de

Istwa jodi a se yon pyès teyat. Li gen de pèsonaj : Plenn ak Montay.

Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou ou di li kilès nan pèsonaj yo ou pi renmen. **[30 segonn]**.

[Aprè sa mande yo :] Kilès ki ka di m ki pèsonaj li pi renmen ? Pou ki sa ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason]

Kounye a, nou pral li pyès teyat la de pa de. Sa vle di nou chak pral li pawòl yon pèsonaj. *[Asire ou chak élèv chwazi yon pèsonaj. Aprè sa mande yo chak pou yo li sèlman pati ki pou yo a. Verifye travay élèv yo epi bay fidbak.]*

c. Jwe pyès teyat la

Kounye a, mwen pral chwazi kèk élèv pou jwe pyès teyat la devan klas la. Sonje fè jès epi bay ton ki mache ak sa n ap di a pou pyès la ka enteresan. *[Chak fwa ou chwazi de élèv, ba yo chak yon wòl. Mande klas la aplodi aprè chak prezantasyon.]*

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Kilès nan fraz sa yo ki mache ak lide tèks la ?
 - Plenn bare tout gwo van ki vini yo.
 - Plenn gen laperèz pou siklòn nan.
 - Kolin ede Montay pou van pa detwi jaden yo.
2. Ki jan w santi w lè gen gwo van k ap vante ?
3. Di tout sa k pase nan tèt ou lè yo pale de siklòn.
4. Si ou t ap kontinye istwa a, ki jan w t ap fini l ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Li rele **Estatí**. Tout timoun kanpe.. Mwen pral mande nou fè plizyè jès youn dèyè lòt. Lè mwen di estati n ap kanpe sèk, san pale, san nou pa bouje kò nou. Nou pare ! **[Frapé tablo a, aprè sa di]** :

Kanpe – Danse – Estati – Lonje men nou devan – Tramble kò nou – Estati

Aktivite 5 Gramè (8 minit)

Kounye a, nou pral fè yon aktivite sou **detèminan demonstratif**.

Nou dwe konnen

1. **Detèminan demonstratif** yo plase aprè non yo pou montre de ki moun, de ki bêt oswa de ki objè y ap pale.
2. Nan lang kreyòl, **detèminan demonstratif** yo se : **sa a, sa yo**.
3. Tout **detèminan demonstratif** yo toujou vini aprè non an.

Jodi a, n ap travay sou **detèminan demonstratif** : **sa yo**.

Tou pa m

[Ekri fraz sa a sou tablo a konsa : « Machin sa yo kanpe nan blokis. »]

- M ap li fraz la : **Machin sa yo kanpe nan blokis.**
- M ap pase yon trè anba detèminan demonstratif la.
- **Machin sa yo kanpe nan blokis.**
- Gwoup mo **sa yo** se yon detèminan demonstratif. Li mache ak mo machin (**machin sa yo**). Pa blyie mo machin se yon non.
- Lè mwen di (**machin sa yo**) mwen vle montre de ki machin m ap pale.

An n fè l ansanm

Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj lesion 72 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

- An n li fraz la : **Machin sa yo kanpe nan blokis.**
- An n pase yon trè anba detèminan demonstratif la.
- **Machin sa yo kanpe nan blokis.**
- Gwoup mo **sa yo** se yon detèminan demonstratif. Li mache ak mo machin (**machin sa yo**). Pa blyie mo machin se yon non.
- Lè nou di (**machin sa yo**) nou vle montre de ki machin n ap pale.

Tou pa nou

[Li dezyèm fraz la ansanm ak elèv yo.]

- **Telefòn sa yo pa pou vann.** **[Aprè sa di :]** Sèke detèminan demonstratif la nan fraz la. Aprè sa fè yon lòt fraz ki gen detèminan demonstratif nou te sèke a ladan l. **[Bay elèv yo 10 segonn.]**
- Kontinye fè egzèsis la nan kaye nou.

Aktivite 6 Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

b. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Chema tèks la

Desine yon plenn ak yon montey ki chaje ak pyebwa anndan kare a. Ale nan egzèsis # 4 la.

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 7 Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **yon kontin** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 72 la pou nou li kontin nan. Chak fwa nou rive sou mo ki gen trè anba li a, n ap di mo sa a pi fò. *[Li kontin nan pou bay elèv egzanp, aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li kontin nan pou kont yo.]*

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]*
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **détèminan demonstratif** ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]*
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? *[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]*
4. **[Aprè sa di :]** Nou te li yon bèle tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèle tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Enpòtans plant yo**Sa desen yo di (2 minit)**

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon **bann desine**. Yon **bann desine** se yon seri desen yo itilize pou rakonte yon istwa.

Nou pral gade desen yo epi n ap li pawòl chak pèsonaj ki pale. [Bay elèv yo 30 segonn.]

Kounye a, nou pral di sa nou panse sou pawòl pèsonaj yo nan **bann desine** a.

Kilès ki, menm jan ak maryo te vizite yon lòt vil déjà ? Ki vil ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Kilès ki ka di m ki sa ki, selon Maryo, fè Pòsali bél ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Rapèl

Nan dènye lesон an nou te pale sou **pyès teyat**. Kilès ki ka di m ki sa yon **pyès teyat** ye ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Nou te di yon pyès teyat gen plizyè **pèsonaj**. Kilès ki ka di m ki sa yon **pèsonaj** ye ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Pou ki sa daprè nou yo itilize **detèminan demonstratif** nan fraz ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Aktivite 1

Li mo kle lesон an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 73 la. Li mo yo. [Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.]

Aktivite 2

Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : pwomnad

1. [Ekri fraz sa a sou tablo a. « Chak samdi timoun yo al nan pwomnad ak paran yo. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]

– Leve men nou si nou konnen mo **pwomnad**.

– Kilès ki ka di mwen ki sa mo **pwomnad** vle di nan fraz nou sot li a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

2. Nan tèks nou pral li jodi a, **pwomnad** vle di : **Iann moun fè pou yo distrè yo oswa pou yo detann yo**.

3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **pwomnad**. [Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]

b. Dezyèm mo a se : rivyè

1. [Ekri fraz sa a sou table a. « Danyèl ap benyen nan rivyè a. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]
 - Leve men nou si nou konnen mo **rivyè**.
 - Kilès ki ka di mwen ki sa mo **rivyè** vle di nan fraz nou sot li a ? [**Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.**]
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **rivyè** vle di : **plisyè sous dlo ki rankontre ansanm.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **rivyè**. [**Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.**]

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Konpreyansyon (5 minit)

Nou pral li yon tèks ansanm. Anvan nou li tèks la, nou pral fè kèk egzesis k ap ede nou konprann tèks la pi byen.

a. Prediksyon daprè desen

Kounye a, nou pral sèvi ak desen ki mache avèk tèks la pou nou devine sa ki pral pase ladan I.

[Montre desen an epi di :]

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou ki sa tèks la pral pale. [**30 segonn**]
2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. [**30 segonn**]
3. Kilès ki ka di m sou ki sa li panse ki pral pase nan tèks la ? [**Chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou reponn kesyon an. Epi ekri repons yo bay yo sou table a.**]

b. Kontèks tèks la

Kounye a, nou pral reflechi sou kèk eleman k ap ede konprann tèks nou pral li jodi a.

Kesyon yo :

1. Kilès ki konn li oubyen wè yon lèt déjà ? [**Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.**]
2. Èske l gen menm fòm ak lòt tèks yo ? Ki sa ki diferan ? [**Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.**]
3. Kilès ki konn resevwa yon lèt déjà ? Nan ki okazyon ? [**Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.**]

Aktivite 4 Li tèks (12 minit) [Tit : lèt Nina pou kouzin li]

Tèks nou pral li jodi a se yon lèt.

Nou dwe konnen

1. Yon **lèt** se yon mesaj ekri yon moun voye bay yon lòt moun. Li pèmèt yon moun kominike ak yon lòt moun.
2. Nou ka ekri yon **lèt pèsonèl** oswa yon **lèt ofisyèl**.
3. **Lèt pèsonèl** la se yon lèt nou ka voye bay fanmi nou oswa zanmi nou.
4. **Lèt ofisyèl** la se lèt nou ka voye bay moun k ap travay nan leta oswa lòt kote.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la poukout nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 73 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. [**Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.**]

b. Koute tèks la

Kounye a, mwen pral li tèks la pou nou. Koute byen pou nou ka fè yon bon lekti aprè. [Pran liv elèv la. Li tèks : « lèt Nina pou kouzin li » pou elèv yo. Li tèks la ak bon ton pou bay elèv yo egzanp.]

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Ki relasyon ki genyen ant Chèlin ak Nina Aleksann ?
2. Ki kote yo ta prale ?
3. Nan ki zòn yo pase pou yo rive kote yo ta prale a ?
4. Vre oswa pa vre :
 - Lekòl Chabo plase nan vil Gonayiv.
 - Mòn Pilbowo tou pre Lenbe.
5. Site tout mo ki gen rapò ak relièf nan tèks la.

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Li rele **Kous cheval**. Tout timoun kanpe. M ap frape tablo a, nou chak ap imite kri yon cheval nou konnen. Ansuit m ap mande nou pou nou fè kèk jès pandan n ap fè kri cheval la. Nou pare ! [**Frapé tablo a, aprè sa dij**] :

Sote – Vire adwat – Vire agoch – Galope – Kanpe sèk – Aplodi

Aktivite 5 Gramè (8 minit)

Kounye a, nou pral fè yon aktivite sou **detèminan**.

Nou dwe konnen

1. Yon **detèminan** se yon mo ki mache ak yon non epi ki bay presizyon sou non an.
2. Yon **atik** se yon detèminan. Sa vle di, se yon mo ki mache ak yon non epi ki bay presizyon sou non an.
3. Yon **detèminan posesif** se yon mo ki mache ak yon non epi ki fè nou wè yon bêt oswa yon objè se pou yon moun. Li ka fè nou wè tou relasyon ki genyen ant de moun.
4. **Detèminan demonstratif** yo plase aprè non yo pou montre de ki moun, de ki bêt oswa de ki objè y ap pale.

Koute epi reponn ak pouz

Mwen pral li kèk fraz pou nou. Lè nou tande yon fraz ki kòrèk n ap leve pouz nou anlè. Lè nou tande yon fraz ki pa kòrèk mete pouz nou tèt anba.

Fraz yo

1. Yon **detèminan** se yon mo ki mache ak yon non.
2. Yon **atik** ka bay presizyon sou yon non.
3. Nan lang kreyòl **atik** yo souvan vini devan mo yo.
4. **Detèminan posesif** la fè nou wè yon bêt oswa yon objè se pou yon moun.
5. **Detèminan demonstratif** yo toujou plase anvan non yon pou montre de ki moun y ap pale.

Aktivite 6

Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Egzèsis gramè

Kounye a, nou pral fè egzèsis sou **detèminan**. Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj lesion 73 la pou nou fè egzèsis # 1 an. [Montre elèv yo jan gimè yo fèt anvan ou kontinye.]

b. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

c. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

d. Egzèsis konpreyansyon

Nou pral fè yon egzesis k ape de nou konprann tèks la pi byen. Ale nan egzèsis # 4 la.

e. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 7

Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini lesion jodi a, nou pral li **yon kontin** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj lesion 73 la pou nou li kontin nan. Chak fwa nou rive sou mo ki gen trè anba li a, n ap di mo sa a pi fò. [Li kontin nan pou bay elèv egzanp, aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li kontin nan pou kont yo.]

Enpòtan

[Ekri pwezi ki nan paj lesion 75 nan liv elèv la sou tablo a. Mande elèv yo kopye li nan yon ti kaye. Aprè sa di yo pou yo byen aprann pwezi a lakay yo pou yo ka resite li nan klas la jou w ap fè lesion pwezi a.]

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? **[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]**
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **detèminan posesif** ? **[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]**
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? **[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]**
4. **[Aprè sa di :]** Nou te li yon bèle tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèle tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Enpòtans plant yo

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen se yon machin.

Mwen fè trafik tout kote.

Mwen pa kamyonèt.

Mwen pa taksi non plis.

Mwen long anpil.

Mwen pote anpil pasajè.

Pi souvan mwen fè zòn ki lwen.

Ki sa mwen ye ? (bis)

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye lesон an nou te pale sou **lèt**. Pou ki sa yon moun voye **lèt** bay yon lòt moun ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Nou te di yon lèt kapab pèsònèl oswa ofisyèl. Kilès ki ka di m nan ki ka nou ekri yon **lèt pèsònèl** ?
[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Pou ki sa daprè nou yo itilize divès **detèminan** nan fraz ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Aktivite 1

Li mo kle lesон an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 74 la. Li mo yo. *[Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.]*

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : pant

1. [Ekri fraz sa a sou tablo a. « Majori travèse ti pant la » Mande elèv yo li fraz la epi di :]
 – Leve men nou si nou konnen mo **pant**.
 – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **pant** vle di nan fraz nou sot li a ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]**
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **pant** vle di : **teren ki pa plat, ki tankou yon ti mòn**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **pant**. **[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]**

b. Dezyèm mo a se : peyizaj

1. [Ekri fraz sa a sou tablo a. « Polèt pran plezi admire bèl peyizaj li wè bò rivyè a. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]
 – Leve men nou si nou konnen mo **peyizaj**.
 – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **peyizaj** vle di nan fraz nou sot li a ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]**
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **peyizaj** vle di : **tout sa nou ka wè nan yon zòn tankou pyebwa, mòn, kay...**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **peyizaj**. **[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]**

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.**Aktivite 3 Li tèks (12 minit) [Tit : lèt Nina pou kouzin li]**

Jodi a nou pral li menm lèt nou te te li nan dènye lesон an.

Nou dwe konnen

1. Yon **lèt** se yon mesaj ekri yon moun voye bay yon lòt moun. Li pèmèt yon moun kominike ak yon lòt moun.
2. Nou ka ekri yon **lèt pèsonèl** oswa yon **lèt ofisyèl**.
3. **Lèt pèsonèl** la se yon lèt nou ka voye bay fanmi nou oswa zanmi nou.
4. **Lèt ofisyèl** la se lèt nou ka voye bay moun k ap travay nan Leta oswa lòt kote.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj lesон 74 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. **[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]**

b. Li de pa de

Nou pral li lèt la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Pou ki sa Nina di kouzin li « Lespri nou branche » ?
2. Ki diferans ki genyen ant mòn ak plenn ?
3. Èske li bon pou lekòl al fè vizit ak elèv yo ? Pou ki sa ?
4. Ki kote nan peyi a ou ta renmen al vizite ak lekòl ou ? Pou ki sa ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Li rele **Estatí**. Tout timoun kanpe. Mwen pral mande nou fè plizyè jès youn dèyè lòt. Lè mwen di estati n ap kanpe sèk, san pale, san nou pa bouje kò nou. Nou pare ! [**Frapé tablo a, aprè sa di**] :

Sote – Vire adwat – Vire agoch – Galope – Kanpe sèk – Aplodi

Aktivite 4 Gramè (8 minit)

Kounye a, nou pral fè yon aktivite sou **detèminan**.

Nou dwe konnen

1. Yon **detèminan** se yon mo ki mache ak yon non epi ki bay presizon sou non an.
2. Yon **atik** se yon detèminan. Sa vle di, se yon mo ki mache ak yon non epi ki bay presizon sou non an.
3. Yon **detèminan posesif** se yon mo ki mache ak yon non epi ki fè nou wè yon bêt oswa yon objè se pou yon moun. Li ka fè nou wè tou relasyon ki genyen ant de moun.
4. **Detèminan demonstratif** yo plase aprè non yo pou montre de ki moun, de ki bêt oswa de ki objè y ap pale.

Koute epi reponn ak pouz

Mwen pral li kèk fraz pou nou. Lè nou tandé yon fraz ki kòrèk n ap leve pouz nou anlè. Lè nou tandé yon fraz ki pa kòrèk mete pouz nou tèt anba.

Fraz yo

- Yon **detèminan** bay presizon sou yon non li akonpaye.
- Nou ka mete **atik an** dèyè mo ki fini ak son **a, e, è, o**.
- Nan lang kreyòl **detèminan posesif** yo se : **la, nan, lan**.
- **Detèminan demonstratif** yo se : **sa a, sa yo**.

Aktivite 5 Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

b. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Chema tèks la

Kounye a, nou pral fè yon aktivite k ap ede nou jwenn enfòmasyon ki pi empòtan nan tèks nou sot li a. M ap poze nou kèk kesyon. Pou chak kesyon, n ap ekri repons la nan yon ti bwat. Ale nan egzèsis # 4 la. *[Ede elèv yo idantifye kote pou yo ekri repons yo. Aprè chak kesyon, pase verifye si elèv yo ekri repons yo nan plas yo.]*

Nou pral bay enfòmasyon sou yon pwomnad nou ta renmen fè.

- Ekri non zòn nou ta renmen pwomnad la fèt. (bwat #1)
- Ekri sa ki nan peyizaj zòn nan. (bwat # 2)
- Ekri sa n ap fè pou nou amize nou. (bwat #3)
- Ekri jan n ap santi nou pandan pwamnad la. (bwat #4)

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 6 Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **yon kontin** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 74 la pou nou li kontin nan. Chak fwa nou rive sou mo ki gen trè anba li a, n ap di mo sa a pi fò. *[Li kontin nan pou bay elèv egzanp, aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li kontin nan poukонт yo.]*

Enpòtan

[Raple elèv yo pou yo repase pwezi yo te kopye nan ti kaye a. Di yo pou yo byen prepare li pou yo ka patisipe nan konkou pwezi semèn nan.]

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]*
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **detèminan demonstratif** ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]*
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? *[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]*
4. **[Aprè sa di :]** Nou te li yon bél tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bél tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Enpòtans plant yo

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen se yon gwo van.

Mwen mache ak gwo lapli.

Lè m ap vini tan an maske.

Nyaj yo tou gri.

Lè m pase, mwen fè gwo dega.

Mwen kase branch bwa,

Mwen fè fèy tòl vole.

Ki sa mwen ye ? (siklòn)

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye lesон an nou te pale sou **lèt**. Pou ki sa yon moun voye **lèt bay** yon lòt moun ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Nou te di yon lèt kapab pèsònèl oswa ofisyèl. Kilès ki ka di m nan ki ka nou ekri yon **lèt pèsònèl** ?
[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Pou ki sa daprè nou yo itilize divès **detèminan** nan fraz ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

Aktivite 1

Li mo kle lesон an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 75 la. Li mo yo. *[Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.]*

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : konsè

1. [Ekri fraz sa a sou table a. « Mwen patisipe nan yon bél konsè nan lekòl la. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]
 – Leve men nou si nou konnen mo **konsè**.
 – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **konsè** vle di nan fraz nou sot li a ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **konsè** vle di : **gwo espektak kote moun ap koute mizik.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **konsè**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

b. Dezyèm mo a se : anvayi

1. [Ekri fraz sa a sou table a. « Foumi anvayi chanm nan. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]
 – Leve men nou si nou konnen mo **anvayi**.
 – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **anvayi** vle di nan fraz nou sot li a ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **anvayi** vle di : **ranpli an kantite.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **anvayi**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.**Aktivite 3 Gramè (8 minit)**

Kounye a, nou pral fè yon aktivite sou detèminan.

Nou dwe konnen

1. Yon **detèminan** se yon mo ki mache ak yon non epi ki bay presizyon sou non an.
2. Yon **atik** se yon detèminan. Sa vle di, se yon mo ki mache ak yon non epi ki bay presizyon sou non an.
3. Yon **detèminan posesif** se yon mo ki mache ak yon non epi ki fè nou wè yon bét oswa yon objè se pou yon moun. Li ka fè nou wè tou relasyon ki genyen ant de moun.
4. **Detèminan demonstratif** yo plase aprè non yo pou montre de ki moun, de ki bét oswa de ki objè y ap pale.

Koute epi reponn ak pouz

Mwen pral li kèk fraz pou nou. Lè nou tandé yon fraz ki kòrèk n ap leve pouz nou anlè. Lè nou tandé yon fraz ki pa kòrèk mete pouz nou tèt anba.

Fraz yo

- Yon **detèminan posesif** toujou plase anvan non li akonpaye a.
- **Detèminan posesif** ka montre relasyon ki genyen ant de moun.
- **Detèminan demonstratif** yo se : **sa a, sa yo.**
- Nan lang kreyòl **detèminan posesif** yo se : **mwen, ou, li, nou.**

Aktivite 4 Egzèsis nan kaye (12 minit)

a. Egzèsis gramè

Kounye a, nou pral fè egzèsis sou **detèminan**. Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj lesion 75 la pou nou fè egzèsis # 1 an. [Montre elèv yo jan gimè yo fèt anvan ou kontinye.]

b. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

c. Òtograf

Nou pral koute epi ekri kèk fraz nan kaye nou. Ale nan egzèsis # 3 a. Koute fraz sa yo byen epi ekri yo kòrèkteman nan kaye nou.

Madmwazèl la te òganize yon pwomnad. Li te mennen nou nan Lekòl Nasyonal Chabo a. Chabo se yon zòn ki pa twò Iwen vil Lenbe.

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 4 ak 5.

Aktivite 5 Li tèks (12 minit) [Tit : Plante pyebwa]

Tèks n ap li jodi a se yon **pwezi**.

Nou dwe konnen

1. Yon **pwezi** se yon tèks enteresan ki itilize mo ak bèl fraz pou eksprime emosyon, lide ak santiman moun ki ekril la.
2. Yon **emosyon** se sa ki fè yon moun santi li boulvèse oswa li kontan.
3. Yon **santiman** se sa yon moun santi anndan kè li.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj lesion 75 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. [Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Konkou pwezi

Moman konkou pwezi a rive. M ap chwazi kèk elèv pou vin resite pwezi a devan tout klas la. Pandan yon elèv devan an, tout rès klas la ap suiv san pale. [Aprè chak elèv fin resite pwezi a, mande elèv yo bat yon gwo bravo pou li. Aprè sa, mande kèk elèv nan klas la pou yo di sa yo panse sou jan elèv la sot resite pwezi a.]

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Vre oswa Pa vre : Tèks sa se yon pwezi.
2. Site 2 rezon ki dwe fè n plante pyebwa.
3. Ki sa inondasyon konn fè jaden yo ?
4. Ki sa n dwe fè pou n fleri mòn yo ?
5. Daprè ou èske li bon pou n plante pyebwa ? Pou ki sa ?

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? **[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]**
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **detèminan posesif** ak **detèminan demonstratif** ? **[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]**
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? **[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]**
4. **[Aprè sa di :]** Nou te li yon bél tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bél tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Respè senbòl nasyon

Sa desen yo di (2 minit)

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon **bann desine**. Yon **bann desine** se yon seri desen yo itilize pou rakonte yon istwa.

Nou pral gade desen yo epi n ap li pawòl chak pèsonaj ki pale. [Bay elèv yo 30 segonn.]

Kounye a, nou pral di sa nou panse sou pawòl pèsonaj yo nan **bann desine** a.

Èske nou panse Maryo gen rezon lè li di Rita drapo a se twal tankou tout twal ? Pou ki sa ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Èske se yon bon esplikasyon Rita bay Maryo lè li di drapo a se senbòl libète ? Pou ki sa ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Rapèl

Nan dènye lesон an nou te pale sou **pwezi**. Kilès ki ka di m ki sa yon **pwezi** ye ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Nou te di yon pwezi konn eksprime emosyon. Kilès ki ka di m ki kalite emosyon yo ka eksprime nan yon pwezi ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Pou ki sa daprè nou yo itilize divès **detèminan** nan fraz ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Aktivite 1

Li mo kle lesон an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 76 la. Li mo yo. [Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.].

Aktivite 2

Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : fyète

1. [Ekri fraz sa a sou table a. « Jwè ekip la chante im nasyonal la ak fyète. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]

– Leve men nou si nou konnen mo **fyète**.

– Kilès ki ka di mwen ki sa mo **fyète** vle di nan fraz nou sot li a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

2. Nan tèks nou pral li jodi a, **fyète** vle di : **santiman satisfaksyon ak lonè yon moun genyen**.

3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **fyète**. [Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]

b. Dezyèm mo a se : nasyon

1. [Ekri fraz sa a sou table a. « Gen anpil nasyon sou late. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]
 – Leve men nou si nou konnen mo **nasyon**.
 – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **nasyon** vle di nan fraz nou sot li a ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **nasyon** vle di : **gwoup moun k ap viv nan menm peyi, ki pataje menm kilti, menm tradisyon epi ki pale menm lang.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **nasyon**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.**Aktivite 3 Konpreyansyon (5 minit)**

Nou pral li yon tèks ansanm. Anvan nou li tèks la, nou pral fè kèk egzesis k ap ede nou konprann tèks la pi byen.

a. Prediksyon daprè desen

Kounye a, nou pral sèvi ak desen ki mache avèk tèks la pou nou devine sa ki pral pase ladan l.

[Montre desen an epi di :]

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou ki sa tèks la pral pale. [**30 segonn**]
2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. [**30 segonn**]
3. Kilès ki ka di m sou ki sa li panse tèks la pral pale ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou reponn kesyon an. Epi ekri repons yo bay yo sou table a.*]

b. Kontèks tèks la

Kounye a, nou pral reflechi sou kèk eleman k ap ede konprann tèks nou pral li jodi a.

Kesyon yo :

1. Èske nou konn monte drapo nan lekòl nou ? Ki jan nou konpòte nou lè drapo ap monte ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.*]
2. Èske nou respekte disiplin nan lekòl nou ? Pou ki sa ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.*]

Aktivite 4 Li tèks (12 minit) [Tit : Nòt Ari Byenneme pou elèv yo]

Tèks nou pral li jodi a se yon **nòt**.

Nou dwe konnen

Yon **nòt** se yon mesaj ekri yon responsab voye bay plizyè moun alafwa pou enfòme yo sou yon desizyon ki konsène yo tout.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj lesion 76 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. [*Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.*]

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Kilès nòt la konsène ?
2. Ki travay Ari Byenneme fè nan lekòl la ?
3. Pou ki rezon Ari Byenneme mete nòt la ?
4. Pou ki sa nou dwe respekte drapo nou ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Li rele **Kous cheval**. Tout timoun kanpe. M ap frape tablo a, nou chak ap imite kri yon cheval nou konnen. Ansuit m ap mande nou pou nou fè kèk jès pandan n ap fè kri cheval la. Nou pare ! **[Frapé tablo a, aprè sa di]** :

Sote – Vire adwat – Vire agoch – Galope – Kanpe sèk – Aplodi

Aktivite 5

Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou **adjektif**.

Nou dwe konnen

1. Yon **adjektif kalifikatif** se yon mo ki mache ak yon non pou montre ki jan yon moun, yon bêt oswa yon objè ye.
2. **Adjektif kalifikatif** la kapab plase devan oswa dèyè mo li kalifye a.

Kounye a, mwen pral ekri yon fraz aprè sa m ap sèke **adjektif kalifikatif** ki nan fraz la.

Tou pa m

[Ekri gwoup mo sa a sou tablo a konsa : « Renèl gen yon bèl soulye. »]

- M ap li fraz la : **Renèl gen yon bèl soulye.**
- **[Aprè sa di :]** M ap sèke adjektif kalifikatif ki nan fraz la.
- **Renèl gen yon (bèl) soulye.**
- **[Aprè sa di :]** Mo **bèl** se yon **adjektif kalifikatif** paske li montre ki jan soulye Renèl la ye.

An n fè l ansanm

Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj lesон 76 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

- An n li fraz la : **Renèl gen yon bèl soulye.**
- An n sèke adjektif kalifikatif ki nan fraz la.
- **Renèl gen yon (bèl) soulye.**
- **[Aprè sa di :]** Mo **bèl** se yon **adjektif kalifikatif** paske li montre ki jan soulye Renèl la ye.

Tou pa nou

[Li dezyèm fraz la ansanm ak elèv yo.]

- Valeri gen yon gwo kaye.**
- **[Aprè sa di :]** Sèke **adjektif kalifikatif** ki nan fraz la.
 - **[Bay elèv yo 10 segonn.]**
 - Kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

Aktivite 6 Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

b. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Egzèsis konpreyansyon

Nou pral fè yon egzesis k ape de nou konprann tèks la pi byen. Ale nan egzèsis #4 la.

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 7 Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **yon kontin** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 76 la pou nou li kontin nan. Chak fwa nou rive sou mo ki gen trè anba li a, n ap di mo sa a pi fò. [*Li kontin nan pou bay elèv egzanp, aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li kontin nan pou kont yo.*]

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? [*Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.*]
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **adjektif kalifikatif** ? [*Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.*]
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? [*Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.*]
4. [**Aprè sa di :**] Nou te li yon bèle tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèle tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Sa mwen ka fè**Devinèt (2 minit)**

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen se senbòl chak peyi.

Chak maten, mwen monte.

Chak apremidi, mwen desann.

Mwen flote devan lekòl ak tout biwo leta.

Mwen gen koulè ble ak wouj.

Mwen se fyète chak ayisyen.

Mwen bezwen respè tout sitwayen.

Ki sa mwen ye ? (drapo)

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye lesон an nou te li yon **nòt**. Kilès ki ka di m ki sa yon **nòt** ye ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Nou te pale sou **adjektif kalifikatif** tou. Kilès ki ka di m ki sa yon **adjektif kalifikatif** ye ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Aktivite 1 Li mo kle lesон an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 77 la. Li mo yo. [Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.].

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : diyite

1. [Ekri fraz sa a sou table a. « Jak se yon mesye ki gen diyite. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]

– Leve men nou si nou konnen mo **diyite**.

– Kilès ki ka di mwen ki sa mo **diyite** vle di nan fraz nou sot li a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

2. Nan tèks nou pral li jodi a, **diyite** vle di : **respè yon moun merite**.

3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **diyite**. [Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]

b. Dezyèm mo a se : senbòl

1. [Ekri fraz sa a sou table a. « Drapo a se senbòl libète. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]
 – Leve men nou si nou konnen mo **senbòl**.
 – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **senbòl** vle di nan fraz nou sot li a ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **senbòl** vle di : **desen oswa imaj ki reprezante yon lide oswa yon objè..**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **senbòl**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 **Li tèks (12 minit) [Nòt Ari Byenneme pou elèv yo]**

Jodi a, nou pral li menm **lèt** nou te li yè a.

Nou dwe konnen

1. Yon **lèt** se yon mesaj ekri yon moun voye bay yon lòt moun. Li pèmèt yon moun komuniye ak yon lòt moun.
2. Nou ka ekri yon **lèt pèsonèl** oswa yon **lèt ofisyèl**.
3. **Lèt pèsonèl** la se yon lèt nou ka voye bay fanmi nou oswa zanmi nou.
4. **Lèt ofisyèl** la se lèt nou ka voye bay moun k ap travay nan Leta oswa lòt kote.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj lesion 77 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. [*Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.*]

b. Li de pa de

Nou pral li lèt la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Lekti endividyle

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Èske w dakò ak sa responsab disiplin mande a ? Pou ki sa ?
2. Si w t ap ekri yon nòt pou elèv yo nan lekòl ou a, ki sa w t ap di yo ?
3. Èske w dakò pou yo monte drapo avan n rantre nan klas? Pou ki sa ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Li rele **Estatí**. Tout timoun kanpe. Mwen pral mande nou fè plizyè jès youn dèyè lòt. Lè mwen di **estati** n ap kanpe sèk, san pale, san nou pa bouje kò nou. Nou pare !

Kanpe – Danse – Estati – Lonje men nou devan – Tranble kò nou – Estati

Aktivite 4 Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou **fraz ki pa adjektif kalifikatif**.

Nou dwe konnen

1. Yon **adjektif kalifikatif** se yon mo ki mache ak yon non pou montre ki jan yon moun, yon bêt oswa yon objè ye.
2. **Adjektif kalifikatif** la kapab plase devan oswa dèyè non li kalifye a.

Kounye a, mwen pral ekri yon fraz aprè sa m ap antoure **adjektif kalifikatif** ki nan fraz la.

Tou pa m

[Ekri fraz sa a sou table a konsa : « Bèta se yon ti fi entelijan. »]

- M ap li fraz la : **Bèta se yon ti fi entelijan.**
- **[Aprè sa di :]**
- M ap pase yon trè anba adjektif kalifikatif ki nan fraz la.
- **Bèta se yon ti fi entelijan.**
- **[Aprè sa di :]**
- Mo **entelijan** se yon **adjektif kalifikatif** paske li montre ki jan Bèta ye.

An n fè l ansanm

Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 77 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

An n li fraz la : **Bèta se yon ti fi entelijan.**

- An n pase yon trè anba adjektif kalifikatif ki nan fraz la
- **Bèta se yon ti fi entelijan.**
- **[Aprè sa di :]** Mo **entelijan** se yon **adjektif kalifikatif** paske li montre ki jan Bèta ye.

Tou pa nou

[Li dezyèm fraz la ansanm ak elèv yo.]

Manno renmen timoun saj.

- **[Aprè sa di :]** pase yon trè anba adjektif kalifikatif ki nan fraz la. **[Bay elèv yo 10 segonn.]**
- Kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

Aktivite 5 Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

b. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Chema tèks la

Fè desen drapo peyi d Ayiti nan kare a. Ale nan egzèsis # 4 la.

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 6 Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **yon kontin** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 77 la pou nou li kontin nan. Chak fwa nou rive sou mo ki gen trè anba li a, n ap di mo sa a pi fò. **[Li kontin nan pou bay elèv egzanp, aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li kontin nan poukонт yo.]**

Sa nou te aprann nan lesон jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan lesон an ? **[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan lesон an.]**
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **adjektif kalifikatif** ? **[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan lesон an.]**
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? **[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]**
4. **[Aprè sa di :]** Nou te li yon bèle tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèle tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Sa mwen ka fè

Sa desen yo di (2 minit)

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon **bann desine**. Yon **bann desine** se yon seri desen yo itilize pou rakonte yon istwa.

Nou pral gade desen yo epi n ap li pawòl chak pèsonaj ki pale. [Bay elèv yo 30 segonn.]

Kounye a, nou pral di sa nou panse sou pawòl pèsonaj yo nan **bann desine** a.

Èske nou panse Rita te dwe konnen sa siy ki sou drapo a vle di ? Pou ki sa ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Èske nou panse esplikasyon Maryo bay Rita a kòrèk ? Pou ki sa? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Rapèl

Nan dènye lesон an nou te li yon nòt. Kilès ki ka di m ki sa yon nòt ye ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Nou te pale tou sou nòt. Kilès ki ka di m ki sa yon lèt opinyon ye ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Nou te pale sou adjektif kalifikatif tou. Kilès ki ka di m ki sa yon adjektif kalifikatif ye ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Aktivite 1

Li mo kle lesон an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 78 la. Li mo yo. [Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.].

Aktivite 2

Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : nòt

- [Ekri fraz sa a sou table a. « Direkte a mete yon nòt pou anonse egzamen yo. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]
 - Leve men nou si nou konnen mo **nòt**.
 - Kilès ki ka di mwen ki sa mo **nòt** vle di nan fraz nou sot li a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]
- Nan tèks nou pral li jodi a, **nòt** vle di : **mesaj ekri yon responsab voye bay plizyè moun alafwa pou I enfòme yo sou yon desizyon ki konsène yo.**
- Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **nòt**. [Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]

b. Dezyèm mo a se : istwa

1. [Ekri fraz sa a sou table a. « Nan istwa d Ayiti, Kristòf jwe yon gwo wòl. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]
 – Leve men nou si nou konnen mo **istwa**.
 – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **istwa** vle di nan fraz nou sot li a ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]**
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **istwa** vle di : **seri evènman ki pase nan yon peyi moun ka ekri epi rakonte.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **istwa**. **[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]**

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 **Konpreyansyon (5 minit)**

Nou pral li yon tèks ansanm. Anvan nou li tèks la, nou pral fè kèk egzesis k ap ede nou konprann tèks la pi byen.

a. Prediksyon daprè desen

Kounye a, nou pral sèvi ak desen ki mache avèk tèks la pou nou devine sa ki pral pase ladan l.

[Montre desen an epi di :]

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou ki sa tèks la pral pale. **[30 segonn]**
2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. **[30 segonn]**
3. Kilès ki ka di m sou ki sa li panse ki pral pase nan tèks la ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou reponn kesyon an. Epi ekri repons yo bay yo sou table a.]**

b. Kontèks tèks la

Kounye a, nou pral reflechi sou kèk eleman k ap ede konprann tèks nou pral li jodi a.

Kesyon yo :

1. Èske nou panse yon elèv ka ekri responsab disiplin lekòl li ? Pou ki sa ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**
2. Èske nou respekte tout disiplin lekòl nou ? Pou ki sa ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**

Aktivite 4 **Li tèks (12 minit) [Tit : Lèt Ari Byenneme pou Evlin Tousen]**

Tèks nou pral li jodi a se yon **lèt opinyon**.

Nou dwe konnen

1. Yon **lèt** se yon mesaj ekri yon moun voye bay yon lòt moun.
2. Yon **lèt opinyon** se yon lèt yon moun ekri pou li di sa li panse.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj lesion 78 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. **[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]**

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Pou kilès lèt sa a ekri ?
2. Ki responsablite Evlin genyen ?
3. Ki lesion elèv twazyèm yo te etidye ?
4. Ki sa elèv yo pral òganize ?
5. Pou ki sa elèv yo pral fè aktivite a ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Li rele **Kous cheval**. Tout timoun kanpe. M ap frape tablo a, nou chak ap imite kri yon cheval nou konnen. Ansuit m ap mande nou pou nou fè kèk jès pandan n ap fè kri cheval la.
Nou pare ! **[Frapé tablo a, aprè sa di]** :

Sote – Vire adwat – Vire agoch – Galope – Kanpe sèk – Aplodi

Aktivite 5

Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou **konpleman non**.

Nou dwe konnen

1. **Konpleman non** an se yon mo ki mache ak yon non pou konplete oswa presize sans non an.
2. Pou nou jwenn **konpleman non** an nan yon fraz nou dwe poze kesyon « ki ? » devan non an.

Kounye a, nou pral chèche **konpleman non** nan fraz.

Tou pa m



[Ekri gwooup mo sa a sou tablo a konsa : « Bisiklèt Jan an gen bon fren. »]

- M ap li fraz la : **Bisiklèt Jan an gen bon fren.**
- M ap poze kesyon : ki bisiklèt ?
- Se bisiklèt Jan an.
- M ap pase yon trè anba mo Jan nan fraz la.
- **Bisiklèt Jan an gen bon fren.**
- Mo **Jan** se konpleman non ki mache ak mo bisiklèt paske li bay presizyon sou bisiklèt la.

An n fè l ansanm



Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj lesion 78 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

- An n li fraz la : **Bisiklèt jan an gen bon fren.**
- N ap poze kesyon : ki bisiklèt ?
- Se bisiklèt Jan an.
- An n pase yon trè anba mo Jan nan fraz la.
- **Bisiklèt Jan an gen bon fren.**
- Mo **Jan** se konpleman non ki mache ak mo bisiklèt paske li bay presizyon sou bisiklèt la.

Tou pa nou



[Li dezyèm gwooup mo a ansanm ak elèv yo.]

Valiz Nadya a pwòp.

- *[Aprè sa di :]* Pase yon trè anba konpleman non an nan fraz la.
- [Bay elèv yo 10 segonn.]**
- Kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

Aktivite 6 Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

b. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Egzèsis konpreyansyon

Nou pral fè yon egzesis k ape de nou konprann tèks la pi byen. Ale nan egzèsis # 4 la.

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 7 Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini lesion jodi a, nou pral li **yon kontin** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj lesion 78 la pou nou li kontin nan. Chak fwa nou rive sou mo ki gen trè anba li a, n ap di mo sa a pi fò. *[Li kontin nan pou bay elèv egzanp, aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li kontin nan pou kont yo.]*

Enpòtan

[Ekri pwezi ki nan paj lesion 80 nan liv elèv la sou tablo a. Mande elèv yo kopye li nan yon ti kaye. Aprè sa di yo pou yo byen aprann pwezi a lakay yo pou yo ka resite li nan klas la jou w ap fè lesion pwezi a.]

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? **[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]**
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **adjektif kalifikatif** ? **[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]**
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? **[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]**
4. **[Aprè sa di :]** Nou te li yon bèle tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèle tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Sa mwen ka fè

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen se chante nasyonal yon peyi.
Mwen p ap janm chanje.
Timoun aprann mwen nan lekòl.
Mwen se chante ki fè fyète tout sitwayen.
Yo chante m lè y ap monte drapo.
Kil sa mwen ye ? (im nasyonal)

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye lesон an nou te li yon **lèt**. Kilès ki ka di m ki sa yon **lèt ye** ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Nou te pale tou sou **lèt opinyon**. Kilès ki ka di m ki sa yon **lèt opinyon ye** ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Nou te pale sou **konpleman non** tou. Kilès ki ka di m ki sa yon **konpleman non ye** ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Aktivite 1 Li mo kle lesон an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 79 la. Li mo yo. [Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.].

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : planifye

1. [Ekri fraz sa a sou tablo a. « Dani planifye yon espektak mizik. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]
 - Leve men nou si nou konnen mo **planifye** .
 - Kilès ki ka di mwen ki sa mo **planifye** vle di nan fraz nou sot li a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **planifye** vle di : **òganize yon aktivite, yon evènman daprè yon plan**. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **planifye** . [Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]

b. Dezyèm mo a se : diskite

1. [Ekri fraz sa a sou table a. « Astrèl ap diskite ak pwofesè a. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]
 - Leve men nou si nou konnen mo **diskite**.
 - Kilès ki ka di mwen ki sa mo **diskite** vle di nan fraz nou sot li a ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]**
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **diskite** vle di : **pataje ide ak yon moun sou yon sijè**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **diskite**. **[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]**

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Li tèks (12 minit) [Tit : Lèt Evlin Tousen pou Ari Byenneme]

Jodi a, nou pral li menm **lèt** nou te te li nan dènye lesion an.

Nou dwe konnen

1. Yon **lèt** se yon mesaj ekri yon moun voye bay yon lòt moun. Li pèmèt yon moun kominike ak yon lòt moun.
2. Nou ka ekri yon **lèt pèsonèl** oswa yon **lèt ofisyèl**.
3. **Lèt pèsonèl** la se yon lèt nou ka voye bay fanmi nou oswa zanmi nou.
4. **Lèt ofisyèl** la se lèt nou ka voye bay moun k ap travay nan Leta oswa lòt kote.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj lesion 79 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. **[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]**

b. Li de pa de

Nou pral li lèt la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li lèt la pou lòt.

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Pou ki rezon elèv yo te dakò ak nòt responsab disiplin nan ?
2. Èske w panse li bon pou yo monte drapo ak chante im nasyonal nan lekòl yo ?
3. Ki reyaksyon ou panse elèv yo pral genyen lè l yo fin li nòt la ?
4. Daprè ou èske responsab disiplin nan gen rezon ? Pou ki sa ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Li rele **Estatí** Tout timoun kanpe. Mwen pral mande nou fè plizyè jès youn dèyè lòt. Lè mwen di **estati** n ap kanpe sèk, san pale, san nou pa bouje kò nou. Nou pare !

Kanpe – Danse – Estati – Lonje men nou devan – Tramble kò nou – Estati

Aktivite 4 Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou **konpleman non**.

Nou dwe konnen

1. **Konpleman non** an se yon mo ki mache ak yon non pou konplete oswa presize sans non an.
2. Pou nou jwenn **konpleman non** an nan yon fraz nou dwe poze kesyon « ki ? » devan non an

Kounye a, nou pral chèche **konpleman non** nan fraz.

Tou pa m

[Ekri fraz sa a sou tablo a konsa : « Manch malèt la kase. »]

- M ap li fraz la : **Manch malèt la kase.**
- M ap poze kesyon : ki manch ?
- Se manch malèt la.
- M ap pase yon trè anba mo malèt nan fraz la.
- **Manch malèt la kase.**
- Mo **malèt** se konpleman non ki mache ak mo manch paske li bay presizyon sou manch la.

An n fè l ansanm

Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj lesion 79 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

- An n li fraz la : **Manch malèt la kase.**
- An n poze kesyon : ki manch ?
- Se manch malèt la.
- An n pase yon trè anba mo malèt nan fraz la.
- **Manch malèt la kase.**
- Mo **malèt** se konpleman non ki mache ak mo manch paske li bay presizyon sou manch la.

Tou pa nou

[Li dezyèm fraz la ansanm ak elèv yo]

Zip valiz la gate.

- *[Aprè sa di :]* Pase yon trè anba konpleman non an nan fraz la.
- [Bay elèv yo 10 segonn.]*
- Kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

Aktivite 5 Egzèsis nan kaye (12minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

b. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Chema tèks la

Kounye a, nou pral fè yon aktivite k ap ede nou jwenn enfòmasyon ki pi enpòtan nan tèks nou sot li a. M ap poze nou kèk kesyon. Pou chak kesyon, n ap ekri repons la nan yon ti bwat. Ale nan egzèsis # 4 la.
[Ede elèv yo idantifye kote pou yo ekri repons yo. Aprè chak kesyon, pase verifye si elèv yo ekri repons yo nan plas yo.]

Enfòmasyon sou yon aktivite nou ta renmen òganize pou envite elèv nan lekòl nou gen bon konpòtman lè y ap monte drapo.

- Ki aktivite nou ta renmen òganize ? (bwat #1)
- Ki kote n ap fèaktivite a ? (bwat #2)
- Ki sa n ap bezwen pou nou fè aktivite a ? (bwat #3)

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 6 Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **yon kontin** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 79 la pou nou li kontin nan. Chak fwa nou rive sou mo ki gen trè anba li a, n ap di mo sa a pi fò. *[Li kontin nan pou bay elèv egzanp, aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li kontin nan poukонт yo.]*

Enpòtan

[Raple elèv yo pou yo repase pwezi yo te kopye nan ti kaye a. Di yo pou yo byen prepare li pou yo ka patisipe nan konkou pwezi semèn nan.]

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]*
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **adjektif kalifikatif** ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè out e esplike nan leson an.]*
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? *[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]*
4. **[Aprè sa di :]** Nou te li yon bél tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bél tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Sa mwen ka fè

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen se yon enstitisyon leta.

Mwen la pou pwoteje moun

Ak sa moun posede.

Mwen dwe bay tout moun sekirite.

Mwen la pou m arete moun k ap fè

Move zak ak moun k ap pran zafè lòt.

Ki sa mwen ye ? (Lapolis)

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye lesон an nou te li yon **lèt**. Kilès ki ka di m ki sa yon **lèt ye** ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Nou te pale tou sou **lèt opinyon**. Kilès ki ka di m ki sa yon **lèt opinyon ye** ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Nou te pale sou **konpleman non** tou. Kilès ki ka di m ki sa yon **konpleman non ye** ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Aktivite 1 Li mo kle lesон an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 80 an. Li mo yo. [Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.].

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : chemen

1. [Ekri fraz sa a sou tablo a. « Louna pran **chemen** ki mennen nan biliyotèk la. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]

– Leve men nou si nou konnen mo **chemen**.

– Kilès ki ka di mwen ki sa mo **chemen** vle di nan fraz nou sot li a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

2. Nan tèks nou pral li jodi a, **chemen** vle di : **wout yon moun dwe pran pou li ale yon kote.**

3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **chemen**. [Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]

LESON 80

b. Dezyèm mo a se : prizon

1. [Ekri fraz sa a sou table a. « Pa gen moun ki ta renmen ale nan prizon. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]

– Leve men nou si nou konnen mo **prizon**.

– Kìlès ki ka di mwen ki sa mo **prizon** vle di nan fraz nou sot li a ? [**Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.**]

2. Nan tèks nou pral li jodi a, **prizon** vle di : **espas fèmen kote yo mete moun ki fè move zak.**

3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **prizon**. [**Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.**]

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Gramè (8 minit)

a. Jodi a, n ap fè yon aktivite sou **adjektif kalifikatif**.

Nou dwe konnen

1. Yon **adjektif kalifikatif** se yon mo ki mache ak yon non pou montre ki jan yon moun, yon bët oswa yon objè ye.

2. **Adjektif kalifikatif** la kapab plase devan oswa dèyè non li kalifye a.

Koute epi reponn ak pouz

Mwen pral li kèk fraz pou nou. Lè nou tandé yon fraz ki kòrèk n ap leve pouz nou anlè. Lè nou tandé yon fraz ki pa kòrèk mete pouz nou tèt anba.

Fraz yo

– Yon **adjektif kalifikatif** se yon mo ki fè nou wè jan yon moun ye.

– **Adjektif kalifikatif** la toujou plase aprè mo li kalifye a.

– Nan fraz : « **Wobè gen yon gwo boul.** » mo **boul** se yon adjektif kalifikatif.

– Nan fraz : « **Jislèn mete yon wòb ble.** » mo **ble** se yon adjektif kalifikatif.

b. Kounye a, n ap fè yon aktivite sou **konpleman non** nan fraz.

Nou dwe konnen

1. **Konpleman non** an se yon mo ki mache ak yon non pou konplete oswa presize sans non an.

2. Pou nou jwenn **konpleman non** an nan yon fraz nou dwe poze kesyon « ki ? » devan non an.

Koute epi reponn ak pouz

Mwen pral li kèk fraz pou nou. Lè nou tandé yon fraz ki kòrèk n ap leve pouz nou anlè. Lè nou tandé yon fraz ki pa kòrèk mete pouz nou tèt anba.

Fraz yo

– Yon **konpleman non** se yon mo ki mache ak yon non pou konplete sans non an.

– Nan fraz : « **Poul vwazen an pon 2 ze.** » mo **vwazen** se yon konpleman non.

– Nan fraz : « **Diri latibonit se bon diri.** » mo **diri** se yon konpleman non.

Aktivite 4 Egzèsis nan kaye (12 minit)**a. Egzèsis gramè**

Kounye a, nou pral fè egzèsis sou **detèminan**. Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj lesion 80 an pou nou fè egzèsis # 1 an.

b. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

c. Òtograf

Nou pral koute epi ekri kèk fraz nan kaye nou. Ale nan egzèsis # 3 a. Koute fraz sa yo byen epi ekri yo kòrèkteman nan kaye nou.

Tout elèv chante im nasyonal la. Im nasyonal la ak drapo a se fyète peyi a. Se fyète tout Ayisyen. San yo, pa gen nasyon. Drapo a ak im nasyonal la se gwo senbòl.

d. Egzèsis konpreyansyon

Nou pral fè yon egzèsis k ape de nou konprann tèks la pi byen. Ale nan egzèsis #4 la

e. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 5 Li tèks (12 minit) [Tit : Sou chemen pèdi tan]

Tèks n ap li jodi a se yon **pwezi**.

Nou dwe konnen

1. Yon **pwezi** se yon tèks ki itilize mo ak bèl fraz pou eksprime emosyon, lide ak santiman moun ki ekril la.
2. Yon **emosyon** se sa ki fè yon moun santi li boulvèse oswa li kontan.
3. Yon **santiman** se sa yon moun santi anndan kè li.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj lesion 80 an pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. [*Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.*]

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Konkou pwezi

Moman konkou pwezi a rive. M ap chwazi kèk elèv pou vin resite pwezi a devan tout klas la. Pandan yon elèv devan an, tout rès klas la ap suiv san pale. [*Aprè chak elèv fin resite pwezi a, mande elèv yo bat yon gwo bravo pou li. Aprè sa, mande kèk elèv nan klas la pou yo di sa yo panse sou jan elèv la sot resite pwezi a.*]

LESON 80

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Ki tit pwezi a ?
2. Nan direksyon chemen lavi a ka mennen nou ?
3. Èske w konn pèdi tan w ? Ki lè ?
4. Èske w panse li bon pou n pèdi tan ? Pou ki sa ?

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? **[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]**
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **adjektif kalifikatif** ? **[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]**
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? **[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]**
4. **[Aprè sa di :]** Nou te li yon bèle tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèle tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Respè pou lòt yo

Sa desen yo di (2 minit)

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon **bann desine**. Yon **bann desine** se yon seri desen yo itilize pou rakonte yon istwa.

Nou pral gade desen yo epi n ap li pawòl chak pèsónaj ki pale. [Bay elèv yo 30 segonn.]

Kounye a, nou pral di sa nou panse sou pawòl pèsónaj yo nan **bann desine** a.

Kilès ki ka di m sa li panse de Maryo ki pa renmen wè moun ki pòv ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Pou ki sa menm jan ak Rita, nou panse li bon pou nou respekte tout moun ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Rapèl

Nan dènye lesон an nou te pale sou **pwezi**. Kilès ki ka di m ki sa yon **pwezi** ye ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Nou te di yon pwezi konn eksprime **emosyon**. Kilès ki ka di m ki kalite **emosyon** yo ka eksprime nan yon pwezi ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Nou te pale sou **konpleman non** tou. Kilès ki ka di m ki sa yon **konpleman non** ye ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Aktivite 1

Li mo kle lesон an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 81 an. Li mo yo. [Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.].

Aktivite 2

Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : awogan

1. [Ekri fraz sa a sou tablo a. « Li pa bon lè moun awogan. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]

– Leve men nou si nou konnen mo **awogan**.

– Kilès ki ka di mwen ki sa mo **awogan** vle di nan fraz nou sot li a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

2. Nan tèks nou pral li jodi a, **awogan** vle di : **ki renmen meprize oswa diminye moun**.

3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **awogan**. [Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]

LESON 81

b. Dezyèm mo a se : meprize

1. [Ekri fraz sa a sou table a. « Feliks pa janm meprize moun. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]
 - Leve men nou si nou konnen mo **meprize**.
 - Kilès ki ka di mwen ki sa mo **meprize** vle di nan fraz nou sot li a ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]**
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **meprize** vle di : **konsidere yon moun kòm si li pa gen valè.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **meprize**. **[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]**

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Konpreyansyon (5 minit)

Nou pral li yon tèks ansanm. Anvan nou li tèks la, nou pral fè kèk egzesis k ap ede nou konprann tèks la pi byen.

a. Prediksyon daprè desen

Kounye a, nou pral sèvi ak desen ki mache avèk tèks la pou nou devine sa ki pral pase ladan l.

[Montre desen an epi di :]

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou ki sa tèks la pral pale. **[30 segonn]**
2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. **[30 segonn]**
3. Kilès ki ka di m sou ki sa li panse tèks la pral pale ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou reponn kesyon an. Epi ekri repons yo bay yo sou table a.]**

b. Kontèks tèks la

Kounye a, nou pral reflechi sou kèk eleman k ap ede konprann tèks nou pral li jodi a.

Kesyon yo :

1. Kilès ki ka di m pou ki sa li konn fache ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**
2. Èske nou panse li bon pou nou meprize lòt moun ? Pou ki sa ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**
3. Èske nou panse li enpòtan pou nou respekte tout moun ? Pou ki sa ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**

Aktivite 4 Li tèks (12 minit) [Tit : Kodenn ak Kana]

Tèks nou pral li jodi a se yon **tèks naratif**.

Nou dwe konnen

1. Yon **tèks naratif** se yon tèks kote yo rakonte yon seri evènman.
2. Evènman yo se tout sa ki pase anndan yon **tèks naratif**.
3. Evènman yo ka reyèl, sa vle di tout sa ki pase nan tèks la sanble aksyon ki ka rive tout bon vre.
4. Lè sa ki pase nan tèks la pa sanble aksyon ki ka rive tout bon vre, nou di evènman yo imajinè.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 81 an pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. **[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]**

b. Koute tèks la

Kounye a, mwen pral li tèks la pou nou. Koute byen pou nou ka fè yon bon lekti aprè. [*Pran liv elèv la. Li tèks : « Kodenn ak Kana » pou elèv yo. Li tèks la ak bon ton pou bay elèv yo egzanp.*]

c. Lekti endividiyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Ekri non pèsonaj ki mache ak sa yo di nan chak fraz sa yo :
 - Mwen saj epi m respekte tout bêt.
 - Mwen vle al nan fèt la byen pwòp.
2. Ki kote Mesye Kodenn ta prale ?
3. Ak kilès li rankontre sou wout la ?
4. Pou ki sa Mesye Kodenn kouri ?
5. Kay kilès li te oblige ale ?
6. Ki sa k rive Kodenn finalman ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Li rele **Kous cheval**. Tout timoun kanpe. M ap frape tablo a, nou chak ap imite kri yon cheval nou konnen. Ansuit m ap mande nou pou nou fè kèk jès pandan n ap fè kri cheval la. Nou pare ! [**Frapé tablo a, aprè sa dij**] :

Sote – Vire adwat – Vire agoch – Galope – Kanpe sèk – Aplodi

Aktivite 5 Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou **gwooup nominal**.

Nou dwe konnen

1. Yon **gwooup nominal** fòme ak youn oubyen plizyè mo ki akonpaye yon non.
2. Non an se mo ki pi enpòtan nan **gwooup nominal** la.

LESON 81

Kounye a, mwen pral ekri yon **gwooup nominal** aprè sa m ap di ki jan gwooup nominal la fòme.

Tou pa m

[Ekri gwooup mo sa a sou table a konsa : « kamyonèt la. »]

- M ap li gwooup nominal la : **kamyonèt la**
- [Aprè sa di :] Gwooup nominal sa a fòme ak de mo. (**kamyonèt - la**).
- M ap souliye non an **kamyonèt**.
- M ap sèke detèminan an **(la)**.
- Gwooup nominal sa a fòme ak de mo : yon non (**kamyonèt**) ak yon detèminan (**la**).

An n fè l ansanm

Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 81 an pou nou fè egzèsis # 1 an.

- An n li fraz la : **kamyonèt la**
- [Aprè sa di :] Gwooup nominal sa a fòme ak de mo. (**kamyonèt - la**)
- An n yon trè anba non an **kamyonèt**.
- An n sèke detèminan an **(la)**.
- Gwooup nominal sa a fòme ak de mo : yon non (**kamyonèt**) ak yon detèminan (**la**).

Tou pa nou

[Li dezyèm gwooup mo a ansanm ak elèv yo.]

Kaye a

- [Aprè sa di :] Pase yon trè anba non an aprè sa sèke detèminan an.
- [Bay elèv yo 10 segonn.]
- Kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

Aktivite 6 Egzèsis nan kaye (10 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

b. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Egzèsis konpreyansyon

Nou pral fè yon egzèsis k ape de nou konprann tèks la pi byen. Ale nan egzèsis #4 la.

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 7 Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **yon kontin** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 81 la pou nou li kontin nan. Chak fwa nou rive sou mo ki gen trè anba li a, n ap di mo sa a pi fò. *[Li kontin nan pou bay elèv egzanp, aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li kontin nan pou kont yo.]*

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]*
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **gwooup nominal** ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]*
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? *[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]*
4. **[Aprè sa di :]** Nou te li yon bél tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bél tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Respè pou lòt yo

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen se yon bêt volay.

Mwen gen koulè blan

Oswa nwa ak blan.

Mwen gen bék laj epi li long.

Pat mwen yo laj.

Mwen renmen naje nan rivyè.

Ki sa mwen ye ? (kana)

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye lesон an nou te pale sou **tèks naratif**. Kilès ki ka di m ki sa yon **tèks naratif** ye ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Nou te di tèks naratif la gen **evènman** ladan li. Kilès ki ka di m ki sa yon **evènman** ye ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Kilès ki ka di m ki jan yon **gwoup nominal** ka fòme ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Aktivite 1

Li mo kle lesон an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 82 a. Li mo yo. [Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.].

Aktivite 2

Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : byennelve

1. [*Ekri fraz sa a sou tablo a. « Lama se yon ti gason byennelve. » Mande elèv yo li fraz la epi di :*]

– Leve men nou si nou konnen mo **byennelve**.

– Kilès ki ka di mwen ki sa mo **byennelve** vle di nan fraz nou sot li a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

2. Nan tèks nou pral li jodi a, **byennelve** vle di : **ki janti, ki gen lizaj, ki saj**.

3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **byennelve**. [Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]

b. Dezyèm mo a se : kanton

1. [Ekri fraz sa a sou table a. « Tamara abite nan kanton an » Mande elèv yo li fraz la epi di :]
 - Leve men nou si nou konnen mo **kanton**.
 - Kilès ki ka di mwen ki sa mo **kanton** vle di nan fraz nou sot li a ? [**Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.**]
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **kanton** vle di : **katye, bouk, zòn**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **kanton**. [**Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.**]

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 **Li tèks (12 minit) [Tit : Kodenn ak Kana]**

Jodi a, nou pral li menm **tèks naratif** nou te li nan dènye leson an.

Nou dwe konnen

1. Yon **tèks naratif** se yon tèks kote yo rakonte yon seri evènman.
2. Evènman yo se tout sa ki pase anndan yon tèks naratif.
3. Evènman yo ka reyèl, sa vle di tout sa ki pase nan tèks la sanble aksyon ki ka rive tout bon vre.
4. Lè sa ki pase nan tèks la pa sanble aksyon ki ka rive tout bon vre, nou di evènman yo imajinè.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 82 a pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. [**Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.**]

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Lekti endividyle

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Kilès nan pèsonaj yo ou pi renmen ? Pou ki sa ?
2. Daprè ou èske chen an byen konpòte l ? Bay rezon an.
3. Pou ki sa yo bay Kodenn nan te vèvennan nan ?
4. Èske li bon lè Kodenn nan chanje atitud li ak bêt yo ? Pou ki sa ?
5. Ki mesaj ou jwenn lè w fin li istwa a ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Li rele **Estatí**. Tout timoun kanpe. Mwen pral mande nou fè plizyè jès youn dèyè lòt. Lè mwen di **estati** n ap kanpe sèk, san pale, san nou pa bouje kò nou. Nou pare !

Kanpe – Danse – Estatí – Lonje men nou devan – Tramble kò nou – Estatí

Aktivite 4 Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou **gwooup nominal**.

Nou dwe konnen

1. Yon **gwooup nominal** fòme ak youn oubyen plizyè mo ki akonpaye yon non.
2. Non an se mo ki pi enpòtan nan **gwooup nominal** la.

Kounye a, mwen pral ekri yon **gwooup nominal** aprè sa n ap di ki jan gwooup nominal la fòme.

Tou pa m

[*Ekri gwooup nominal la sou tablo a konsa : « kamyonèt wouj la. »*]

- M ap li gwooup nominal la : **kamyonèt wouj la**
- [*Aprè sa di :*] Gwooup nominal sa a fòme ak twa mo. (**kamyonèt/ wouj/ la**)
- M ap pase yon trè anba non an **kamyonèt**.
- M ap pase de trè anba adjektif kalifikatif la **Wouj**
- M ap sèke detèminan an **(la)**.
- Nan gwoup nominal sa a, non an (**kamyonèt**) se mo ki pi enpòtan an, dezyèm mo a (**wouj**) se yon adjektif ki fè nou wè ki koulè kamyonèt la ye.

An n fè l ansanm

Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj lesion 16 la pou nou fè egzèsis # 82 a.

- An n li gwooup nominal la : **kamyonèt wouj la**
- [*Aprè sa di :*] Gwooup nominal sa a fòme ak twa mo. (**kamyonèt/ wouj/ la**)
- An n pase yon trè anba non an **kamyonèt**.
- An n pase de trè anba adjektif kalifikatif la **Wouj**
- An n sèke detèminan an **(la)**.
- Nan gwoup nominal sa a, non an (**kamyonèt**) se mo ki pi enpòtan an, dezyèm mo a (**wouj**) se yon adjektif ki fè nou wè ki koulè kamyonèt la ye.

Tou pa nou

[*Li dezyèm gwooup mo a ansanm ak elèv yo.*]

Soulye nwa a.

- [*Aprè sa di :*] Pase yon trè anba non an, de trè anba adjektif kalifikatif la aprè sa sèke detèminan an.
- [*Bay elèv yo 10 segonn.*]
- Kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

Aktivite 5 Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

b. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Chema tèks la

Kounye a, nou pral fè yon aktivite k ap ede nou jwenn enfòmasyon ki pi enpòtan nan tèks nou sot li a. M ap poze nou kèk kesyon. Pou chak kesyon, n ap ekri repons la nan yon ti bwat. Ale nan egzèsis # 4 la. [Ede elèv yo idantifye kote pou yo ekri repons yo. Aprè chak kesyon, pase verifye si elèv yo ekri repons yo nan plas yo.]

- Ekri non tout pèsonaj nou jwenn nan tèks la nan ti bwat ki pou pèsonaj yo.
- Ki kote pèsonaj yo ye ?
- Ki sa ki pase nan istwa a ?
- Ki sa pèsonaj yo fè ?
- Kòman sa fini.

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 6 **Li ak bon ton (3 minit)**

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **kèk fraz** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 82 a pou nou li fraz yo. Sonje byen gade siy ponktiyasyon ki nan chak fraz pou nou ka bay vwa nou ton ki mache ak yo. [Li fraz la pou bay elèv yo egzanp. Aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li fraz la pou kont yo.]

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? [Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **gwoup nominal** ? [Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? [Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]
4. [Aprè sa di :] Nou te li yon bèle tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèle tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Respè pou lòt yo

Sa desen yo di (2 minit)

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon **bann desine**. Yon **bann desine** se yon seri desen yo itilize pou rakonte yon istwa.

Nou pral gade desen yo epi n ap li pawòl chak pèsónaj ki pale. [*Bay elèv yo 30 segonn.*]

Kounye a, nou pral nou pral di sa nou panse sou pawòl pèsónaj yo nan bann **bann desine** a.

Èske menm jan ak Maryo nou panse si yon moun sou, nou gen dwa pase li nan rizib ? Pou ki sa ?

[*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]

Èske nou panse Rita bay Maryo yon bon konsèy lè li di I pou li ede mesye a rantre lakay li ? Pou ki sa ?

[*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]

Rapèl

Nan dènye lesон an nou te pale sou **tèks naratif**. Kilès ki ka di m ki sa yon **tèks naratif** ye ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]

Nou te di **tèks naratif** la gen **evènman** ladan li. Kilès ki ka di m ki sa yon **evènman** ye ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]

Kilès ki ka di m ki jan yon **gwooup nominal** ka fòme ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]

Aktivite 1 Li mo kle lesон an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 83 a. Li mo yo. [*Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.*].

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : envite

1. [*Ekri fraz sa a sou tablo a. « Ket i envite Jozèt nan fèt la. » Mande elèv yo li fraz la epi di :*]

– Leve men nou si nou konnen mo **envite**.

– Kilès ki ka di mwen ki sa mo **envite** vle di nan fraz nou sot li a ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]

2. Nan tèks nou pral li jodi a, **envite** vle di : **mande yon moun pou vini patisipe nan yon fèt, yon aktivite...**

3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **envite**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

b. Dezyèm mo a se : boulvèse

1. [Ekri fraz sa a sou table a. « Benita resevwa yon nouvèl ki boulvèse li. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]
 - Leve men nou si nou konnen mo **boulvèse**.
 - Kilès ki ka di mwen ki sa mo **boulvèse** vle di nan fraz nou sot li a ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **boulvèse** vle di : **twoouble, pètibe, deranje**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **boulvèse**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Konpreyansyon (5 minit)

Nou pral li yon tèks ansanm. Anvan nou li tèks la, nou pral fè kèk egzesis k ap ede nou konprann tèks la pi byen.

a. Prediksyon daprè desen

Kounye a, nou pral sèvi ak desen ki mache avèk tèks la pou nou devine sa ki pral pase ladan l.

[Montre desen an epi di :]

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou ki sa tèks la pral pale. [*30 segonn*]
2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. [*30 segonn*]
3. Kilès ki ka di m sou ki sa li panse ki pral pase nan tèks la ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou reponn kesyon an. Epi ekri repons yo bay yo sou table a.*]

b. Kontèks tèks la

Kounye a, nou pral reflechi sou kèk eleman k ap ede konprann tèks nou pral li jodi a.

Kesyon yo :

1. Kilès ki konn wè yon bourik déjà ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.*]
2. Èske nou konn bay zanmi nou konsèy ? Nan ki okazyon ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.*]
3. Èske li bon pou nou koute konsèy lòt moun ? Pou ki sa ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.*]

Aktivite 4 Li tèks (12 minit) [Tit : Bourik ak Chen]

Tèks nou pral li jodi a se yon **tèks naratif**.

Nou dwe konnen

1. Yon **tèks naratif** se yon tèks kote yo rakonte yon seri evènman.
2. Evènman yo se tout sa ki pase anndan yon tèks naratif.
3. Evènman yo ka reyèl, sa vle di tout sa ki pase nan tèks la sanble aksyon ki ka rive tout bon vre.
4. Lè sa ki pase nan tèks la pa sanble aksyon ki ka rive tout bon vre, nou di evènman yo imajinè.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 83 a pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. [*Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.*]

b. Koute tèks la

Kounye a, mwen pral li tèks la pou nou. Koute byen pou nou ka fè yon bon lekti aprè. [Pran liv elèv la. Li tèks : « Bourik ak chen » pou elèv yo. Li tèks la ak bon ton pou bay elèv yo egzanp.]

c. Lekti endividiyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Ekri non pèsonaj ki mache ak sa yo di nan chak fraz sa yo :
 - Mwen renmen pataje epi depi m kapab m ap ede w.
 - Mwen pa vle mal pou zanmi m, m toujou vle byen pou yo.
2. Ki sa Galo te genyen ?
3. Ki sa konpè chen te di Dezobeyi pou rivyè a ?
4. Èske Dezobeyi te koute konpè Chen ? Sa k rive l ?
5. Pou ki sa Dezobeyi al wè Galo aprè de jou ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Li rele **Kous cheval**. Tout timoun kanpe. M ap frape tablo a, nou chak ap imite kri yon cheval nou konnen. Ansuit m ap mande nou pou nou fè kèk jès pandan n ap fè kri cheval la. Nou pare ! [**Frapé tablo a, aprè sa dij**] :

Sote – Vire adwat – Vire agoch – Galope – Kanpe sèk – Aplodi

Aktivite 5 Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou **gwooup nominal**.

Nou dwe konnen

1. Yon **gwooup nominal** fòme ak youn oubyen plizyè mo ki akonpaye yon non.
2. Non an se mo ki pi enpòtan nan **gwooup nominal** la.

LESON 83

Kounye a, mwen pral ekri yon **gwooup nominal** aprè sa m ap di ki jan gwooup nominal la fòme.

Tou pa m

[*Ekri gwooup nominal la sou tablo a konsa : « kamyonèt Rita a. »*]

- M ap li gwooup nominal la : **kamyonèt Rita a.**
- [*Aprè sa di :*] Gwooup nominal sa a fòme ak twa mo. Li gen de non ak yon detèminan.
- M ap pase yon trè anba premye non an **kamyonèt**. Se non sa a ki pi enpòtan nan gwooup nominal la.
- M ap pase de trè anba dezyèm non an **Rita**. Non sa a jwe wòl konpleman non nan gwooup nominal la. Se li ki fè mwen wè de ki kamyonèt y ap pale.
- M ap sèke detèminan an **(a)**.
- Nan gwooup nominal sa a, premye non an (**kamyonèt**) se mo ki pi enpòtan an, dezyèm non an (**Rita**) jwe wòl konpleman non.

An n fè l ansanm

Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 83 a pou nou fè egzèsis # 1 an.

- An n li fraz la : **kamyonèt Rita a**
- [*Aprè sa di :*] Gwooup nominal sa a fòme ak twa mo. Li gen de non ak yon detèminan.
- An n pase yon trè anba premye non an **kamyonèt**. Se non sa a ki pi enpòtan nan gwooup nominal la.
- An n pase de trè anba dezyèm non an **Rita**. Non sa a jwe wòl konpleman non nan gwooup nominal la. Se li ki fè nou wè de ki kamyonèt y ap pale.
- An n sèke detèminan an **(a)**.
- Nan gwooup nominal sa a, premye non an (**kamyonèt**) se mo ki pi enpòtan an, dezyèm non an (**Rita**) jwe wòl konpleman non.

Tou pa nou

[*Li gwooup nominal ansanm ak elèv yo.*]

Liv Sabin nan

- [*Aprè sa di :*] Pase yon trè anba premye non an, de trè anba non ki jwe wòl konpleman non an aprè sa sèke detèminan an.
- [*Bay elèv yo 10 segonn.*]
- Kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

Aktivite 6 Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

b. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Egzèsis konpreyansyon

Nou pral fè yon egzèsis k ape de nou konprann tèks la pi byen. Ale nan egzèsis #4 la.

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 7 Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **yon kontin** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 83 a pou nou li kontin nan. Chak fwa nou rive sou mo ki gen trè anba li a, n ap di mo sa a pi fò. [*Li kontin nan pou bay elèv egzanp, aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li kontin nan pou kont yo.*]

Enpòtan

[Ekri pwezi ki nan paj lesion 85 nan liv elèv la sou tablo a. Mande elèv yo kopye li nan yon ti kaye. Aprè sa di yo pou yo byen aprann pwezi a lakay yo pou yo ka resite li nan klas la jou w ap fè lesion pwezi a.]

Sa nou te aprann nan lesion jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan lesion an ? **[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan lesion an.]**
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **gwooup nominal** ? **[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan lesion an.]**
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? **[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]**
4. **[Aprè sa di :]** Nou te li yon bèle tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèle tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Respè pou lòt yo

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen se yon bêt.

Mwen manje zèb ak fèy.

Mwen konn hanni.

Mwen pa cheval.

Mwen pa milèt.

Zorèy mwen long anpil.

Mwen kout epi mwen gwo.

Yo sele m pou ka pote chay.

Ki sa mwen ye ? (bourik)

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye leson an nou te pale sou **tèks naratif**. Kilès ki ka di m ki sa yon **tèks naratif** ye ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Nou te di tèks naratif la gen **evènman** ladan li. Kilès ki ka di m ki sa yon **evènman** ye ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Kilès ki ka di m ki mo ki pi enpòtan nan yon **gwooup nominal** ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Aktivite 1

Li mo kle leson an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 84 la. Li mo yo. [Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.].

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : ensiste

1. [Ekri fraz sa a sou table a. « Monik **ensiste** pou papa li montre li leson an. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]
 – Leve men nou si nou konnen mo **ensiste**.
 – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **ensiste** vle di nan fraz nou sot li a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **ensiste** vle di : **mande yon bagay plizyè fwa ak pèseverans**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **ensiste**. [Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]

b. Dezyèm mo a se : konsèy

1. [Ekri fraz sa a sou table a. « Emili koute **konsèy** paran li. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]
 – Leve men nou si nou konnen mo **konsèy**.
 – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **konsèy** vle di nan fraz nou sot li a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **konsèy** vle di : **pawòl saj ou di yon moun sou fason li ta dwe aji nan yon sitiayson**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **konsèy**. [Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.**Aktivite 3 Li tèks (12 minit) [Tit : Bourik ak Chen]**

Jodi a, nou pral li menm **tèks naratif** nou te li nan dènye leson an.

Nou dwe konnen

1. Yon **tèks naratif** se yon tèks kote yo rakonte yon seri evènman.
2. Evènman yo se tout sa ki pase anndan yon tèks naratif.
3. Evènman yo ka reyèl, sa vle di tout sa ki pase nan tèks la sanble aksyon ki ka rive tout bon vre.
4. Lè sa ki pase nan tèks la pa sanble aksyon ki ka rive tout bon vre, nou di evènman yo imajinè.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 84 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. [Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Si w t ap chanje tit istwa a ki sa w t ap mete ?
2. Kilès nan pèsonaj yo ou pi renmen ? Pou ki sa ?
3. Si w te nan plas Chen an ki konpòtman ou t ap genyen ?
4. Daprè ou èske Dezobeyi ap chanje ? Pou ki sa ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Li rele **E stati**. Tout timoun kanpe. Mwen pral mande nou fè plizyè jès youn dèyè lòt. Lè mwen di **estati** n ap kanpe sèk, san pale, san nou pa bouje kò nou. Nou pare !

Kanpe – Danse – E stati – Lonje men nou devan – Tramble kò nou – E stati

Aktivite 4

Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou **gwoup nominal**.

Nou dwe konnen

1. Yon **gwoup nominal** fòme ak youn oubyen plizyè mo ki akonpaye yon non.
2. Non an se mo ki pi enpòtan nan **gwoup nominal** la.

Kounye a, mwen pral ekri yon **gwooup nominal** aprè sa n ap di ki jan gwooup nominal la fòme.

Tou pa m

[Ekri gwooup nominal la sou tablo a konsa : « kamyonèt wouj Rita a. »]

- M ap li gwooup nominal la : **kamyonèt wouj Rita a.**
- **[Aprè sa di :]** Gwooup nominal sa a fòme ak kat mo. Li gen de non, yon adjektif kalifikatif ak yon detèminan.
- M ap pase yon trè anba premye non an **kamyonèt**. Se non sa a ki pi enpòtan nan gwooup nominal la.
- M ap sèke adjektif kalifikatif la **wouj**.
- M ap pase de trè anba dezyèm non an Rita. Non sa a jwe wòl konpleman non nan gwooup nominal la. Li fè mwen wè de ki kamyonèt y ap pale.
- M ap sèke detèminan an. **(a)**
- Nan gwooup nominal sa a, premye non an (**kamyonèt**) se mo ki pi enpòtan an, adjektif kalifikatif la (**wouj**) bay presizyon sou koulè kamyonèt la, dezyèm non an (**Rita**) jwe wòl konpleman non.

An n fè l'ansanm

Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 84 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

- An n li fraz la : **kamyonèt wouj Rita a**
- **[Aprè sa di :]** Gwooup nominal sa a fòme ak kat mo. Li gen de non, yon adjektif kalifikatif ak yon detèminan.
- An n pase yon trè anba premye non an **kamyonèt**. Se non sa a ki pi enpòtan nan gwooup nominal la.
- An n sèke adjektif kalifikatif la **wouj**.
- An n pase de trè anba dezyèm non an **Rita**. Non sa a jwe wòl konpleman non nan gwooup nominal la. Li fè nou wè de ki kamyonèt y ap pale.
- An n sèke detèminan an. **(a)**
- Nan gwooup nominal sa a, premye non an (**kamyonèt**) se mo ki pi enpòtan an, adjektif kalifikatif la (**wouj**) bay presizyon sou koulè kamyonèt la, dezyèm non an (**Rita**) jwe wòl konpleman non.

Tou pa nou

[Li dezyèm gwooup mo a ansanm ak elèv yo.]

Liv jòn Sabin nan

- **[Aprè sa di :]** Pase yon trè anba premye non an, sèke adjektif kalifikatif la, pase de trè anba non ki jwe wòl konpleman non an aprè sa sèke detèminan an.
- **[Bay elèv yo 10 segonn.]**
- Kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

Aktivite 5 **Egzèsis nan kaye (12 minit)**

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

b. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Chema tèks la

Kounye a, nou pral fè yon aktivite k ap ede nou jwenn enfòmasyon ki pi enpòtan nan tèks nou sot li a. M ap poze nou kèk kesyon. Pou chak kesyon, n ap ekri repons la nan yon ti bwat. Ale nan egzèsis # 4 la. [Ede elèv yo idantifye kote pou yo ekri repons yo. Aprè chak kesyon, pase verifye si elèv yo ekri repons yo nan plas yo.]

- Ekri tit istwa a.
- Ekri non tout pèsonaj nou jwenn nan tèks la nan ti bwat ki pou pèsonaj yo.
- Kèk kalite ak defo premye pèsonaj la genyen.
- Kèk kalite ak defo dezyèm pèsonaj la genyen.
- Ki kote pèsonaj yo ye ?
- Ki sa ki pase nan istwa a ?
- Ki sa pèsonaj yo fè ?
- Ki jan istwa a fini ?

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 6

Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **kèk fraz** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 84 la pou nou li fraz yo. Sonje byen gade siy ponktiyasyon ki nan chak fraz pou nou ka bay vwa nou ton ki mache ak yo. [Li fraz la pou bay elèv yo egzanp. Aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li fraz la pou kont yo.]

Enpòtan

[Raple elèv yo pou yo repase pwezi yo te kopye nan ti kaye a. Di yo pou yo byen prepare li pou yo ka patisipe nan konkou pwezi semèn nan.]

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? [Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **gwoup nominal** ? [Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? [Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]
4. [Aprè sa di :] Nou te li yon bèle tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèle tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Respè pou lòt yo**Devinèt (2 minit)**

N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen se yon bwason.

Yo bwè m tankou te.

Maten kou aswè.

Yo fè m ak dlo bouyi, ansuit yo ajoute

Poud mwen, aprè sa yo kole m

Ak yon grèg oswa

Nan yon aparèy espesyal.

Mwen gen koulè nwa.

Yo bwè m ak sik oswa san sik.

Yo konn bwè m ak lèt tou.

Ki sa mwen ye ? (kafe)

[*Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :]* Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye lesон an nou te pale sou **tèks naratif**. Kilès ki ka di m ki sa yon **tèks naratif** ye ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]

Nou te di tèks naratif la gen **evènman** ladan li. Kilès ki ka di m ki sa yon **evènman** ye ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]

Kilès ki ka di m ki jan yon **gwoup nominal** ka fòme ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]

Aktivite 1 Li mo kle lesон an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 85 la. Li mo yo. [*Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.*].

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : redonn

1. [Ekri fraz sa a sou table a. « Wout la redonn. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]
 - Leve men nou si nou konnen mo **redonn**.
 - Kilès ki ka di mwen ki sa mo **redonn** vle di nan fraz nou sot li a ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **redonn** vle di : **ki pa fasil, ki bay anpil traka.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **redonn**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

b. Dezyèm mo a se : demisyon

1. [Ekri fraz sa a sou table a. « Direktè a bay demisyon l. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]
 - Leve men nou si nou konnen mo **demisyon**.
 - Kilès ki ka di mwen ki sa mo **demisyon** vle di nan fraz nou sot li a ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **demisyon** vle di : **sa yon moun fè lè li bay vag oswa lè li kite yon travay.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **demisyon**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou **gwooup nominal**.

Nou dwe konnen

1. Yon **gwooup nominal** fòme ak youn oubyen plizyè mo ki akonpaye yon non.
2. Non an se mo ki pi enpòtan nan **gwooup nominal** la

Koute epi reponn ak pouz

Mwen pral li kèk fraz pou nou. Lè nou tandé yon fraz ki kòrèk n ap leve pouz nou anlè. Lè nou tandé yon fraz ki pa kòrèk mete pouz nou tèt anba.

Fraz yo

- Non an se mo ki pi enpòtan nan **gwooup nominal** la.
- Yon **gwooup nominal** ka fòme plizyè fason.
- Yon **gwooup nominal** ka fòme yon sèl fason.
- Yon **gwooup nominal** fòme ak youn oubyen plizyè mo ki akonpaye yon non.

Aktivite 4 Egzèsis nan kaye (12 minit)

a. Egzèsis gramè

Kounye a, nou pral fè egzèsis sou **detèminan**. Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 85 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

b. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

c. Òtograf

Nou pral koute epi ekri kèk fraz nan kaye nou. Ale nan egzèsis # 3 a. Koute fraz sa yo byen epi ekri yo kòrèkteman nan kaye nou.

Aprè eksperyans sa a, Dezobeyi aprann koute konsèy lòt yo. De jou aprè, dlo rivyè a vin plat. Dezobeyi al wè Galo. Li rakonte Galo jan li manke neye epi kòman konpe chen sove li.

d. Egzèsis konpreyansyon

Nou pral fè yon egzèsis k ape de nou konprann tèks la pi byen. Ale nan egzèsis #4 la.

e. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 5 Li tèks (20 minit) [Tit : Bourik la]

Tèks n ap li jodi a se yon **pwezi**.

Nou dwe konnen

1. Yon **pwezi** se yon tèks ki itilize mo ak bèle fraz pou eksprime emosyon, lide ak santiman moun ki ekril la.
2. Yon **emosyon** se sa ki fè yon moun santi li boulvèse oswa li kontan.
3. Yon **santiman** se sa yon moun santi anndan kè li.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj lesion 85 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. *[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]*

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Konkou pwezi

Moman konkou pwezi a rive. M ap chwazi kèk elèv pou vin resite pwezi a devan tout klas la. Pandan yon elèv devan an, tout rès klas la ap suiv san pale. *[Aprè chak elèv fin resite pwezi a, mande elèv yo bat yon gwo bravo pou li. Aprè sa, mande kèk elèv nan klas la pou yo di sa yo panse sou jan elèv la sot resite pwezi a.]*

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Ki kote yo ta prale ak bourik la ?
2. Ki sa abitan yo t ap fè pandan vwayaj la ?
3. Ki sa k ka rive si yon moun tonbe nan Kafou Lanmò ?
4. Daprè ou pou ki sa bourik la di non li p ap vanse.

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? **[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]**
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **gwoup nominal** ? **[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]**
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? **[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]**
4. **[Aprè sa di :]** Nou te li yon bèle tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèle tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Aprann pran inisyativ

Sa desen yo di (2 minit)

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon **bann desine**. Yon **bann desine** se yon seri desen yo itilize pou rakonte yon istwa.

Nou pral gade desen yo epi n ap li pawòl chak pèsonaj ki pale. [*Bay elèv yo 30 segonn.*]

Kounye a, nou pral di sa nou panse sou pawòl pèsonaj yo nan **bann desine** a.

Kilès ki, menm jan ak Maryo, konn deside fè yon travay k ap itil tout moun nan katye li ? Ki travay ?

[*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]

Èske nou dakò ak Rita lè li di netwaye kanal la se travay Lameri ? Pou ki sa ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]

Rapèl

Nan dènye lesон an an nou te pale sou **pwezi**. Kilès ki ka di m ki sa yon **pwezi** ye ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]

Nou te di yon pwezi konn eksprime **emosyon**. Kilès ki ka di m ki kalite **emosyon** yo ka eksprime nan yon pwezi ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]

Kilès ki ka di m ki jan yon **gwooup nominal** ka fòme ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]

Aktivite 1 Li mo kle lesон an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 86 la. Li mo yo. [*Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.*].

Aktivite 2 Vokabilè (12 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : **kalandriye**

1. [*Ekri fraz sa a sou tablo a. « Kalandriye aktivite yo pare. » Mande elèv yo li fraz la epi di :*]

– Leve men nou si nou konnen mo **kalandriye**.

– Kilès ki ka di mwen ki sa mo **kalandriye** vle di nan fraz nou sot li a ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]

2. Nan tèks nou pral li jodi a, **kalandriye** vle di : **tablo ki di ki jou ak lè yon seri aktivite ap fèt.**

3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **kalandriye**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

b. Dezyèm mo a se : jijdeliy

- [Ekri fraz sa a sou table a. « **Jijdeliy la leve drapo li pou li bay yon touch.** » Mande elèv yo li fraz la epi di :]
 - Leve men nou si nou konnen mo **jijdeliy**.
 - Kilès ki ka di mwen ki sa mo **jijdeliy** vle di nan fraz nou sot li a ? [**Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.**]
- Nan tèks nou pral li jodi a, **jijdeliy** vle di : **moun ki la pou ede abit la veye fot jwè yo fè pandan yon match foutbòl ap jwe.**
- Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **jijdeliy**. [**Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.**]

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Konpreyansyon (5 minit)

Nou pral li yon tèks ansanm. Anvan nou li tèks la, nou pral fè kèk egzesis k ap ede nou konprann tèks la pi byen.

a. Prediksyon daprè desen

Kounye a, nou pral sèvi ak desen ki mache avèk tèks la pou nou devine sa ki pral pase ladan I.

[Montre desen an epi di :]

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou ki sa tèks la pral pale. [**30 segonn**]
2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. [**30 segonn**]
3. Kilès ki ka di m sou ki sa li panse tèks la pral pale ? [**Chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou reponn kesyon an. Epi ekri repons yo bay yo sou table a.**]

b. Kontèks tèks la

Kounye a, nou pral reflechi sou kèk eleman k ap ede konprann tèks nou pral li jodi a.

Kesyon yo :

1. Kilès ki konn wè yon match foutbòl déjà ? [**Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.**]
2. Kilès ki ka di m ki wòl yon abit nan yon match foutbòl ? [**Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.**]
3. Èske jwè yo gen dwa fè bosal nan yon match foutbòl ? Pou ki sa ? [**Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.**]

Aktivite 4 Li tèks (12 minit) [Tit : Yon bèl chanpyona foutbòl]

Jodi a, nou pral li yon **tèks enfòmatif**.

Nou dwe konnen

1. Yon **tèks enfòmatif** se yon tèks ki bay enfòmasyon klè sou yon sijè.
2. **Enfòmasyon** yo se tout sa yo aprann oswa raple yon moun sou yon sijè.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 86 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. [**Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.**]

b. Koute tèks la

Kounye a, mwen pral li tèks la pou nou. Koute byen pou nou ka fè yon bon lekti aprè. [Pran liv elèv la. Li tèks : « Yon bèl chanpyona foutbòl » pou elèv yo. Li tèks la ak bon ton pou bay elèv yo egzanp.]

c. Lekti endividiyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Ki jan yo rele pèsonaj prensipal nan tèks la ?
2. Ki sa yo deside fè pou vakans pak la ?
3. Site tout sa komite a pral fè ?
4. Konbyen ekip ki enskri pou chanpyona a ?
5. Ki santiman moun sou katye a te genyen ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Li rele **Estatí**. Tout timoun kanpe. Mwen pral mande nou fè plizyè jès youn dèyè lòt. Lè mwen di **estati** n ap kanpe sèk, san pale, san nou pa bouje kò nou.

Kanpe – Danse – Eesti – Lonje men nou devan – Tranble kò nou – Eesti

Aktivite 5 Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou **gwoup vèbal**.

Nou dwe konnen

1. Yon **vèb** se yon mo ki eksprime yon aksyon ki ap fèt. **Vèb** la kapab eksprime tou nan ki eta yon moun, yon objè oubyen yon èt vivan ye.
2. Nan lang kreyòl, yon **gwoup vèbal** ka fòme ak yon vèb pou kont li oubyen ak yon vèb ki gen lòt mo aprè li.
3. **Vèb** la se mo ki pi enpòtan nan **gwoup vèbal** la.

LESON 86

Kounye a, mwen pral ekri kèk fraz aprè sa n ap idantifye **vèb** ki nan fraz yo.

Tou pa m

[*Ekri fraz sa a sou table a konsa : « Machin nan derape. »*]

- [Aprè sa di :]
 - M ap li fraz la : **Machin nan derape.**
 - M ap pase yon trè anba mo derape : **Machin nan derape.**
 - Mo **derape** se yon vèb paske se li ki fè nou wè aksyon ki fèt nan fraz la.
 - Nan fraz « **Machin nan derape.** », se vèb la (**derape**) poukont li ki jwe wòl gwoup vèbal la paske pa gen okenn mo ki vini aprè li.

An n fè l ansanm

Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 86 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

- An n li fraz la : **Machin nan derape.**
- [Aprè sa di :]
 - An n pase yon trè anba mo **derape** : **Machin nan derape.**
 - Mo **derape** se yon vèb paske se li ki fè nou wè aksyon ki fèt nan fraz la.
 - Nan fraz « **Machin nan derape.** », se vèb la (**derape**) poukont li ki jwe wòl gwoup vèbal la paske pa gen okenn mo ki vini aprè li.

Tou pa nou

[*Li fraz la ansanm ak elèv yo.*]

Elèv yo jwe.

- [Aprè sa di :]
 - Pase yon trè anba vèb ki nan fraz la. [*Bay elèv yo 10 segonn.*]
 - Kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

Aktivite 6 Egzèsis nan kaye (10 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

b. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Egzèsis konpreyansyon

Nou pral fè yon egzèsis k ape de nou konprann tèks la pi byen. Ale nan egzèsis #4 la.

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 7 Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **yon kontin** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 86 la pou nou li kontin nan. Chak fwa nou rive sou mo ki gen trè anba li a, n ap di mo sa a pi fò. [*Li kontin nan pou bay elèv egzanp, aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li kontin nan poukont yo.*]

Sa nou te aprann nan lesion jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan lesion an ? [***Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan lesion an.***]
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **gwoup vèbal** ? [***Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan lesion an.***]
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? [***Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.***]
4. [**Aprè sa di :**] Nou te li yon bèle tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèle tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Aprann pran inisyativ

Devinèt (2 minit)

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen se yon jwèt.

Mwen gen fòm won.

Mwen gen plizyè kawo.

Mwen gen yon vesi anndan m.

Yo ban m van pou mwen ka gwo.

Yo sèvi avè m pou jwe foutbòl.

Ki sa mwen ye ? (boul oswa balon)

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye lesон an nou te pale sou **tèks enfòmatif**. Kilès ki ka di m ki sa yon **tèks enfòmatif** ye ?
[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Nou te di tèks enfòmatif la dwe bay **enfòmasyon** klè sou yon sijè. Kilès ki ka di m ki sa yon **enfòmasyon** ye ?
[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Kilès ki ka di m ki mo ki pi enpòtan nan yon **gwooup vèbal** ?
[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Aktivite 1 **Li mo kle lesон an (2 minit)**

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 87 la. Li mo yo.
[Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.]

Aktivite 2 **Vokabilè (12 minit)**

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : **enskri**

1. *[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Manman Remi enskri li nan lekòl la. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]*

- Leve men nou si nou konnen mo **enskri**.
- Kilès ki ka di mwen ki sa mo **enskri** vle di nan fraz nou sot li a ?
[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

2. Nan tèks nou pral li jodi a, **enskri** vle di : **anrejistre non yon moun oswa non yon ekip pou patisipe nan yon aktivite.**

3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **enskri**.
[Bay elèv yo tan pou yo fe fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fe a. Epi bay fidbak.]

b. Dezyèm mo a se : reyinyon

1. [Ekri fraz sa a sou table a. « Beti ap patisipe nan reyinyon an. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]
 – Leve men nou si nou konnen mo **reyinyon**.
 – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **reyinyon** vle di nan fraz nou sot li a ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **reyinyon** vle di : **rankont yon gwoup moun fè pou yo ka diskite sou yon sijè.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **reyinyon**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.**Aktivite 3 Li tèks (12 minit) [Tit : Yon bèl chanpyona foutbòl]**

Jodi a, nou pral li menm **tèks enfòmatif** nou te li nan dènye lesion an.

Nou dwe konnen

1. Yon **tèks enfòmatif** se yon tèks ki bay enfòmasyon klè sou yon sijè.
2. **Enfòmasyon** yo se tout sa yo aprann oswa raple yon moun sou yon sijè.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj lesion 87 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. [*Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.*]

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Lekti endividylè

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Ki sa w konn fè pou vakans pak ?
2. Ekri fraz sa yo nan lòd selon sa ki pase nan istwa a :
 – Komite a planifye orè match yo.
 – Tout moun te byen kontan gade chanpyona a.
 – Komite a fè demach pou monte chanpyona a sou pye.
 – Gen sis ekip k ap jwe nan chanpyona a.
3. Èske w konn patisipe nan chanpyona ? Sa w konn fè ?
4. Èske w panse yo te chwazi yon bon epòk ? Pou ki sa ?
5. Si w te nan katye a ki konsèy ou t ap bay komite a ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Li rele **Kous cheval**. Tout timoun kanpe. M ap frape table a, nou chak ap imite kri yon cheval nou konnen. Ansuit m ap mande nou pou nou fè kèk jès pandan n ap fè kri cheval la. Nou pare ! **[Frapé table a, aprè sa di]** :

Sote – Vire adwat – Vire agoch – Galope – Kanpe sèk – Aplodi

Aktivite 4 Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou **gwooup vèbal**.

Nou dwe konnen

1. Yon **vèb** se yon mo ki eksprime yon aksyon ki ap fèt. **Vèb** la kapab eksprime tou nan ki eta yon moun, yon objè oubyen yon èt vivan ye.
2. Nan lang kreyòl, yon **gwooup vèbal** ka fòme ak yon vèb pou kont li oubyen ak yon vèb ki gen lòt mo aprè li.
3. **Vèb** la se mo ki pi enpòtan nan **gwooup vèbal** la.

Kounye a, mwen pral ekri yon fraz aprè sa m ap souliye **gwooup vèbal** la.

Tou pa m

[Ekri fraz sa a sou table a konsa : « Venèt plante manyòk. »]

- **[Aprè sa di :]**
- M ap li fraz la : **Venèt plante manyòk.**
- M ap pase de trè anba vèb la epi yon sèl trè anba mo ki vini aprè vèb la : **Venèt plante manyòk.**
- Mo **plante** se yon vèb paske se li ki fè nou wè aksyon ki fèt nan fraz la.
- Vèb la (**plante**) ak mo ki vini aprè li a (**manyòk**), fòme **gwooup vèbal** fraz la.
- Nan fraz sa a gwooup vèbal la gen de mo : **plante/ manyòk.**

An n fè l'ansanm

Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj lesion 87 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

- An n li fraz la : **Venèt plante manyòk.**
- An n pase de trè anba vèb la epi yon sèl trè anba mo ki vini aprè vèb la : **Venèt plante manyòk.**
- Mo **plante** se yon vèb paske se li ki fè nou wè aksyon ki fèt nan fraz la.
- Vèb la (**plante**) ak mo ki vini aprè li a (**manyòk**), fòme **gwooup vèbal** fraz la.
- Nan fraz sa a gwooup vèbal la gen de mo : **plante/ manyòk.**

Tou pa nou

[Li fraz la ansanm ak elèv yo.]

Rejinal pote sirèt.

- **[Aprè sa di :]**
- Pase de trè anba vèb la epi yon sèl trè anba mo ki vini aprè vèb la. **[Bay elèv yo 10 segonn. Aprè sa mande yon ti fi ak yon ti gason di ki mo ki nan gwooup vèbal la.]**
- Kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

Aktivite 5 Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

b. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Chema tèks la

Kounye a, nou pral fè yon aktivite k ap ede nou jwenn enfòmasyon ki pi empòtan nan tèks nou sot li a. M ap poze nou kèk kesyon. Pou chak kesyon, n ap ekri repons la nan yon ti bwat. Ale nan egzèsis # 4 la. *[Ede elèv yo idantifye kote pou yo ekri repons yo. Aprè chak kesyon, pase verifye si elèv yo ekri repons yo nan plas yo.]*

Ekri enfòmasyon sou yon aktivite nou ta renmen òganize

- Ki aktivite nou ta renmen òganize ?
- Ki lè nou vle òganize aktivite a ?
- Ki kote nou vle fè aktivite a ?
- Konbyen komite n ap kreye ?
- Ki sa chak komite ap fè ?

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 6**Li ak bon ton (3 minit)**

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **kèk fraz** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 87 la pou nou li fraz yo. Sonje byen gade siy ponktiyasyon ki nan chak fraz pou nou ka bay vwa nou ton ki mache ak yo. *[Li fraz la pou bay elèv yo egzanp. Aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li fraz la pou kont yo.]*

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]*
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **gwooup vèbal** ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]*
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]*
4. **[Aprè sa di :]** Nou te li yon bèle tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèle tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Aprann pran inisyativ**Sa desen yo di (2 minit)**

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon **bann desine**. Yon **bann desine** se yon seri desen yo itilize pou rakonte yon istwa.

Nou pral gade desen yo epi n ap li pawòl chak pèsonaj ki pale. [Bay elèv yo 30 segonn.]

Kounye a, nou pral di sa nou panse sou pawòl pèsonaj yo nan **bann desine** a.

Kilès ki ka di m sa li panse de Rita ki di li pral ranje pòt lakay li ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Kilès ki ka di m sa li panse de Maryo ki di Rita fi pa konn ranje pòt ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Rapèl

Nan dènye lesон an nou te pale sou **tèks enfòmatif**. Kilès ki ka di m ki sa yon **tèks enfòmatif** ye ?
[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Nou te di tèks enfòmatif la dwe bay **enfòmasyon** klè sou yon sijè. Kilès ki ka di m ki sa yon **enfòmasyon** ye ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Kilès ki ka di m ki mo ki pi enpòtan nan yon **gwooup vèbal** ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Aktivite 1

Li mo kle lesон an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 88 la. Li mo yo. [Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.].

Aktivite 2

Vokabilè (12 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : poulaye

1. [Ekri fraz sa a sou table a. « Polin mete anpil poul nan poulaye a. » Mande elèv yo li fraz la epi di :] – Leve men nou si nou konnen mo **poulaye**.

– Kilès ki ka di mwen ki sa mo **poulaye** vle di nan fraz nou sot li a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

2. Nan tèks nou pral li jodi a, **poulaye** vle di : **ti kay oswa kalòj yo fè pou poul rete**.

3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **poulaye**. [Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]

b. Dezyèm mo a se : pwojè

1. [Ekri fraz sa a sou table a. « Ameli gen pwojè achte yon bisiklèt. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]
 – Leve men nou si nou konnen mo **pwojè**.
 – Kilès ki ka di mwen ki sa mo **pwojè** vle di nan fraz nou sot li a ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]**
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **pwojè** vle di : **sa yon moun gen entansyon fè**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **pwojè**. **[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]**

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.**Aktivite 3 Konpreyansyon (5 minit)**

Nou pral li yon tèks ansanm. Anvan nou li tèks la, nou pral fè kèk egzesis k ap ede nou konprann tèks la pi byen.

a. Prediksyon daprè desen

Kounye a, nou pral sèvi ak desen ki mache avèk tèks la pou nou devine sa ki pral pase ladan l.

[Montre desen an epi di :]

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou ki sa tèks la pral pale. **[30 segonn]**
2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. **[30 segonn]**
3. Kilès ki ka di m sou ki sa li panse ki pral pase nan tèks la ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou reponn kesyon an. Epi ekri repons yo bay yo sou table a.]**

b. Kontèks tèks la

Kounye a, nou pral reflechi sou kèk eleman k ap ede konprann tèks nou pral li jodi a.

Kesyon yo :

1. Kilès ki ka di m yon pwojè li genyen ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**
2. Èske li bon pou yon moun fè pwojè ? Pou ki sa ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**
3. Èske ou reyalize yon pwojè ou te genyen déjà ? Ki pwojè li te ye ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**

Aktivite 4 Li tèks (12 minit) [Tit : zanmi pou]

Jodi a, nou pral li yon tèks enfòmatif.

Nou dwe konnen

1. Yon **tèks enfòmatif** se yon tèks ki bay enfòmasyon klè sou yon sijè.
2. **Enfòmasyon** yo se tout sa yo aprann oswa raple yon moun sou yon sijè.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 88 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. **[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]**

b. Koute tèks la

Kounye a, mwen pral li tèks la pou nou. Koute byen pou nou ka fè yon bon lekti aprè. **[Pran liv elèv la. Li tèks : « Zanmi pou » pou elèv yo. Li tèks la ak bon ton pou bay elèv yo egzanp.]**

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Kilès ki te zanmi pou l la ?
2. Ki rèv yo genyen ?
3. Ki sa yo bezwen pou fè poulaye a ?
4. Ak ki sa yo konstwi kalòj la ?
5. Pou ki sa paran yo te ba yo lajan ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Li rele **Estatí**. Tout timoun kanpe. Mwen pral mande nou fè plizyè jès youn dèyè lòt. Lè mwen di **estati** n ap kanpe sèk, san pale, san nou pa bouje kò nou. Nou pare !

Kanpe – Danse – E stati – Lonje men nou devan – Tramble kò nou – E stati

Aktivite 5 Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou **gwooup vèbal**.

Nou dwe konnen

1. Yon **gwooup vèbal** ka fòme ak yon vèb poukont li oubyen ak yon vèb ki gen youn oswa plizyè mo aprè li.
2. **Vèb** la se yon mo ki eksprime yon aksyon ki ap fèt. **Vèb** la kapab eksprime tou nan ki eta yon moun, yon objè oubyen yon èt vivan ye.

Kounye a, mwen pral ekri yon fraz aprè sa m ap souliye gwoup vèbal la epi m ap di ki sa ki nan gwoup vèbal la.

Tou pa m

[Ekri fraz sa a sou tablo a konsa : « Yonèl rekòlte mayi a. »]

- M ap li fraz la : **Yonèl rekòlte mayi a.**
 - **[Aprè sa di :]**
 - M ap pase yon trè anba gwoup vèbal la : **Yonèl rekòlte mayi a.**
 - Kounye a, m ap mete yon nimewo sou tèt chak mo nan gwoup vèbal la :
- | | | |
|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 |
|---|---|---|
- Yonèl **rekòlte mayi a.**
 - Gwoup vèval sa a fòme ak twa mo : mo **rekòlte** ki se vèb la ak de lòt mo (**mayi, a**) ki vini aprè vèb la.

An n fè l ansanm

Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 88 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

- An n li fraz la : **Yonèl rekòlte mayi a.**
 - **[Aprè sa di :]**
 - An n pase yon trè anba gwoup vèbal la : **Yonèl rekòlte mayi a.**
 - Kounye a, an n mete yon nimewo sou tèt chak mo nan gwoup vèbal la :
- | | | |
|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 |
|---|---|---|
- **Yonèl rekòlte mayi a.**
 - Gwoup vèval sa a fòme ak twa mo : mo **rekòlte** ki se vèb la ak de lòt mo (**mayi, a**) ki vini aprè vèb la.

Tou pa nou

[Li dezyèm fraz la ansanm ak elèv yo.]

Mona lave bisiklèt la.

- **[Aprè sa di :]**
- Pase yon tre anba tout gwoup vèbal la. Aprè sa mete yon nimewo sou tèt chak mo nan gwoup vèbal la. **[Bay elèv yo 30 segonn.]**
- Kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

Aktivite 6 Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

b. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Egzèsis konpreyansyon

Nou pral fè yon egzesis k ape de nou konprann tèks la pi byen. Ale nan egzèsis #4 la.

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 7 Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **yon kontin** yon fason ki entèresan. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 88 la pou nou li kontin nan. Chak fwa nou rive sou mo ki gen trè anba li a, n ap di mo sa a pi fò. **[Li kontin nan pou bay elèv egzanp, aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li kontin nan poukонт yo.]**

Enpòtan

[Ekri pwezi ki nan paj leson 90 nan liv elèv la sou tablo a. Mande elèv yo kopye li nan yon ti kaye. Aprè sa di yo pou yo byen aprann pwezi a lakay yo pou yo ka resite li nan klas la jou w ap fè leson pwezi a.]

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? **[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]**
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **gwoup vèbal** ? **[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]**
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? **[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]**
4. **[Aprè sa di :]** Nou te li yon bèle tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèle tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Aprann pran inisyativ

Davinèt (2 minit)

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Yo fè m ak planch.

Yo kouvri m ak tòl.

Mwen gen fòm kay.

Men mwen pa yon kay

Pou moun abite.

Mwen se yon kay poul grandi ak abite.

Ki sa mwen ye ? (poulaye)

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye lesон an nou te pale sou **tèks enfòmatif**. Kilès ki ka di m ki sa yon **tèks enfòmatif** ye ?
[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Nou te di tèks enfòmatif la dwe bay **enfòmasyon** klè sou yon sijè. Kilès ki ka di m ki sa yon **enfòmasyon** ye ?
[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Kilès ki ka di m ki sa yon **vèb** ka esplike ?
[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

Aktivite 1

Li mo kle lesон an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 89 la. Li mo yo.
[Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.]

Aktivite 2

Vokabilè (12 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : kale

1. *[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Manman poul Jòb la kale senk ze. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]*

– Leve men nou si nou konnen mo **kale**.

– Kilès ki ka di mwen ki sa mo **kale** vle di nan fraz nou sot li a ?
[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

2. Nan tèks nou pral li jodi a, **kale** vle di : **lè yon ti poul fèt aprè yon manman poul fin kouve yon ze.**

3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **kale**.
[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]

b. Dezyèm mo a se : inisyativ

1. [Ekri fraz sa a sou table a. « Ketan pran inisyativ ekri yon pyès teyat » Mande elèv yo li fraz la epi di :]
 - Leve men nou si nou konnen mo **inisyativ**.
 - Kilès ki ka di mwen ki sa mo **inisyativ** vle di nan fraz nou sot li a ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]**
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **inisyativ** vle di : **aksyon yon moun deside fè an premye.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **inisyativ**. **[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]**

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Li tèks (12 minit) [Tit : zanmi pou]

Jodi a, nou pral li menm **tèks enfòmatif** nou te li nan dènye lesion an.

Nou dwe konnen

1. Yon **tèks enfòmatif** se yon tèks ki bay enfòmasyon klè sou yon sijè.
2. **Enfòmasyon** yo se tout sa yo aprann oswa raple yon moun sou yon sijè.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj lesion 89 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. **[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]**

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Lekti endivididyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Ki lòt tit ou ta ka ba tèks la ?
2. Pou ki sa marasa yo pè pou bêt yo kase kòd ?
3. Èske w gen yon pwojè nan tèt ou ? Ki sa l ye ?
4. Daprè ou èske paran te byen fè fè lè yo ede marassa yo ? Pou ki sa ?
5. Ki santiman w panse marasa yo genyen lè rèv yo reyalize ? Pou ki sa ?

Aktivite Revèy (2 minit)

Nou pral fè yon jwèt kounye a. Li rele **Kous cheval**. Tout timoun kanpe. M ap frape table a, nou chak ap imite kri yon cheval nou konnen. Ansuit m ap mande nou pou nou fè kèk jès pandan n ap fè kri cheval la. Nou pare ! **[Frapé table a, aprè sa di]** :

Sote – Vire adwat – Vire agoch – Galope – Kanpe sèk – Aplodi

Aktivite 4 Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou **gwoup vèbal**.

Nou dwe konnen

1. Yon **gwoup vèbal** ka fòme ak yon vèb oubyen ak youn oubyen plizyè mo ki akonpaye vèb la.
2. **Vèb** la se yon mo ki eksprime yon aksyon ki ap fèt. **Vèb** la kapab eksprime tou nan ki eta yon moun, yon objè oubyen yon èt vivan ye.

Kounye a, mwen pral ekri yon fraz aprè sa m ap souliye gwoup vèbal la epi m ap di ki sa ki nan gwoup vèbal la.

Tou pa m



[*Ekri fraz sa a sou tablo a konsa : « Manman Tamara achte yon bél bisiklèt. »*]

- **M ap li fraz la : Manman Tamara achte yon bél bisiklèt.**
- **[Aprè sa di :]**
- M ap pase yon trè anba gwoup vèbal la: **Manman Tamara achte yon bél bisiklèt.**
- Kounye a, m ap mete yon nomewo sout tèt chak mo nan gwoup vèbal la :
- **Manman Tamara achte yon bél bisiklèt.** 1 2
3 4
- Gwoup vèval sa a fòme ak twa mo : mo **achte** ki se vèb la ak twa lòt mo (**yon, bél, bisiklèt**) ki vini aprè vèb la.

An n fè l ansanm



Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj lesion 89 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

- An n li fraz la : **Manman Tamara achte yon bél bisiklèt.**
- **[Aprè sa di :]**
- An n pase yon trè anba gwoup vèbal la : **Manman Tamara achte yon bél bisiklèt.**
- Kounye a, an nmete yon nomewo sout tèt chak mo nan gwoup vèbal la :
- **Manman Tamara achte yon bél bisiklèt.** 1 2
3 4
- Gwoup vèval sa a fòme ak twa mo : mo **achte** ki se vèb la ak twa lòt mo (**yon, bél, bisiklèt**) ki vini aprè vèb la.

Tou pa nou



[*Li dezyèm fraz la ansanm ak elèv yo.]*

Betina prete yon liv matematik.

- **[Aprè sa di :]**
- Pase yon tre anba tout gwoup vèbal la. Aprè sa mete yon nimewo sou tèt chak mo nan gwoup nominal la. **[Bay elèv yo 30 segonn.]**
- Kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

Aktivite 5 Egzèsis nan kaye (12 minit)

Nou pral kontinye fè egzèsis nan kaye nou.

a. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

b. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

c. Chema tèks la

LESON 89

Kounye a, nou pral fè yon aktivite k ap ede nou jwenn enfòmasyon ki pi enpòtan nan tèks nou sot li a. M ap poze nou kèk kesyon. Pou chak kesyon, n ap ekri repons la nan yon ti bwat. Ale nan egzèsis # 4 la.

[Ede elèv yo idantifye kote pou yo ekri repons yo. Aprè chak kesyon, pase verifye si elèv yo ekri repons yo nan plas yo.]

- Ki moun k ap fè pwojè a ?
- Ki jan de pwojè n ap fè ?
- Ki kote pwojè a ap fèt ?
- Ki pwoblèm nou vle rezoud ?
- Ki avantaj pwojè a gen ladan l ?
- Konbyen kòb n ap bezwen ?

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 6 Li ak bon ton (3 minit)

Anvan nou fini leson jodi a, nou pral li **kèk fraz** k ap ede nou pwononse mo yo byen. Tounen nan liv la. Ale nan paj leson 89 la pou nou li fraz yo. Chak fwa mwen leve men m pi wo n ap li fraz la pi vit epi ak plis fòs. *[Li fraz la pou bay elèv yo egzanp. Aprè sa mande yo li ansanm ak ou. Lè yo fin li ansanm, chwazi kèk elèv pou li fraz la poukont yo.]*

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]*
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **gwoup vèbal** ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]*
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]*
4. **[Aprè sa di :]** Nou te li yon bèle tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèle tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Aprann pran inisyativ

Davinèt (2 minit)

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen se yon plant.

Mwen donne anba tè.

Lè mwen rèk, yo keyi m,

Ansuit yo seche m.

Lè m byen sèch yo griye m.

Lè yo fin griye m yo moulen m.

Mwen fè bon jan manba.

Ki sa mwen ye ? (pistach)

[*Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :]* Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Rapèl

Nan dènye lesон an nou te pale sou **tèks enfòmatif**. Kilès ki ka di m ki sa yon **tèks enfòmatif** ye ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]

Nou te di tèks enfòmatif la dwe bay **enfòmasyon** klè sou yon sijè. Kilès ki ka di m ki sa yon **enfòmasyon** ye ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]

Kilès ki ka di m ki sa yon **vèb** ka esplike ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]

Aktivite 1 Li mo kle lesон an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 90 la. Li mo yo. [*Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.*].

Aktivite 2 Vokabilè (12 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : kontantman

1. [*Ekri fraz sa a sou tablo a. « Epòk nwèl se epò kontantman. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]*

– Leve men nou si nou konnen mo **kontantman**.

– Kilès ki ka di mwen ki sa mo **kontantman** vle di nan fraz nou sot li a ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]

2. Nan tèks nou pral li jodi a, **kontantman** vle di : **sa yon moun santi lè kè li kontan.**

3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **kontantman**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

b. Dezyèm mo a se : douvanjou

1. [Ekri fraz sa a sou table a. « Mèt la leve douvanjou pou li al travay. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]
 - Leve men nou si nou konnen mo **douvanjou**.
 - Kilès ki ka di mwen ki sa mo **douvanjou** vle di nan fraz nou sot li a ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **douvanjou** vle di : **byen bonè nan maten anvan solèy leve**.
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **douvanjou**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou **gwoup vèbal**.

Nou dwe konnen

1. Yon **gwoup vèbal** ka fòme ak yon vèb oubyen ak youn oubyen plizyè mo ki akonpaye vèb la.
2. **Vèb** la se yon mo ki eksprime yon aksyon ki ap fèt. **Vèb** la kapab eksprime tou nan ki eta yon moun, yon objè oubyen yon èt vivan ye.

Koute epi reponn ak pouz

Mwen pral li kèk fraz pou nou. Lè nou tande yon fraz ki kòrèk n ap leve pouz nou anlè. SLè nou tande yon fraz ki pa kòrèk.

Fraz yo

- **Vèb** la se mo ki pi enpòtan nan gwoup vèbal la.
- Yon **gwoup vèbal** ka fòme yon sèl fason.
- **Vèb** la kapab esplike nan ki eta yon moun, yon objè oubyen yon èt vivan ye.
- Yon **gwoup vèbal** ka fòme plizyè fason.
- **Vèb** la ka esplike aksyon ki fèt nan fraz la.

Aktivite 4 Egzèsis nan kaye (12 minit)

a. Egzèsis gramè

Kounye a, nou pral fè egzèsis sou **detèminan**. Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj leson 90 la pou nou fè egzèsis # 1 an. [*Montre elèv yo jan gimè yo fèt anvan ou kontinye.*]

b. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

c. Òtograf

Nou pral koute epi ekri kèk fraz nan kaye nou. Ale nan egzèsis # 3 a. Koute fraz sa yo byen epi ekri yo kòrekteman nan kaye nou.

Matin ak Adriyen vin gen yon gwo poulaye ki chaje ak poul. Depi lè sa a, yo kòmanse vann poul ak ze. Pwojè mesyedam yo vin yon reyalite !

d. Egzèsis konpreyansyon

Nou pral fè yon egzèsis k ape de nou konprann tèks la pi byen. Ale nan egzèsis #4 la.

e. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 5 la.

Aktivite 5 Li tèks (20 minit) [Tit : Yon bèl ti flè]

Tèks n ap li Jodi a, se yon pwezi.

Nou dwe konnen

1. Yon **pwezi** se yon tèks enteresan ki itilize mo ak bèl fraz pou eksprime emosyon, lide ak santiman moun ki ekril la.
2. Yon **emosyon** se sa ki fè yon moun santi li boulvèse oswa li kontan.
3. Yon **santiman** se sa yon moun santi anndan kè li.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj lesion 90 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. *[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]*

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Konkou pwezi

Moman konkou pwezi a rive. M ap chwazi kèk elèv pou vin resite pwezi a devan tout klas la. Pandan yon elèv devan an, tout rès klas la ap suiv san pale. *[Aprè chak elèv fin resite pwezi a, mande elèv yo bat yon gwo bravo pou li. Aprè sa, mande kèk elèv nan klas la pou yo di sa yo panse sou jan elèv la sot resite pwezi a.]*

LESON 90

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo youn aprè lòt.

Kesyon

1. Ki kote ti flè a ye ?
2. Ki sa k fè ti flè a balanse ?
3. Ki sa k pase lè van monte ?
4. Èske w renmen admire flè ? Pou ki sa ?

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? **[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]**
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **gwoup vèbal** ? **[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]**
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? **[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]**
4. **[Aprè sa di :]** Nou te li yon bèle tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèle tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Enpòtans distraksyon

Pale sou Imaj (2 minit)

Pou nou kòmanse leson jodi a, nou pral pale sou yon imaj. Nou pral gade imaj la aprè sa n ap di sa nou panse sou li. [Bay elèv yo 30 segonn.]

[Aprè sa di :] Kilès ki ka di m sa li wè nan imaj la ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak aprè sa di klas la sa ou panse sou imaj la.]

[Lè yo fin reponn di :] Kilès ki ka di m sa li panse sou imaj sa a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak aprè sa di klas la sa ou panse sou imaj la.]

Mwen kontan tandem jan nou pale sou imaj la.

Aktivite 1 Li mo kle leson an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 91 la. Li mo yo. [Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.]

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : distraksyon

1. [Ekri fraz sa a sou tablo a. « Komite katye a mete distraksyon nan zòn nan. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]

- Leve men nou si nou konnen mo **distraksyon**.
- Kilès ki ka di mwen ki sa mo **distraksyon** vle di nan fraz nou sot li a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

2. Nan tèks nou pral li jodi a, **distraksyon** vle di : **aktivite pou moun distrè yo, divèti yo**.

3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **distraksyon**. [Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]

b. Dezyèm mo a se : lokasyon

1. [Ekri fraz sa a sou tablo a. « Anit se direktris yon mezon lokasyon. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]

- Leve men nou si nou konnen mo **lokasyon**.
- Kilès ki ka di mwen ki sa mo **lokasyon** vle di nan fraz nou sot li a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

2. Nan tèks nou pral li jodi a, **lokasyon** vle di : **aktivite kote yon moun lwe yon kay, yon vezikil, yon aperèy**.

3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **lokasyon**. [Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

PERYÒD REVIZYON LESON 91

Aktivite 3 **Konpreyansyon (5 minit)**

Nou pral li yon tèks ansanm. Anvan nou li tèks la, nou pral fè kèk egzesis k ap ede nou konprann tèks la pi byen.

a. Prediksyon

Kounye a, nou pral sèvi ak desen ki mache avèk tèks la pou nou devine sa ki pral pase ladan I.

[Ekri tit sa a sou tablo a : Yon jounen lanmè.]

[Aprè sa di :] Sa a se tit tèks jodi a. Li tit la aprè sa mande tèt ou ki sa ki pral pase nan tèks la.

Kilès ki ka di mwen ki sa li panse ki pral pase nan tèks la ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.]**

b. Kontèks tèks la

Kounye a, nou pral reflechi sou kèk eleman k ap ede konprann tèks nou pral li jodi a.

Kesyon yo :

1. Kilès ki ka di m kèk aktivite yon lekòl ka òganize pou elèv yo amize yo ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**
2. Èske yon komite enpòtan nan planifikasyon yon fèt ? Pou ki sa ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**
3. Èske nou konn ale nan jounen bò lanmè déjà ? Ki kote nou konn ale ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**

Aktivite 4 **Li tèks (12 minit) [Tit : Yon jounen lanmè]**

Tèks nou pral li jodi a se yon **tèks naratif**.

Toujou sonje

1. Yon **tèks naratif** se yon tèks kote yo rakonte yon seri evènman.
2. Evènman yo se tout sa ki pase anndan yon **tèks naratif**.
3. Evènman yo ka reyèl, sa vle di tout sa ki pase nan tèks la sanble aksyon ki ka rive tout bon vre.
4. Lè sa ki pase nan tèks la pa sanble aksyon ki ka rive tout bon vre, nou di evènman yo imajinè.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj lesion 91 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. **[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]**

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Lekti endividyle

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo.

Kesyon

1. Ki distraksyon lekòl la òganize pou elèv yo ?
2. Ki wòl komite paran an genyen ?
3. Ki demach yo te fè ?
4. Pou ki sa yo anonse jounen pwomnad la twa semèn anvan dat la ?
5. Èske w renmen patisipe nan jounen pwomnad lekòl ou òganize ?

Aktivite 5 Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè revizyon sou kèk règ gramè nou te aprann nan lesон pase yo.

Nou dwe konnen

1. Yon **fraz minimal** se yon fraz ou pa ka redui. Si ou retire yon mo nan yon fraz minimal, fraz la p ap gen sans ankò.
2. Yon **fraz ki pa minimal** se yon fraz nou ka retire youn oubyen plizyè mo ladan li. Se yon fraz menm si nou retire youn oubyen plizyè mo ladan li, l ap toujou gen yon sans.

Koute epi reponn ak pouz

Mwen pral li kèk fraz pou nou. Lè fraz la minimal n ap mete pouz nou anlè. Si li pa minimal mete pouz nou tèt anba.

Fraz yo

- Jilyo kouri.
- Anèt etidye lesón li.
- Wilfrid plante zoranj.
- Katrin chita.

Jodi a, n ap fè yon aktivite sou **detèminan**.

Nou dwe konnen

1. Yon **detèminan** se yon mo ki mache ak yon non epi ki bay presizyon sou non an.
2. Yon **atik** se yon detèminan. Sa vle di, se yon mo ki mache ak yon non epi ki bay presizyon sou non an.
3. Nan lang kreyòl, **atik** yo se : **la, a, an, nan, lan, yo** ak **yon**.
4. Pi fò atik yo toujou vini aprè non yo. Se sèl **atik yon** ki vini anvan non an.

PERYÒD REVIZYON LESON 91

Koute epi reponn ak pou

Mwen pral li kèk non ak yon atik bò kote yo. Lè atik la byen itilize n ap mete pouz nou anlè. Si li mal itilize mete pouz nou tèt anba

Fraz yo

- Kabrit la
- Chen a
- Kaye an
- Kann nan
- Pyebwa a

Aktivite 6

Egzèsis nan kaye (12 minit)

a. Gramè

Kounye a, nou pral fè egzèsis nan kaye nou. Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj lesón 91 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

b. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

c. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 4 la.

Sa nou te aprann nan lesón jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan lesón an ? **[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan lesón an.]**
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **atik** ? **[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan lesón an.]**
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? **[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]**
4. **[Aprè sa di :]** Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Enpòtans distraksyon**Devinèt (2 minit)**

N ap kòmanse lesон jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen se yon espas bò lanmè.

Mwen chaje ak sab ak wòch galèt.

Mwen gen pye kokoye sou mwen,

Kannòt, filè sou mwen tou.

Mwen se kote moun vin benyen nan lanmè.

Vin jwe foutbòl oswa volebòl.

Ki sa mwen ye ? (plaj)

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Aktivite 1 Li mo kle lesон an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj lesон 92 la Li mo yo. *[Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.]*

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : mobilize

1. *[Ekri fraz sa a sou tablo a. « Elèv yo mobilize pou netwaye lakou lekòl la. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]*

– Leve men nou si nou konnen mo **mobilize**.

– Kilès ki ka di mwen ki sa mo **mobilize** vle di nan fraz nou sot li a ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

2. Nan tèks nou pral li jodi a, **mobilize** vle di : **rasanble fòs ou pou fè yon aktivite**.

3. Vire epi pale ak kamarak ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **mobilize**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

PERYÒD REVIZYON LESON 92

b. Dezyèm mo a se : kòdonatè

1. [Ekri fraz sa a sou tablo a. « Viktò se kòdonatè fèt la. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]
 - Leve men nou si nou konnen mo **kòdonatè**.
 - Kilès ki ka di mwen ki sa mo **kòdonatè** vle di nan fraz nou sot li a ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]**
2. Nan tèks nou pral li jodi a, **kòdonatè** vle di : **moun ki gen responsabilite pou òganize ak siveye dewoulman yon aktivite.**
3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **kòdonatè**. **[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]**

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 Konpreyansyon (5 minit)

Nou pral li yon tèks ansanm. Anvan nou li tèks la, nou pral fè kèk egzesis k ap ede nou konprann tèks la pi byen.

a. Prediksyon daprè desen

Kounye a, nou pral sèvi ak desen ki mache avèk tèks la pou nou devine sa ki pral passe ladan I.

[Montre desen an epi di :]

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou ki sa tèks la pral pale. **[30 segonn]**
2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. **[30 segonn]**
3. Kilès ki ka di m sou ki sa li panse tèks la pral pale ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou reponn kesyon an. Epi ekri repons yo bay yo sou tablo a.]**

b. Kontèks tèks la

Kounye a, nou pral reflechi sou kèk eleman k ap ede konprann tèks nou pral li jodi a.

Kesyon yo :

1. Èske li enpòtan pou yon moun respekte randevou li genyen ? Pou ki sa ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**
2. Kilès ki ka di m ki jan bò yon plaj ye ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**
3. Èske nan yon jounen lanmè dwe gen disiplin ? Pou ki sa ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**

Aktivite 4 Li tèks (12 minit) [Tit : Yon jounen lanmè]

Jodi a, nou pral li yon **tèks naratif**.

Toujou Sonje

1. Yon **tèks naratif** se yon tèks kote yo rakonte yon seri evènman.
2. Evènman yo se tout sa ki pase anndan yon **tèks naratif**.
3. Evènman yo ka reyèl, sa vle di tout sa ki pase nan tèks la sanble aksyon ki ka rive tout bon vre.
4. Lè sa ki pase nan tèks la pa sanble aksyon ki ka rive tout bon vre, nou di evènman yo imajinè.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj lesion 92 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. *[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]*

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Lekti endividyèl

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo.

Kesyon

1. Ki lè yo bay randevou pou pwomnad la ?
2. Konbyen bis ki pral mennen yo ?
3. Ki jan yo fè anbakman nan bis yo ?
4. Ki sa kòdonatè a fè pandan yo sou wout la ?
5. Èske w panse jan yo òganize a bon ? Pou ki sa ?

Aktivite 5 Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè revizyon sou kèk règ gramè nou te aprann nan lesion pase yo.

Toujou sonje

1. Yon **detèminan** se yon mo ki mache ak yon non epi ki bay presizyon sou non an.
2. Yon **atik** se yon detèminan. Sa vle di, se yon mo ki mache ak yon non epi ki bay presizyon sou non an.
3. Yon **detèminan posesif** se yon mo ki mache ak yon non epi ki fè nou wè yon bèt oswa yon objè se pou yon moun. Li ka fè nou wè tou relasyon ki genyen ant de moun.
4. Nan lang kreyòl, **detèminan posesif** yo se : **mwen, ou, li, nou**.

Koute epi reponn ak pouz

Mwen pral li kèk fraz pou nou. Lè nou tandé yon fraz ki kòrèk n ap leve pouz nou anlè. Lè nou tandé yon fraz ki pa kòrèk mete pouz nou tèt anba.

Fraz yo

1. Yon **detèminan** se yon mo ki mache ak yon non epi ki bay presizyon sou non an.
2. Yon **detèminan posesif** montre de ki moun, de ki bèt oswa de ki objè y ap pale.
3. Yon **detèminan posesif** fè nou wè yon bèt oswa yon objè se pou yon moun.
4. Detèminan posesif yo se : **sa a, sa yo**.
5. Detèminan posesif yo se : **mwen, ou, li, nou**.

PERYÒD REVIZYON LESON 92

Toujou Sonje

1. Yon **detèminan** se yon mo ki mache ak yon non epi ki bay presizyon sou non an.
2. **Detèminan demonstratif** yo plase aprè non yo pou montre de ki moun, de ki bêt oswa de ki objè y ap pale.
3. **Detèminan demonstratif** yo se : **sa a, sa yo.**

Koute epi reponn ak pouz

Mwen pral li kèk fraz pou nou. Lè nou tande yon fraz ki kòrèk n ap leve pouz nou anlè. Lè nou tande yon fraz ki pa kòrèk mete pouz nou tèt anba.

Fraz yo

- Yon **detèminan** se yon mo ki mache ak yon vèb.
- Yon **detèminan** se yon mo ki mache ak yon non epi ki bay presizyon sou non an.
- Detèminan demonstratif yo se: **mwen, ou, li, nou.**
- Detèminan demonstratif yo se : **sa a, sa yo**

Aktivite 6 Egzèsis nan kaye (12 minit)

a. Gramè

Kounye a, nou pral fè egzèsis nan kaye nou. Pran nan kaye egzèsis la. Ouvè li nan paj lesion 92 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

b. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

c. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 4 la.

Sa nou te aprann nan lesion jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan lesion an ? **[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan lesion an.]**
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **detèminan** ? **[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan lesion an.]**
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? **[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]**
4. **[Aprè sa di :]** Nou te li yon bèl tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèl tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Enpòtans distraksyon

Pale sou Imaj (2 minit)

Pou nou kòmanse leson jodi a, nou pral pale sou yon imaj. Nou pral gade imaj la aprè sa n ap di sa nou panse sou li. [Bay elèv yo 30 segonn.]

[Aprè sa di :] Kilès ki ka di m sa li wè nan imaj la ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak aprè sa di klas la sa ou panse sou imaj la.]

[Lè yo fin reponn di :] Kilès ki ka di m sa li panse sou imaj sa a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak aprè sa di klas la sa ou panse sou imaj la.]

Mwen kontan tande jan nou pale sou imaj la.

Aktivite 1 Li mo kle leson an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 93 la. Li mo yo. [Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.]

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : laplanch

1. [Ekri fraz sa a sou tablo a. « Direktè a laplanch paran yo sou jan jounen an ap pase. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]

- Leve men nou si nou konnen mo **laplanch**.
- Kilès ki ka di mwen ki sa mo **laplanch** vle di nan fraz nou sot li a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

2. Nan tèks nou pral li jodi a, **laplanch** vle di : **sa moun fè lè li kouche sou do nan lanmè oswa nan yon dlo dous san li pa plonje**.

3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **laplanch**. [Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]

b. Dezyèm mo a se : animasyon

1. [Ekri fraz sa a sou tablo a. « Didje a mete anpil animasyon nan fèt la. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]

- Leve men nou si nou konnen mo **animasyon**.
- Kilès ki ka di mwen ki sa mo **animasyon** vle di nan fraz nou sot li a ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]

2. Nan tèks nou pral li jodi a, **animasyon** vle di : **anbyans ki pote distraksyon ak kè kontan**.

3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **animasyon**. [Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 **Konpreyansyon (5 minit)**

Nou pral li yon tèks ansanm. Anvan nou li tèks la, nou pral fè kèk egzesis k ap ede nou konprann tèks la pi byen.

a. Prediksyon daprè desen

Kounye a, nou pral sèvi ak desen ki mache avèk tèks la pou nou devine sa ki pral pase ladan I.

[Montre desen an epi di :]

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou ki sa tèks la pral pale. **[30 segonn]**
2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. **[30 segonn]**
3. Kilès ki ka di m sou ki sa li panse tèks la pral pale ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou reponn kesyon an. Epi ekri repons yo bay yo sou table a.]**

b. Kontèks tèks la

Kounye a, nou pral reflechi sou kèk eleman k ap ede konprann tèks nou pral li jodi a.

Kesyon yo :

1. Kilès ki ka di mwen non yon plaj li konnen ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**
2. Èske li bon pou mande enfòmasyon lè ou rive nan yon zòn ? Pou ki sa ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**
3. Kilès ki konn gade yon match foutbòl deja ? Ki kote ? **[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]**

Aktivite 4 **Li tèks (12 minit) [Tit : Yon jounen lanmè]**

Tèks nou pral li jodi a se yon **tèks naratif**.

Toujou sonje

1. Yon **tèks naratif** se yon tèks kote yo rakonte yon seri evènman.
2. Evènman yo se tout sa ki pase anndan yon **tèks naratif**.
3. Evènman yo ka reyèl, sa vle di tout sa ki pase nan tèks la sanble aksyon ki ka rive tout bon vre.
4. Lè sa ki pase nan tèks la pa sanble aksyon ki ka rive tout bon vre, nou di evènman yo imajinè.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj lesон 93 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. **[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]**

b. Li de pa de

Nou pral li tèks la de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv epi, nan chak gwoup, youn ap li tèks la pou lòt.

c. Lekti endividyle

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo.

Kesyon

1. Ki sa yo fè lè yo rive sou plaj la ?
2. Kilès ki te lanse jounen an ? Ki sa l te fè ?
3. Ki aktivite ki te genyen ?
4. Pou ki sa kèk fanatik ekip 5èm te kriye ?
5. Si w te sou plaj la ki sa w t ap fè ? Pou ki sa ?

Aktivite 5 Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè revizyon sou kèk règ gramè nou te aprann nan lesон pase yo.

Toujou Sonje

1. Yon **adjektif kalifikatif** se yon mo ki mache ak yon non pou montre ki jan yon moun, yon bèt oswa yon objè ye.
2. **Adjektif kalifikatif** la kapab plase devan oswa dèyè mo li kalifye a.

Koute epi reponn ak pouz

Mwen pral li kèk fraz youn aprè lòt. Lè fraz la kòrèk n ap mete pouz nou anlè. Si li pa kòrèk n ap mete pouz nou tèt anba.

Fraz yo

- Yon **adjektif kalifikatif** se yon mo ki mache ak yon vèb.
- Yon **adjektif kalifikatif** se yon mo ki mache ak yon non.
- Yon **adjektif kalifikatif** montre ki jan yon moun, yon bèt oswa yon objè ye.
- **Adjektif kalifikatif** la ka plase sèlman devan non li kalifye a.

Nou dwe konnen

Kopleman non an se yon mo ki mache ak yon non pou konplete oswa presize sans non an.

Koute epi reponn ak pouz

Mwen pral li kèk fraz pou nou. Lè nou tande yon fraz ki kòrèk n ap leve pouz nou anlè. Lè nou tande yon fraz ki pa kòrèk mete pouz nou tèt anba.

Fraz yo

- Yon **kopleman non** se yon mo ki mache ak yon non pou konplete sans non an.
- Nan fraz : « **Kabrit Lèlèn nan ap manje zèb.** » mo **Lèlèn** se yon kopleman non.
- Nan fraz : « **Mari achte yon sak pwa.** » mo **achte** se yon kopleman non

Aktivite 6 Egzèsis nan kaye (12 minit)**a. Gramè**

Kounye a, nou pral fè egzèsis nan kaye nou. Pran nan kaye egzèsis la. Ouvè li nan paj lesón 93 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

PERYÒD REVIZYON LESON 93

b. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

c. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 4 la.

Sa nou te aprann nan leson jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan leson an ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan leson an.]*
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **adjektif kalifikatif ak konpleman non** ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan leson an.]*
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? *[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]*
4. **[Aprè sa di :]** Nou te li yon bèle tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bèle tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Enpòtans distraksyon**Devinèt (2 minit)**

N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen se yon bèle espas.

Mwen byen dekore.

Mwen fèt an bwa oswa an beton.

Mwen se kote moun achte manje

Epi chita pou yo manje.

Yo ka vin bwè tout kalite bwason tou.

Gras ak mwen pesnn pa manje nan lari.

Ki sa mwen ye ? (restoran)

[Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :] Mwen kontan wè nou tout te patisipe.

Aktivite 1 Li mo kle lesон an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 94 la. Li mo yo. *[Mande elèv yo li mo yo ansann. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.]*

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : restoran

1. *[Ekri fraz sa a sou table a. « Nou renmen manje nan restoran sa a. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]*

– Leve men nou si nou konnen mo **restoran**.

– Kilès ki ka di mwen ki sa mo **restoran** vle di nan fraz nou sot li a ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

2. Nan tèks nou pral li jodi a, **restoran** vle di : **kote yo prepare manje pou vann**.

3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **restoran**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

b. Dezyèm mo a se : enstale

1. *[Ekri fraz sa a sou table a. « Timoun yo enstale yo nan klas la. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]*

– Leve men nou si nou konnen mo **enstale**.

– Kilès ki ka di mwen ki sa mo **enstale** vle di nan fraz nou sot li a ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.]*

2. Nan tèks nou pral li jodi a, **enstale** vle di : **pran yon plas**.

3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **enstale**. *[Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.]*

PERYÒD REVIZYON LESON 94

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

Aktivite 3 **Konpreyansyon (5 minit)**

Nou pral li yon tèks ansanm. Anvan nou li tèks la, nou pral fè kèk egzesis k ap ede nou konprann tèks la pi byen.

a. Prediksyon daprè desen

Kounye a, nou pral sèvi ak desen ki mache avèk tèks la pou nou devine sa ki pral pase ladan I.

[Montre desen an epi di :]

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou ki sa tèks la pral pale. [30 segonn]
2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. [30 segonn]
3. Kilès ki ka di m sou ki sa li panse tèks la pral pale ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou reponn kesyon an. Epi ekri repons yo bay yo sou table a.]

b. Kontèks tèks la

Kounye a, nou pral reflechi sou kèk eleman k ap ede konprann tèks nou pral li jodi a.

Kesyon yo :

1. Kilès ki ka di m kèk jwèt moun ka fè nan yon plaj ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]
2. Kilès ki ka di m konbyen minit yon match foutbòl konn dire ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]
3. Èske ou panse li enpòtan pou patisipe nan tout aktivite lekòl ou ? Pou ki sa ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

Aktivite 4 **Li tèks (12 minit) [Tit : Yon jounen lanmè]**

Tèks nou pral li jodi a se yon **tèks naratif**.

Nou dwe konnen

1. Yon **tèks naratif** se yon tèks kote yo rakonte yon seri evènman.
2. Evènman yo se tout sa ki pase anndan yon **tèks naratif**.
3. Evènman yo ka reyèl, sa vle di tout sa ki pase nan tèks la sanble aksyon ki ka rive tout bon vre.
4. Lè sa ki pase nan tèks la pa sanble aksyon ki ka rive tout bon vre, nou di evènman yo imajinè

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la pou kont nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj lesion 94 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. [Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]

b. Koute tèks la

Kounye a, mwen pral li tèks la pou nou. Koute byen pou nou ka fè yon bon lekti aprè. [Pran liv elèv la, ale nan paj lesion 94 la.]

c. Lekti endividyle

Kounye a, m ap chwazi kèk elèv k ap li pou tout klas la. Pandan yon elèv ap li, tout rès klas la ap suiv san pale.

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo.

Kesyon

1. Ki sa yo fè aprè match la ?
2. Ki jan yo te organize manje a ?
3. Ki sa Direktè a te anonse a twazè ?
4. Pou ki sa yo di jounen an te enteresan men fatigan ?
5. Pou ki sa elèv yo di yo p ap bliye jounen an ?
6. Si w te la nan jounen an èske w t ap renmen l tou ? Pou ki sa ?

Aktivite 5 Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè revizyon sou kèk règ gramè nou te aprann nan lesон pase yo.

Nou dwe konnen

1. Yon **gwoup nominal** fòme ak youn oubyen plizyè mo ki akonpaye yon non.
2. Non an se mo ki pi enpòtan nan **gwoup nominal** la.

Koute epi reponn ak pouz

Mwen pral li kèk fraz youn aprè lòt. Lè fraz la kòrèk n ap mete pouz nou anlè. Si li pa kòrèk n ap mete pouz nou tèt anba.

Fraz yo

- Non an se mo ki pi enpòtan nan **gwoup nominal** la.
- Yon **gwoup nominal** ka fòme plizyè fason.
- Yon **gwoup nominal** ka fòme yon sèl fason.
- Yon **gwoup nominal** fòme ak youn oubyen plizyè mo ki akonpaye yon non.

Aktivite 6 Egzèsis nan kaye (12 minit)**a. Gramè**

Kounye a, nou pral fè egzèsis nan kaye nou. Retounen nan kaye egzèsis la, nan paj lesón 94 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

b. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

c. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 4 la.

PERYÒD REVIZYON LESON 94

Sa nou te aprann nan lesон jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan lesон an ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan lesон an.*]
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **gwoup nominal** ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan lesон an.*]
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason. Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.*]
4. [Aprè sa di :] Nou te li yon bél tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bél tèks. Nou prale ansam vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Enpòtans distraksyon**Devinèt (2 minit)**

N ap kòmanse leson jodi a ak yon devinèt. Sa vle di mwen pral li yon seri enfòmasyon epi n ap di m ki sa enfòmasyon sa yo reprezante. Koute byen pou nou ka reponn.

Mwen pa yon machin.

Mwen pa yon avyon.

Mwen pa yon elikoptè non plis.

Mwen mache a motè oswa ak vwal.

Mwen pote moun ak machandiz.

Mwen mache sou lanmè.

Ki sa mwen ye ? (bato)

[*Bay elèv yo tan pou yo reponn. Si yo pa jwenn bon repons la, ba yo repons ki nan parantèz yo. Aprè sa di :]* Mwen kontan wè nou tout te patisce.

Aktivite 1 Li mo kle lesон an (2 minit)

Kounye a, nou pral li mo byen vit. Pran liv la. Ouvè li nan paj leson 95 la. Li mo yo. [*Mande elèv yo li mo yo ansanm. Aprè sa mande 4 elèv (2 ti fi ak 2 ti gason) li mo yo pou kont yo.*].

Aktivite 2 Vokabilè (10 minit)

Anvan nou li tèks la, nou pral travay sou vokabilè.

a. Premye mo a se : vag

1. [*Ekri fraz sa a sou tablo a. « Vag lanmè a te fò anpil. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]*

– Leve men nou si nou konnen mo **vag**.

– Kilès ki ka di mwen ki sa mo **vag** vle di nan fraz nou sot li a ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]

2. Nan tèks nou pral li jodi a, **vag** vle di : **kantite dlo lanmè van pote**.

3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **vag**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

b. Dezyèm mo a se : farinay

1. [*Ekri fraz sa a sou tablo a. « Gen yon farinay lapli deyò a. » Mande elèv yo li fraz la epi di :]*

– Leve men nou si nou konnen mo **farinay**.

– Kilès ki ka di mwen ki sa mo **farinay** vle di nan fraz nou sot li a ? [*Chwazi yon ti fi ak yon ti gason epi bay fidbak.*]

2. Nan tèks nou pral li jodi a, **farinay** vle di : **lapli k ap degoute, ki pa tonbe fò**.

3. Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la pou nou fè yon lòt fraz ak mo **farinay**. [*Bay elèv yo tan pou yo fè fraz la epi chwazi yon ti fi ak yon ti gason pou li fraz yo te fè a. Epi bay fidbak.*]

c. Nou ka li definisyon mo sa yo nan liv nou tou.

PERYÒD REVIZYON LESON 95

Aktivite 3 Gramè (8 minit)

Jodi a, n ap fè revizyon sou kèk règ gramè nou te aprann nan leson pase yo.

Nou dwe konnen

1. Yon **gwoup vèbal** ka fòme ak yon vèb oubyen ak youn oubyen plizyè mo ki akonpaye vèb la.
2. **Vèb** la se mo ki pi enpòtan nan **gwoup vèbal** la.
3. **Vèb** la se yon mo ki esplike yon aksyon ki ap fèt. **Vèb** la kapab esplike tou nan ki eta yon moun, yon objè oubyen yon èt vivan ye.

Koute epi reponn ak pouς

Mwen pral li kèk fraz pou nou. Lè nou tandé yon fraz ki kòrèk n ap leve pouς nou anlè. Lè nou tandé yon fraz ki pa kòrèk mete pouς nou tèt anba.

Fraz yo

- Non an se mo ki pi enpòtan nan **gwoup vèbal** la.
- Vèb la se mo ki pi enpòtan nan **gwoup vèbal** la.
- Vèb la se yon mo ki ka esplike yon aksyon ki ap fèt.
- Yon **gwoup vèbal** ka fòme ak yon vèb ki akonpaye ak youn oubyen plizyè mo.

Aktivite 4 Egzèsis nan kaye (12 minit)

a. Gramè

Kounye a, nou pral fè egzèsis nan kaye nou. Pran nan kaye egzèsis la. Ouvè li nan paj leson 95 la pou nou fè egzèsis # 1 an.

b. Vokabilè

N ap fè egzèsis sou vokabilè kounye a. Ale nan egzèsis # 2 a.

c. Òtograf

Nou pral fè egzèsis k ap pèmèt nou ekri mo yo pi byen. Ale nan egzèsis # 3 a.

d. Pwodiksyon

Nou pral fè yon egzèsis k ap pèmèt nou ekri pwòp tèks pa nou. Ale nan egzèsis # 4 la.

Aktivite 5 Li pwezi (20 minit) [Tit : Lanmè]

Tèks nou pral li jodi a se yon **tèks naratif**.

Toujou Sonje

1. Yon **pwezi** se yon tèks enteresan ki itilize mo ak bèl fraz pou eksprime emosyon, lide ak santiman moun ki ekril la.
2. Yon **emosyon** se sa ki fè yon moun santi li boulvèse oswa li kontan.
3. Yon **santiman** se sa yon moun santi anndan kè li.

a. Li tèks la an silans

Nou pral li tèks la poukout nou an silans kounye a. Retounen nan liv la, nan paj leson 95 la pou nou li tèks la ak je nou san nou pa pale. *[Pase verifye si tout elèv yo ap li daprè konsiy ou bay la. Ou dwe asire w pa gen okenn elèv k ap bat bouch yo.]*

b. Li de pa de

Nou pral li pwezi a de pa de. Sa vle di nou pral fè gwoup de elèv kote youn ap li pwezi a pou lòt.

c. Konkou pwezi

Moman konkou pwezi a rive. M ap chwazi kèk elèv pou vin resite pwezi a devan tout klas la. Pandan yon elèv devan an, tout rès klas la ap suiv san pale. *[Aprè chak elèv fin resite pwezi a, mande elèv yo bat yon gwo bravo pou li. Aprè sa, mande kèk elèv nan klas la pou yo di sa yo panse sou jan elèv la sot resite pwezi a.]*

d. Li epi reponn kesyon

Nou pral li chak kesyon, aprè sa n ap reponn yo.

Kesyon

1. Site tout koulè lanmè ka genyen ?
2. Site tout mo ki gen rapò ak lanmè.
3. Ki sa dlo lanmè ka fè pou nou ?
4. Èske w renmen al nan lanmè ? Pou ki sa ?

Sa nou te aprann nan lesон jodi a (2 minit)

1. Kilès ki ka di m ki mo vokabilè nou te aprann nan lesón an ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo mo vokabilè ki defini nan lesón an.]*
2. Kilès ki ka di m ki sa li te aprann sou **gwoup vèbal** ? *[Bay fidbak epi raple elèv yo règ gramè ou te esplike nan lesón an.]*
3. Kilès ki ka di m ki sa li te pi renmen nan tèks nou te li jodi a ? *[Bay fidbak epi di elèv yo sa ou menm ou te pi renmen nan tèks la.]*
4. *[Aprè sa di :]* Nou te li yon bél tèks jodi a. Sonje nou ka ale nan bibliyotèk la pou nou li lòt bél tèks. Nou prale ansanm vandredi men nou ka ale pou kont nou anvan sa.

Modèl evalyasyon 1

Kokoye

Nou jwenn kokoye nan yon pyebwa ki rele pye kokoye. Genyen li toupatou ann Ayiti. Li fasil pou rekonèt. Li sanble ak pye palmis men li yon ti jan panche. Li donnen gwo grap ki gen anpil kokoye.

Nou fè plizyè bagay ak pye kokoye. Nou kouvri tonnèl, kay ak fèy yo. Ak ti bwa jòn ki nan mitan ti fèy yo nou fè panye, valiz, bèso pou ti bebe, kòbèy pou flè. Gen yon ti vwal ki mare gwo fèy yo nan pye a, li sanble ak yon twal sak, yo fè pantouf, valiz, tablo pou dekore kay avèk li.

Lè kokoye a ole nou bwè dlo a. Se yon bon bwason. Li dous san nou pa mete sik. Li fre san nou pa mete glas. Li pwòp byen fèmen nan bokal natirèl li. Se yon bon medikaman pou konbat chalè nan kò nou.

Lè kokoye a chèch, chè li byen di, tou blan. Nou fè tablèt ak li. Nou graje li pou nou fè lèt kokoye. Nou konn mete li nan manje. Nou fè lwil ak li tou. Gen peyi ki sèvi anpil ak lwil kokoye. Jamayik gen gwo izin ki fè lwil kokoye pou fè manje. Nan plizyè peyi Afrik, yo penyen cheve ak li.

Lè atis pent ap prezante Ayiti sou tablo, yo renmen mete yon pye kokoye.

Kesyon sou tèks la

I. Li chak kesyon, aprè sa reponn yo.

Kesyon

1. Ak ki pyebwa pye kokoye sanble ?
2. Ekri twa objè yo fè ak sa ki soti nan pye kokoye ?
3. Lè kokoye a chèch ki sa nou ka fè avèk li ?
4. Daprè tèks la, nan ki peyi ki gen izin lwil kokoye ?
5. Ki sa yo fè ak kokoye nan plizyè peyi Afrik ?
6. Pou ki sa daprè ou yo di kokoye se yon bon bwason ?
7. Èske kokoye se yon fui ki itil ? Pou ki sa ?

II. Souliye bon repons la.

Tèks sa a se yon :

1. Pwezi.
2. Tèks ki bay yon enfòmasyon.
3. Tèks ki rakonte yon istwa.
4. Tèks enjonktif.

III. Itilize fraz minimal sa yo pou ekri yon fraz ki pa minimal.

Kokoye itil.

Ketlin manje.

IV. Pami fraz sa yo, souliye sa ki gen detèminan demonstratif la.

1. Ki jwèt ou pi renmen ?
2. Nadin renmen jwe marèl.
3. Pou ki sa ou mete chapo sa a.

V. Nan chak fraz, konplete mo yo ak bon atik la.

la	an	nan	a
Enjenyè	konstwi bilding		
Ti gason	ap monte machin		

VI. Ekri twa fason yo ka itilize kokoye daprè tèks la.

1.
2.
3.

VII. Sèke tout mo ou ka mete atik nan aprè li.

pàn	gan	flann
mereng	bannann	peny

VIII. Ekri yon ti tèks pou di kijan kokoye itil. Esplike divès fason moun ka itilize kokoye.

Modèl evalyasyon 2

Gito

Mwen pa janm kapab blyie Gito. Li te pase yon sèl ane nan lekòl la, men mwen pa kwè ankenn elèv dwe blyie li. Nou te nan sisyèm ane ansanm. Se te wa klas la. Li te pi gran pase nou tout. Li te pi dezòd. Chak jou, Gito vini nan klas la ak yon jwèt pèsonn pa konnen oubyen pèsonn pa konn fè. Jwèt sa a genyen pou li pase nan men tout elèv, youn aprè lòt, pou yo manyen li, gade li, lonje li bay yon lòt elèv pa anba ban, lè mèt la vire tèt li lòt kote. Yon jou se te yon ralba. Ankenn elèv nan klas la pa te ko wè mòd ralba sa a : se avèk yon gwo bouchon boutèy Gito te fè li. Yon bouchon espesyal. Gito te fè bèl ti desensou ralba a avèk penti.

Yon lòt fwa se te yon ti kannòt an papye. Yon lòt fwa ankò, se te yon zwazo an jwèt : depi ou ba li chenn, li tonbe chante. Jou sa a, mèt la mache tout andedan klas la pou li jwenn elèv k ap fè bri a. Chak fwa li tandem chante a yon kote, li pa jwenn li lè li al chèche li : zwazo a gentan chanje men.

Men se te dènye fwa tou Gito te fè jwèt sa a : lè mèt la bouke chèche, li kanpe byen tris epi li rakonte ki sa yon mèt ye, jan travay li di, jan l ap fè efò pou li ede nou vin save. Depi lè sa a, se nan rekreyasyon Gito montre ti trezò li yo. Epi tout timoun vin travay pi byen, vin bay plis rannman nan klas la.

Kesyon sou tèks la

I. Li chak kesyon, aprè sa reponn yo.

Kesyon

1. Nan ki klas Gito te ye ?
2. Site de jwèt Gito te pote nan klas la ?
3. Ki sa mèt la te rakonte elèv yo ?
4. Ki dènye jwèt Gito te pote nan klas la ?
5. Èske li enpòtan pou elèv respekte pwofesè ? Pou ki sa ?
6. Ki sa ki rive, lè Gito te deside montre jwèt li yo nan rekreyasyon ?
7. Èske li bon pou elèv fè dezòdnan lekòl ? Pou ki sa ?

II. Souliye bon repons la.

Tèks sa a se yon :

1. Tèks ki rakonte yon istwa.
2. Tèks ki bay enfòmasyon.
3. Pwezi
4. Tèks ki pale de lavi yon moun.

III. Chèche nan tèks la de rezon ki fè yo di Gito se te wa klas la.

1.
2.

IV. Konplete fraz sa yo.

1. Yon tèks naratif se yon tèks ki	yon	
2. Yon lèt se yon mesaj	yon moun	bay yon lòt moun.

V. Ekri atik ki vini aprè chak mo.

gita	jwèt	katye	lekòl
sitwayen	pèsonaj	kann	paking

VI. Konplete chak fraz ak youn nan mo sa yo.

fonksyone	rimatis	savoure	tanperati
Mwa desanm rive	a pral chanje.		
Kò mwen ap byen	lè mwen pran vitamin.		
Wodlen ap	yon bon legim ak diri blan.		

VII. Nan chak fraz, pase yon trè anba gwoup nominalla. Aprè sa, antoure gwoup vèbal la.

1. Mario ak Jak etidye chak jou.
2. Elèv twazyèm ane yo aprann byen.

VIII. Ekri de fraz poudi ki sa ki ka rive yon elèv ki renmen fè dezòd epi ki pa janm swiv sa mèt la ap fè.

1.
2.

Modèl evalyasyon 3

Biwo Eta - sivil

Lè yon moun fèt manman li oubyen papa li dwe al di non li avèk dat li fèt nan biwo eta – sivil ki nan zòn li fèt la. Moun ki anchaje anrejistre non timoun nan se yon anpliwaye leta ki rele ofisyè - eta – sivil.

Gen ofisyè eta - sivil nan tout zòn peyi a. Yo gen gwo rejis lakay yo, sa vle di gwo kaye pou yo ekri non ak dat tout moun ki fèt, tout moun ki marye, tout moun ki divòse ak tout moun ki mouri. Ofisyè eta - sivil dwe fè travay yo byen pou moun pa gen pwoblèm lè yo bezwen yon papye enpòtan.

Chak de zan, ofisyè eta - sivil yo voye rejis yo nan achiv nasyonal Pòtoprens kote tout ayisen dwe jwenn non yo anrejistre ak tout lòt enfòmasyon sou yo : maryaj. Divòs...

Achiv nasyonal se yon biwo enpòtan. Si yon moun pèdi batiste li oubyen si li wè yon erè ladan, se nan achiv nasyonal li regle sa. Si yon moun pa anrejistre nan achiv se yon gwo pwoblèm pou li.

Kesyon sou tèks la

I. Li chak kesyon, aprè sa reponn yo.

Kesyon

1. Ki tit tèks la ?
2. Si yon moun gen erè nan batiste li ki kote pou l rezoud pwoblèm sa a ?
3. Kijan yo rele moun ki ap fè batiste yo ?
4. Nan ki vil achiv nasyonal la ye ?
5. Chak kilè ofisyè eta - sivil la voye rejis yo nan achiv nasyonal ?
6. Èske yon moun ki gen erè nan batistè li dwe korije erè a ? Pou ki sa ?
7. Èske daprè ou achiv nasyonal se yon biwo enpòtan ? Pou ki sa ?

II. Souliye bon repons la.

Tèks sa a se yon :

1. Tèks ki rakonte yon istwa
2. Tèks ki bay enfòmasyon.
3. Pwezi
4. Tèks ki pale de lavi yon moun.

III. Sèke adjektif kalifikatif ki nan chak fraz.

Renèl gen yon soulye nèf.

Valeri gen yon gwo valiz.

IV. Chwazi youn nan mo sa a yo pou konplete chak fraz.

kite	konpliman	kado	elimine
-------------	------------------	-------------	----------------

Felisite yon moun vle di fè li yon _____.

Woni efase oubyen li _____ yon liy ki trase sou tablo a.

V. Pase yon trè anba detèminan demonstratif la.

1. Sandal sa a se pou Magi.
2. Fig sa yo byen mi.

VI. Ekri mo ki gen rapò ak chak definisyon.

estann	jounalis	reklam	esponnsò
---------------	-----------------	---------------	-----------------

_____ Moun k ap sipòte yon aktivite

_____ Piblisite nan radyo

_____ Enstalasyon an bwa oubyen an metal

VII. Chwazi youn nan mo ki nan parantèz yo pou konplete chak fraz. Fraz la dwe gen sans.

Drapo a se _____ tout ayisyen. (lodyans – fyète)

N ap viv pi byen lè gen lòd ak _____. (dezòd – disiplin)

VIII. Ekri tout sa yon ofisyè eta – sivil ka ekri nan rejis li.

Rp

Modèl evalyasyon 4

Vaksen

Lè yon epidemi nan yon peyi, yon bann moun kapab genyen menm maladi a nan tout yon zòn. Lè konsa, gen anpil timoun ki absan lekòl poutèt maladi a epi l ap kontinye antre sou rès elèv yo grenn pa grenn. Yon pakèt maladi te konn touye timoun konsa lontan. Gen lòt maladi tou ki konn ravaje timoun nenpòt lè, san se pa epidemi ki genyen. Maladi sa yo rele koklich, malarya, tifoyid, tetanòs, difteri ak yon maladi touse yo rele maladi pwatrin. Pafwa gen yon timoun k ap fè yon vye touse ki vin mèg mèg. Detwa jou, moun pa wè li ankò. Se maladi touse ki tonbe sou li. Detwa jou, moun tandem rèl nan katye a : se timoun nan ki mouri.

Gen de lè, yon klou kapab pike yon timoun ; mikwòb ak salte antre nan blese a, timoun nan pran tetanus. Distans pou yo rive kay doktè ak li timoun nan mouri.

Kounye a, malè sa yo pa rive souvan ankò. Lamedsin prepare yon vaksen pou chak maladi sa yo. vaksen an, yon moun dwe pran li anvan maladi a antre sou li. Se yon pwoteksyon li ye. Menm si yon maladi ap fè ravaj nan yon katye moun ki vaksinen pou li p ap genyen maladi sa a.

Leta mete vaksen nan lopital, santdesante, pou moun ansent, tibebe, tout moun. Moun ki ale nan klinik prive, yo jwenn vaksen tou. Radyo ak televizyon toujou fè moun konnen lè gen epidemic, pou yo kapab al vaksinen.

Kesyon sou tèks la

I. Li chak kesyon, aprè sa reponn yo.

Kesyon

1. Ki mwayen leta konn itilize pou enfòme popilasyon an lè gen epidemi ?
2. Pou ki sa nou ka di vaksen an se yon pwoteksyon ?
3. Lè yon moun blese mikwòb ak salte antre ladan li, ki maladi li ka genyen ?
4. Ki sa ki konn rive nan lekòl yo lè gen epidemi ?
5. Ki sa ki ka pwoteje moun kont epidemi ?
6. Site kèk maladi ki te konn ravaje timoun ?
7. Kilè nou ka di gen epidemi ?

II. Nan chak fraz, sèke detèminan posesif la.

1. Janin mete kòsaj li nan valiz la.
2. Wonèl mete tenis li.

III. Souliye bon repons la.

Tèks sa a se yon :

1. Pwezi
2. Tèks ki bay yon enfòmasyon
3. Tèks ki rakonte yon istwa.
4. Byografi

IV. Souliye bon repons la.

Daprè istwa a :

1. « Yon vaksen pa ka pwoteje moun kont epidemi. »
2. « Yon moun ki pran vaksen pou yon epidemi p ap pran maladi a. »
3. « Yon moun dwe pran vaksen pandan maladi a sou li. »

V. Ekri yon prekosyon yon moun ki blese ka pran pou li pa gen tetanus.

Rp)

VI. Chwazi epi ekri bon repons la nan lis mo a pou konplete.

pant	detwi kolin	lodyans	pwomnad	montay
1.		yon ti mòn ki pa twò wo		
2.		bay blag		
3.		yon gwo mò		
4.		kraze, brize		

VII. Konplete fraz sa yo.

1. Yon	se yon tèks ki rakonte istwa lavi yon moun.
2. Yon detèminan	monstre de ki moun de ki bêt oswa de ki objè y ap pale

VIII. Chwazi mo ki kòrèk pamì mo sa yo pou konplete chak fraz.

vaksen	tetanòs	epidemic	nouvèl	jounalis
1.		pèmèt leta konbat		
2. Lè yon moun blese salte ak mikwòb ka fè li gen				
3. Radyo ak televizyon anonse yon				

Modèl evalyasyon 5

Tòbèk, 21 mas 2014

Mon chè Jan,

Ou konnen vakans la rive ! Se lè pou nou monte kap, manje mayi boukannen, benyen nan lanmè ak nan larivyè.

Ane sa a, papa m pwomèt mwen, I ap fè mwen jwi vakans la si mwen pase pou katriyèm ane a.

Mwen pa blyie ou Jan. Mwen mande papa mwen pèmisyon pou ou vini pase yon semèn ak mwen, li dakò.

Se pou fè mwen konnen kilè ou ap vini pou mwen kapab ale tann ou nan kafou tòbèk.

Salye tout fanmi ou pou mwen.

Zanmi ou,
Jozèf

Kesyon sou tèks la

I. Li chak kesyon, aprè sa reponn yo.

Kesyon

1. Kilès ki ekri lèt la ?
2. Kilès ki resevwa lèt la ?
3. Ki sa papa Jozèf pwomèt li si li pase ?
4. Nan ki vil Jozèfap viv ?
5. Pou ki sa Jozèf mande Jan pou li fè li konnen kilè I ap vini ?
6. Site kèk aktivite timoun konn fè pandan vakans

II. Souliye bon repons la.

Tèks sa a se yon :

1. Tèks ki rakonte yon istwa.
2. Tèks ki bay enfòmasyon.
3. Pwezi
4. Lèt
5. Biyografi

III. Chèche yon fraz eksklamatif nan tèks la aprè sa ekri li sou liy anba a.

Rp)

IV. Konplete fraz sa yo.

- | | |
|-------------------|--|
| 1. Yon | se yon mesaj ekri yon moun voye bay yon lòt |
| 2. Yon fraz | se yon fraz nou pa ka redui. |
| 3. Yon fraz ki pa | Se yon fraz ou ka retire youn oubyen |
| 4. | mo ladan.
non an se yon mo ki mache ak yon non pou konplete sans non an |

V. Pase yon trè anba tout mo nou ka mete atik a, la oubyen an dèyè mo sa yo.

1. Kafe
2. Klòch
3. Chen
4. Lakou

VI. Antoure lèt ki gen bon repons la.

Mo ki pi enpòtan nan gwoup nominal la se :

1. Vèb la
2. Non an
3. Adjektif la

VII. Men yon fraz.**Bòs Renèl bati kay la.**


Ekri gwoup vèbal la poukонт li. Aprè sa pase yon trè anba **vèb** la, de trè anba **non** an epi antoure **detèminan** an.

Rp)

VIII. Men yon fraz.**Bisiklèt kalin nan kouri vit.**

Ekri gwoup nominal la poukонт li. Aprè sa pase yon trè anba **non** an, de trè anba **konpleman** non an epi antoure **detèminan** an.

Rp)



Liv sa a fèt epi li pibliye an kolaborasyon avèk Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP) Gouvènman Ayisyen an, gras a yon èd ki soti nan ajans amerikèn U.S. Agency for International Development (USAID), nan kad Aktivite Rechèch Aplike Tout Timoun Ap Li – ToTAL, dapre kontra No. EHC-E-00-0004-00 pwogram èd USAID ki rele EdData II Technical and Managerial Assistance.

Novanm 2014